МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

Федеральное государственное бюджетное образовательное учреждение высшего образования «Кабардино-Балкарский государственный университет им. Х.М. Бербекова» (КБГУ)

Социально-гуманитарный институт
(наименование)

Кафедра кабардино-черкесского языка и литературы
(наименование)

СОГЛАСОВАНО

Руководитель образовательной программы _____ Н.Б. Бозиева

«____»_____20___ г.

УТВЕРЖДАЮ

Директор института _____ М.С. Тамазов

«____»_____20___ г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА ДИСЦИПЛИНЫ (МОДУЛЯ) «ИСТОРИЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ»

Направление подготовки
45.03.01 Филология

Профиль подготовки
Отечественная филология (Кабардино-черкесский язык и литература, русский язык и литература)

Квалификация (степень) выпускника
Бакалавр

Форма обучения
очная

Нальчик 2024

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ
Сертификат 00AF3CD5350461AF78E75D191E45B0C3AC
Владелец ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ "КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ УНИВЕРСИТЕТ ИМ. Х. М. БЕРБЕКОВА"
Действителен с 27.03.2024 по 20.06.2025

Рабочая программа дисциплины «История кабардино-черкесской литературы» / сост. Х.Т. Тимижев, Н.Б. Бозиева. – Нальчик: КБГУ, 2024. – 132 с.

Рабочая программа предназначена для студентов очной формы обучения по направлению подготовки 45.03.01 Филология, профиль «Отечественная филология. (Кабардино-черкесский язык и литература, русский язык и литератур)» II-VI семестров, 1-3 курсов

Рабочая программа составлена с учетом Федерального государственного образовательного стандарта высшего образования по направлению подготовки 45.03.01 Филология (уровень бакалавриата), утвержденного приказом Министерства науки и высшего образования Российской Федерации от 12 августа 2020 г. № 986.

Содержание

с.
1. Цель и задачи освоения дисциплины (модуля)……4
2. Место дисциплины (модуля) в структуре ОПОП ВО ...……..4
3. Требования к результатам освоения дисциплины (модуля).....…….4
4. Содержание и структура дисциплины (модуля)……...7
5. Оценочные материалы для текущего и рубежного контроля успеваемости и промежуточной аттестации …….....59
6. Методические материалы, определяющие процедуры оценивания знаний, умений, навыков и опыта деятельности..... 95
7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины (модуля)……103
7.1. Основная литература.....103
7.2. Дополнительная литература..... 103
7.3. Периодические издания.....103
7.4. Интернет-ресурсы..... 103
7.5. Методические указания по проведению различных учебных занятий, к курсовому проектированию и другим видам самостоятельной работы..... 107
8. Материально-техническое обеспечение дисциплины (модуля)……....118
9. Лист изменений (дополнений) в рабочей программе дисциплины.....122
10. Приложения

1. Цель и задачи освоения дисциплины (модуля)

Цели освоения дисциплины (модуля):

- изучение важнейших этапов развития литератур адыгского (кабардинского, адыгейского, черкесского) народа;
- освещение исторической динамики кабардино-черкесской литературы в контексте взаимодействия с литературами других этносов российской федерации;
- выявление эстетических моделей адыгских литератур в их эволюции, через закономерности утверждения идеалов, стереотипов и клише, базовых для определенных авторов и конкретных временных периодов.

В процессе изучения дисциплины ставятся и решаются следующие **задачи**:

- познакомить студентов-филологов с общей картиной развития кабардино-черкесской литературы в строгом соотнесении ее наиболее значимых фактов с изменчивым историко-культурным контекстом;
- выявить особенности мировоззрения художников адыгской словесности, многообразие вариаций условной образности в их произведениях;
- определить направление их творческой эволюции, особенности поэтики и проблематики наиболее значимых произведений, отношение адыгских писателей к различным художественным системам.

2. Место дисциплины (модуля) в структуре ОПОП ВО

Дисциплина «История кабардино-черкесской литературы» относится к обязательной части Блока 1 «Дисциплины (модули)» основной образовательной программы по направлению подготовки 45.03.01 Филология, профиль «Отечественная филология (Кабардино-черкесский язык и литература, русский язык и литература)».

К исходным требованиям, необходимым для изучения дисциплины «История кабардино-черкесской литературы» относятся знания, умения и виды деятельности, сформированные в процессе освоение дисциплины «Адыгское устное народное творчество».

Освоение является необходимой основой для последующего изучения дисциплин: «Литература родственных народов», «Основы художественно-эстетического единства адыгских литератур», «Филологический анализ текста», «История кабардино-черкесской литературной критики», «Методика преподавания кабардино-черкесского языка и литературы», «Основы адыгского стихосложения», «Драматургия в кабардино-черкесской литературе», «Художественно-документальная проза в кабардино-черкесской литературе», «Методология анализа и интерпретация художественного текста», «Национальные истоки и художественное своеобразие лирики А.П. Кешокова».

3. Требования к результатам освоения дисциплины (модуля)

В совокупности с другими дисциплинами профиля «Отечественная филология (Кабардино-черкесский язык и литература, русский язык и литература)» дисциплина «История кабардино-черкесской литературы» направлена на формирование следующих компетенций в соответствии с ФГОС ВО и ОПОП ВО по направлению подготовки 45.03.01 – Филология (уровень бакалавриата):

а) общепрофессиональных компетенций (ОПК):

– Способен использовать в профессиональной деятельности, в том числе педагогической, основные положения и концепции в области теории литературы, истории отечественной литературы (литератур) и мировой литературы; истории литературной критики, представление о различных литературных и фольклорных жанрах, библиографической культуре (ОПК-3);

Индикаторы достижения общепрофессиональной компетенций выпускника:

ОПК-3.1. Способен демонстрировать знания основных положений и концепций в области теории литературы, истории отечественной литературы; мировой литературы и

истории родной литературы; истории литературной критики, различных литературных и фольклорных жанров;

В результате освоения дисциплины студент должен:

ЗНАТЬ:

- основные положения и концепции в области литературоведения;
- историю национальной литературы;
- основные предпосылки возникновения и развития литературы;
- этапы развития кабардино-черкесской литературы;
- систему жанров, их функции, содержание и поэтику;
- фундаментальные понятия адыгской литературы;
- современное состояние кабардино-черкесской литературы;
- жанровые особенности литературных текстов;
- основные положения и концепции в области адыгских литератур;
- традиционные и инновационные методики сбора информации о литературных текстах и литературно-критических исследованиях;
- основную научную литературу по теме исследования.

УМЕТЬ:

- искать, понимать и анализировать научную литературу по литературоведению и смежным областям знания;
- применять на практике базовые навыки сбора и анализа литературных фактов, с использованием традиционных методов и информационных технологий;
- идентифицировать и анализировать категории художественного текста на материале текстов различных жанров;

ВЛАДЕТЬ:

- навыками корректного использования профессиональной терминологии и понятийного аппарата в области литературоведения;
- навыками анализа произведений;
- способностью применять знания в практической профессиональной сфере;
- глубоко разбираться в проблемах зарождения адыгских литератур, основных истоках их развития и особенностях их становления;

ОПК-3.4. Способен давать историко-литературную интерпретацию прочитанного

В результате освоения дисциплины студент должен:

ЗНАТЬ:

- историко-литературную интерпретацию прочитанного;
- разнообразные подходы к изучению художественного текста;
- литературные стили, стилистические приемы, схему интерпретации художественного текста закономерности и тенденции употребления тех или иных выразительных и изобразительных средств языка;
- основные теории и методы интерпретации художественного текста;

УМЕТЬ:

- интерпретировать прочитанное;
- анализировать и интерпретировать произведения кабардино-черкесской литературы с формулировкой аргументированных умозаключений и выводов;

ВЛАДЕТЬ:

- навыками интерпретации прочитанного;
- способностью филологического анализа текстов;
- комплексным подходом филологического анализа и интерпретации художественного текста;

ОПК-3.5. Способен определять жанровую специфику литературного явления

В результате освоения дисциплины студент должен:

ЗНАТЬ:

- жанровую специфику литературного явления

УМЕТЬ:

- определять жанровую специфику литературного явления.

ВЛАДЕТЬ:

- навыками определения жанровой специфики литературного явления

ОПК-3.6. Способен применять литературоведческие концепции к анализу литературных, литературно-критических и фольклорных текстов

В результате освоения дисциплины студент должен:

ЗНАТЬ:

- литературоведческие концепции анализа литературных, литературно-критических фольклорных текстов;
- приемы и методы литературоведческого анализа, позволяющие выделить тематику и проблематику произведения, нравственный пафос, система образов, особенности композиции, изобразительно-выразительные средства языка, художественная деталь.

УМЕТЬ:

- применять литературоведческие концепции к анализу литературных, литературно-критических и фольклорных текстов, в том числе, в педагогической деятельности;
- интерпретировать и производить литературоведческий анализ художественных произведений кабардино-черкесской литературы (тематика, проблематика, нравственный пафос, система образов, особенности композиции, изобразительновыразительны е средства языка, художественная деталь).

ВЛАДЕТЬ:

- навыками применения литературоведческих концепций к анализу литературных, литературно-критических и фольклорных текстов, в том числе, в педагогической деятельности;
- методиками проведения локальных исследований и литературоведческого анализа художественных произведений кабардино-черкесской литературы.

ОПК-3.7. Способен корректно осуществлять библиографические разыскания и описания

В результате освоения дисциплины студент должен:

ЗНАТЬ:

- библиографические разыскания и описания

УМЕТЬ:

- корректно осуществлять библиографические разыскания и описания;
- применять полученные знания при изучении других филологических дисциплин;
- выделять конкретные литературные факты в прикладной сфере профессиональной деятельности;
- пользоваться научной и справочной литературой, библиографическими источниками и современными поисковыми системами (в том числе указателями сюжетов и мотивов, путеводителями по фольклорным архивам, др.);
- представить результаты собственного исследования в виде письменных жанров научной коммуникации (научная статья, тезисы), размешать результаты собственных исследований на специализированных интернет-ресурсах;
- осваивать путем изучения научной литературы методы работы с тем или иным материалом;
- выбирать необходимую методику работы с собственным материалом;

– применять ту или иную методику для работы с аналогичным, но самостоятельно собранным материалом;

ВЛАДЕТЬ:

– навыками корректного осуществления библиографических разысканий и описаний.

4. СОДЕРЖАНИЕ И СТРУКТУРА ДИСЦИПЛИНЫ (МОДУЛЯ)

Таблица 1. Содержание дисциплины (модуля) «История кабардино-черкесской литературы», перечень оценочных средств и контролируемых компетенций

2-й семестр

"История кабардино-черкесской литературы 18-начала 20 века"

№	Наименование раздела/темы	Содержание раздела	Код контролируемой компетенции (или ее части)	Наименование оценочного средства
1	2	3	4	5[1]
РАЗДЕЛ I. ЛЪЭПКЪ ТХЫБЗЭ ЛИТЕРАТУРЭМ ИПЭ КЪИТ ЛЪЭХЪЭНЭР. XVIII–XIX ЛІЭЩІЫГЪУЭХЭМ				
1.	Хэзыгъэгъуазэ.	«Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» курсыр щхьэхуэу еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщаджыр, абы и мыхьэнэр, и мурад нэхъыщхьэр. Литературэмрэ лъэпкъ ІуэрыІуатэмрэ. ІуэрыІуатэр къызэрежьэр, жылагъуэ гъащІэм абы щигъэзащІэ къалэныр, и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр: цІыхубэм къагъэщІауэ зэрыщытыр, жьэрыІуатэу къэкІуэныр, зы хъыбарым е уэрэдым вариант зыбжанэ иІэнкІэ зэрыхъунур. Мифыр, лъэпкъым и дуней еплъыкІэм къигъэщІа миф хъыбархэр, ахэр дауэдапщэхэм пыщІауэ къызэрыкІуэр (дауэдапщэхэм пымыщІахэр, абы и щхьэусыгъуэхэр). Миф персонажхэмрэ сюжетхэмрэ, абыхэм ягъэзащІэ эстетикэ къалэнхэр, ахэр литературэм ухуэзышэ гъуэгуу зэрыщытыр. Художественнэ литературэмрэ гъуазджэмрэ (искусствэмрэ). Литературэр социальнэ къэхъугъэу зэрыщытыр: абы игъэзащІэ къалэнхэмрэ цІыхубэм и гъащІэм зэрыпыщІамрэ. Адыгэ литературэр къызэрежьар, абы хэкІыпІэ хуэхъуа щхьэусыгъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и къуэпсхэм зыщадз лъахэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэр: адыгэ литературэр XVIII–XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм (тхыбзэпэ усыгъэр, автор яІэу, ауэ жьэрыІуатэу ди деж къэсыжа хъыбархэр, новеллэхэр, лъэпкъ Іущыгъэхэр, уэрэдхэр, гъыбзэхэр); адыгэ литературэр XIX– XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм (тхыбзэ литературэм и щІэдзапІэр, усакІуэ-джэгуакІуэхэр, езыхэм зэхалъхьэжа алыфбейкІэ тхэуэ щытахэр, адыгэ узэщІакІуэхэр); къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX–XXI лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм (къэбэрдей-шэрджэс литературэр XX лІэщІыгъуэм и 20–50 гъэхэм; лъэпкъ литературэр 60–80 гъэхэм; литературэр 90 гъэхэм – XXI лІэщІыгъуэм и япэ илъэсипщІитІым). Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэмрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэмрэ: зэщхьу яхэлъымрэ зэрызэщхьэщыкІымрэ. Кавказ Ищхъэрэм	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

[1] В графе 5 приводятся планируемые формы текущего контроля: защита лабораторной работы (ЛР), выполнение курсового проекта (КП), курсовой работы (КР), расчетно-графического задания (РГЗ), домашнего задания (ДЗ) написание реферата (Р), эссе (Э), коллоквиум (К), рубежный контроль (РК), тестирование (Т) и т.д.

		щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэр: я ехъулIэныгъэхэмрэ къапэщыт къалэнхэмрэ. Лъэпкъ литературэхэм я зэпыщIэныгъэхэр: зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэр, абы пыщIа гугъуехьхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ. Адыгэ литературэм и ехъулIэныгъэхэмрэ къыпэщыт къалэнхэмрэ.		
2	Тхыбзэу щымыт япэ литературэ къэгъэщIыныгъэхэр	*Хэзыгъэгъуазэ.* Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуа тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и псыпэр ежьэным IуэрыIуатэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар, а Iуэхум къуэкIыпIэ, къухьэпIэ лъэныкъуэхэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэм я художественнэ щэнхабзэ къулейр зэрыхэлIыфIыхьар. Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ автор зиIэ жьэрыIуатэ Iуэтэжхэмрэ (новеллэхэмрэ). ЖьэрыIуатэ усыгъэ творчествэр лъэпкъым и художественнэ дуней лъагъукIэм и фIыгъуэ мыкIуэщIу зэрыщытыр, ар адыгэ тхыбзэ литературэм и къыхэкIыпIэ нэхъыщхьэ зэрыхъуар. Зы авторым е гупым яуса уэрэдхэр, гъыбзэхэр. Ахэр цIыхубэ творчествэм зэрыхэувэр. Апхуэдэхэр IуэрыIуатэ усыгъэм (пшыналъэм) къыхэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр. Литературэр къежьэнымкIэ, зиузэщIынымкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр. **Къэзанокъуэ Жэбагъы** (1685–1750). Лъэпкъ философ, узэщIакIуэ цIэрыIуэм и гъащIэмрэ и жылагъуэ IуэхущIафэхэмрэ. Лъэпкъхэр зэгурыIуэу, яку ныбжьэгъугъэ дэлъу зэдэпсэуным хуэунэтIауэ Къэзанокъуэм иIа Iуэху еплъыкIэхэр, абы хуэунэтIауэ хэку, къэрал мыхьэнэ зиIэ пщэрылъхэр игъэзащIэу зэрыщытар. Жэбагъы и цIэм пыщIауэ къэгъуэгурыкIуэ хъыбархэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. Прозэу къакIуэ а хъыбархэм литературэм и нэщэнэхэр зэрыхэплъагъуэр, абыхэм усыгъэм и хабзэхэр зэрыщытепщэр. Жылагъуэ зэхэтыкIэр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным теухуауэ Къэзанокъуэм иIа Iуэху еплъыкIэхэр къызыхэщ жьэрыIуатэ новеллэхэр: «Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ», «Жэбагъы захуэщ», «Жэбагъы и хъуэхъу», «Акъылыншэри лIари зэхуэдэщ», «IуэхуцIыкIу щыIэкъым», «Жэбагъы и уэсят», нэгъуэщIхэри. Къэзанокъуэм и псалъэгъэпсахэр. Авторым и философие гупсысэхэр абыхэм къазэрыхэщыр. IуэрыIуатэр литературэм хуэкIуэу зэрызиузэщIыр псалъэгъэпсахэм зэрахэплъагъуэр. **БжьыхьэлI (БжьыхьэлIокъуэ) Лиуан** (XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэ ныкъуэ). АдыгэлI щэджащэм и гъащIэм теухуауэ тхыдэтххэм ятхыжахэмрэ IуэрыIуатэм къыхэна хъыбархэрхэмрэ. «Лиуан жиIат» жаIэу, адыгэхэм къадекIуэкI Iущыгъэхэр. Абыхэм я тематикэр, гъэпсыкIэр, сюжетым и пкъыгъуэу хэплъагъуэхэр. Къэхъуну-къэщIэнухэр къэзыщIэф тхьэгурымагъуэм и псалъэгъэпсахэмрэ лъэпкъ псалъэжьхэмрэ. **Тау (Таукъуэ) Лъэпщыкъуэ** (XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэ ныкъуэ). ДжэгуакIуэ-уэрэдусыр щыпсэуа лъэхъэнэм, езым теухуауэ тхыдэм къыхэнахэмрэ IуэрыIуатэм къыхэщыжхэмрэ. Тхыдэ къэхъугъэхэр зи лъабжьэ лъэпкъ IуэрыIуатэр. «Къэбэрдей жэщтеуэм и уэрэд»: и тхыдэр, и зэхэлъыкIэр, и бзэр. Адыгэхэр «Мазибл зауэжькIэ» зэджэм и къекIуэкIыкIар уэрэдым къызэрыхэщыжымрэ абы теухуауэ тхыдэтххэм къахутэжахэмрэ.	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		Лъэпщыкъуэ зи пашэ гупыр уэрэдым зэрелэжьар, дэтхэнэми иусар абы зэуІу зэрищІыжар, зауэм лІыгъэ щызезыхьа лъэпкъ лІыхъужьхэм я цІэхэр зэрыхигъэхьэжар. Уэрэдым и гъэпсыкІэр, адыгэ усэ гъэпсыкІэм и щэнхэу уэрэдым хэплъагъуэхэр. ЗэраІуатэ-зыгъэлъагъуэ Іэмалхэм усыгъэм щагъэзащІэ къалэнхэр.		
3.	УсакІуэхэр, усакІуэ-джэгуакІуэхэр	**Выкхъэ Шухьиб (Шухьэиб)** (1833–1900). УсакІуэ-уэрэдусым теухуа псалъэ. Выкхъэ Шухьиб уэрэдусу, ІуэрыІуэдзу, кІуэрыкІуэм тету (экспромт) усэ сатырхэр зэхилъхьэу зэрыщытар. УсакІуэм и ауан уэрэдхэмрэ усэхэмрэ («КІэтІырэ», «ПащІэрывэ», «Ещрокъуэ и хъуэн»), жанркІэ ахэр зыщыщыр. Усэхэр зытеухуар, псэущхьэхэм я образхэмкІэ цІыхухэм яхэлъ хьэл-щэн мыхъумыщІэхэм гу зэрылъыдигъатэр, ауан ищІкІэрэ ахэр зэханэну къызэрыхуриджэр. Шухьиб и усэхэм я гъэпсыкІэкІэ басня жанрым зэрыпэгъунэгъур, абыхэм диалогыр, литературэ троп зэхуэмыдэхэр къызэрыщыгъэсэбэпар. Выкхъэ Шухьиб и усэхэм лъэпкъ тхыбзэ литературэр къэунэхунымкІэ яІа мыхьэнэр. **Абазэ Къамбот Мусэ и къуэр** (1837–1900). УсакІуэ-джэгуакІуэм теухуа псалъэ. Абазэ Къ. щыпсэуа лъэхъэнэр. Урысейм и администрацэ хабзэхэмрэ адыгэхэм я псэукІэ-зэхэтыкІэмрэ къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэ гъэхэр джэгуакІуэм и усыгъэхэм къызэрыхэщыр. «Къамбот и тхьэусыхэм» («ГъущІ гъуэгум и уэрэд») усакІуэм цІыхубэм и гукъеуэр къызэрыщиІуатэр, ар усыгъэм социальнэ лъабжьэ зэрыхуэхъуар. «Къамбот и тхьэусыхэм» и варианту щыІэхэр, абы щыщхэр «Сэрмахуэ» цІыхубэ уэрэдым хэпхъауэ къызэрыкІуэр, тІуми зы макъамэ яІэу зэрыщытым и щхьэусыгъуэхэр. ЩІагъыбзэ зыщІэлъ, ауан уэрэдхэмрэ усэхэмрэ: «Пхъэм и дауэр», «Бызыгыжьым и усэ», «Къамбот и мэкъуауэгъухэр ауан ещІ» усэхэр. Абыхэм социальнэ унэтІыныгъэ зэраІэр, цІыхухэм я гурыгъу-гурыщІэхэр къаІуатэу зэрыщытыр. ЦІыхур гъэлъэпІэныр, зыхэпсэукІ гъащІэр егъэфІэкІуэныр Абазэм и усыгъэм тепщэ зэрыщыхъуар, а гупсысэр иужькІэ къэунэхуа усакІуэ-джэгуакІуэхэм (Агънокъуэ Л., Мыжей С., Сыжажэ Къ., ПащІэ Б., Къэжэр И.) сымэ гъуазэ зэрахуэхъуар. **Агънокъуэ Лашэ (Адэлджэрий) Уэсмэн и къуэр** (1851–1918). УсакІуэ-джэгуакІуэм теухуа псалъэ. ІуэрыІуатэмрэ автор усыгъэмрэ. Агънокъуэ Л. и усэхэр адрей усакІуэхэм я усыгъэхэм къазэрыщхьэщыкІыр. ЦІыхубэ гупсысэр езы усакІуэм и Іуэху еплъыкІэм къызэрыригъэзэгъыр («Агънокъуэм насыпым хужиІар», «Агънокъуэр Анзорхэ я пхъум зэрыхуэусар», «КъыщагъэпцІам Агънокъуэм жиІар», н.). УсакІуэр захуэм, хейм къащхьэщыжу, мыхъумыщІагъэ, къуаншагъэ зылэжьхэм ерыщу япэщІэувэу зэрыщытар. Абы и усэ сатырхэмкІэ жылагъуэм иджыри хуитыныгъэ нэс щызылъымыса бзылъхугъэр зэригъафІэр («Агънокъуэр и щхьэгъусэм зэрыхуэусар», «Агънокъуэм цІыхубзыр зэригъэлъэпІар», «Агънокъуэм цІыхубзхэм яхужиІар», «Ди нысэ фо», «Лашэ хъыджэбз хьэщІэм жриІар», н.). Зэманым къемызэгъыжу адыгэ хабзэм, диным, къэрал унафэ щІыкІэхэм хилъагъуэхэр Агънокъуэм сэтей къызэрищІ усэхэр («Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ», «КІэзонэжь», «Агънокъуэм уазым хужиІэгъар», н.). Агънокъуэр адрей усакІуэ-джэгуакІуэхэм къащхьэщызыгъэкІыу щыта щэнхэр: кІуэрыкІуэм тету усэ	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

зэхилъхьэфу, зи пэжагъым шэч къытрамыхьэж лъэпкъ хабзэхэм нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтыфу зэрыщытар. Философие гупсысэ зыщIэлъ усэхэр («Дунейр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ», «Агънокъуэм нэпсым хужиIар», «Агънокъуэр кхъужьеижьым зэрыхуэусар», «Агънокъуэм лIэныгъэм хужиIар», н.) УсакIуэм и образ къэгъэщIыкIэр, и усэ гъэпсыкIэр, и бзэр.

Агънокъуэ Л. и усэ нэхъыфIхэу цIыхубэм гукIэ зэрахьэу къекIуэкIахэр: «Шэрэдж», «Агънокъуэм лIэныгъэм хужиIэгъар», «Агънокъуэр Урыху зэрыхуэусар», «Агънокъуэм щIалэ цIыкIум жриIар», «Агънокъуэм гъащIэм хужиIар», «Агънокъуэм и шым хужиIэжар», н. Ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэшхуэу зэрыщытыр.

Агънокъуэ Лашэ и псалъэгъэпсахэр.

ЦIыхубэ усакIуэ-джэгуакIуэшхуэм и творчествэр зэхуэхьэсыжыным, джыным, къыдэгъэкIыным елэжьа щIэныгъэлIхэр.

Мэсей Исуп (*И адэм и цIэр къытхуэгъуэтакъым, щыпсэуар XIX лIэщIыгъуэрщ*). ДжэгуакIуэм теухуа псалъэ.

Гъыбзэмрэ цIыхубэ уэрэдымрэ: «Къущхьэ Жамботрэ Екъубрэ я тхьэусыхэр» зыхыхьэ жанрыр. Гъыбзэр зытеухуа IуэхугъуэхэР къыщыхъуа лъэхъэнэр. Лей зезыхьэм къызэрыщIэмыкIуэнур абы и гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уи фIэщ зыщI образхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ.

Гъыбзэм и гъэпсыкIэр, и бзэр, макъамэр.

Мыжей Сэхьид МытIыр и къуэр (1856–1949). УсакIуэ-джэгуакIуэм теухуа псалъэ.

Мыжей Сэхьид и уэрэдхэр («Уэдобнэ джабэ», «Нысашэ уэрэд») зытеухуар, я гъэпсыкIэр. ДжэгуакIуэм и уэрэдхэми усэхэми («Ди анэжь», «Ди Iэнэжь», «Гъурагужь», «Къурмэн», «Сэхьид и къеблагъэ жыIэкIэ», «Дыщэхъан», «Анэшхуэр мэбзэрабзэ», «Молэм и уаз», «Лашын», «Аргъуей», «Сэхьид и гушыIэ») ауан щабэ зэрыщIэлъыр, ахэр цIыху щхьэхуэхэм зэрытеухуар, абыхэм я хьэлым мыхъумыщIагъэу хилъагъуэхэр гушыIэ псалъэкIэ сэтей къызэрищIыр.

Мыжейм С. и усэ гъэпсыкIэр. IуэрыIуатэм и Iэмалхэр авторым къызэригъэсэбэпыр. Абыхэм жьэрыIуатэ усэ гъэпсыкIэмрэ иджырей тхыбзэ усэ гъэпсыкIэмрэ зэхэгъэшыпсыхьауэ къызэрыщыкIуэр.

УсакIуэм и бзэр, зэраIуатэ-зыгъэлъагъуэ Iэмалхэм усэхэм щаубыд увыпIэр.

Сыжажэ Къылшыкъуэ Аслъэнбэч и къуэр (1863–1945). УсакIуэ-джэгуакIуэм теухуа псалъэ.

УсакIуэ-джэгуакIуэу къежьэу профессионал гъуазджэм хыхьэжахэм Сыжажэр зэращыщыр. Сыжажэм и уэрэдхэр («ЦIыкIуэ къуий и уэрэд», «Куп Сурэт и тхьэусыхэ», «Астемырыкъуэм и уэрэд») зытеухуар, я гъэпсыкIэр.

Усэхэр («Хуэмгъуэт и хъуэн», «Ашэбейм я хъуэн», «Нэф къэзыгъэщIри нэфщ», «IэщIагъэ дахэ», «Тхьэусыхафэ», «Пхъум и хъуэхъу», «Ажэм игъэщтахэм я хъуэн», «Джэдым и хъуэхъу», «Къылшыкъуэ хьэжрэтым зэрелъэIуар», «Гыбзэ»).

Адыгэ усэ гъэпсыкIэмрэ Сыжажэм и усэ ухуэкIэмрэ. И гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр усакIуэм и усэхэм къыщигъэлъэгъуэжу зэрыщытар.

* * *

Адыгэ зэчырхэр. Адыгэ литературэр зэпэщыным и Iуэхум дин поэзиер зэрыхэлIыфIыхьар. Зэчырхэмрэ

		ІуэрыІуатэмрэ. Зэчырхэмрэ литературэмрэ. Зэчырхэр адыгэбзэм кърагъэтІасэу зэрыхуежьам и фІыгъэкІэ нэхъапэхэм лъэпкъ жьабзэм хэмылъа гупсысэщІэхэр къыхыхьэу зэрыхуежьар. Ныбжьышхуэ зиІэ къуэкІыпІэ литературэм и поэтикэм и щапхъэхэр лъэпкъ литературэм къигъэсэбэпынымкІэ ахэр хэкІыпІэ зэрыхъуар. Адыгэм и художественнэ дуней лъагъукІэр нэхъ нэрылъагъуу къызыхэщ зэчыр нэхъыфІхэр, абыхэм я гъэпсыкІэр.		
	РАЗДЕЛ II. ТХЫБЗЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И КЪЕЖЬАПІЭМ			
4.	Тхыбзэ литературэм и къежьапІэм	*Хэзыгъэгъуазэ.* Автор (жьэрыІуатэбзэ) усыгъэр тхыбзэ литературэм зэрыхуэкІуар. Лъэпкъ тхыбзэм и тхыдэр: япэ алыфбейхэмрэ ахэр зэхэзылъхьахэмрэ. Щхьэзакъуэ алыфбейхэмкІэ (Нэгумэ Ш., Бырсей У., ХьэтІохъущокъуэ Къ., Тамбий П., Цагъуэ Н., Дым І., ПащІэ Б., нэгъуэщІхэри) тхауэ къэна (художественнэ) тхыгъэхэр, ахэр иджырей лъэпкъ алыфбеймкІэ тхыжыным (транслитерацэ) елэжьахэр, абы и мыхьэнэр. Адыгэ литературэр къэунэхунымрэ зэтеувэнымрэ, ІуэрыІуатэм къыдэкІуэу, хэкІыпІэ хуэхъуа щэнхабзэ унэтІыныгъэхэр. Япэ адыгэ узэщІакІуэхэр: лъэпкъыр щІэныгъэм и гъуэгум тешэным, тхыбзэрэ литературэрэ къахузэгъэпэщыным ехьэлІауэ абыхэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэшхуэр. Лъэпкъ тхыбзэ литературэм и щІэдзапІэр. Адыгэ узэщІыныгъэ лэжьыгъэр: абы и лъэхъэнэхэмрэ узэщІакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэмрэ. Адыгэбзэм хузэхалъхьа япэ алыфбейхэр, абыхэмкІэ тхауэ къэна тхыгъэхэр. Адыгэ узэщІакІуэхэр зыхущІэкъуар, абыхэм я лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр. Адыгэ узэщІакІуэхэм я мурадхэр къащІемыхъулІам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ узэщІакІуэхэм я ІуэхущІафэхэм теухуауэ щыІэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ ахэр зи ІэдакъэщІэкІхэмрэ. Урыс, хамэ лъэпкъ литературэхэмрэ XIX–XX лІэщІыгъуэхэм я зэпылъыпІэхэм щыІа гъуазджэ унэтІыныгъэхэмрэ. *Декаданс* (фр. *decadent* – ехуэхыныгъэ, нэхъыкІэ хъуныгъэ) *литературэ унэтІыныгъэр. Абы и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр, романтизмэмрэ модернизмэмрэ зэпызыщІэу зэрыщытыр. Жылагъуэпсо Іуэхухэм хэзышу цІыхур унагъуэ, нэгъуэщІ Іуэху цІыкІуфэкІухэм хэзышэну къыхуезыджэ унэтІыныгъэм ижь адыгэ литературэми (псом япэу хэхэс адыгэ тхакІуэхэм, урысыбзэкІэ тхэуэ щыта языныкъуэ тхакІуэхэм я творчествэм, п.п., Мыдхьэт А., Сейфеддин О., Къуэдзокъуэ Л.М., Ахъмэтыкъуэ Къ.И., н.) къызэрыщІихуар.* *АдыгэбзэкІэ тхэуэ щыта лъэпкъ узэщІакІуэхэр* **Нэгумэ Шорэ Бэчмырзэ и къуэр** (1794–1844). И гъащІэмрэ и щІэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Нэгумэм тхыдэ щІэныгъэм, бзэщІэныгъэм, литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр. Уэрэдыжьхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ я лъабжьэу итха «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» лэжьыгъэр. Адыгэхэм я тхыдэм, ІуэрыІуатэм, литературэм дежкІэ лэжьыгъэм иІэ мыхьэнэр. Нэгумэ Шорэ усакІуэу зэрыщытам теухуауэ урыс еджагъэшхуэхэм (С. Нечаев, А. Шегрен, н.) ятхыжауэ ди деж къэсыжахэр. «Хъуэхъу» усэр. Усэм и тхыдэр, зытеухуар, жанрыр. Усэм и гъэпсыкІэм хэлъ ІуэрыІуатэ щэнхэр, цезурэм абы щигъэзащІэ къалэныр. Усэм и бзэр, иджырей адыгэбзэм ар къызэрыщхьэщыкІыр. **ЩэрэлІокъуэ Нэутокъуэ** (*щыпсэуар XVIII*	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм – XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэрщ). И гъащIэмрэ и узэщIыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩэрэлIокъуэм адыгэбзэм хузэхилъхьа алыфбеймрэ грамматикэмрэ я Iуэхур къызэрекIуэкIар, щIэныгъэлIым Хъан-Джэрий, Адыл-Джэрий, Кърым-Джэрий сымэ хужаIа псалъэхэр. УсакIуэм и тхыгъэхэм щыщу зэкIэ къагъуэтыжауэ щыIэ «Сифир-пэщэ» усэр. Ар зытеухуар, жанрыр, и гъэпсыкIэм хэлъ щIэщыгъуагъхэр, литературэм и зэраIуатэ-зыгъэлъагъуэ Iэмалхэр абы къызэрыщыгъэсэбэпар. Адыгэхэм тхыбзэ яхузэхэлъхьэным, я бзэкIэ егъэджэным, цIыхухэм щIэныгъэм и нэхур къахузэIухыным, литературэ яIэ хъуным теухуауэ ЩэрэлIокъуэ Наутокъуэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр. **Бырсей Умар Хьэпхъал и къуэр** (1807–?). И гъащIэмрэ и узэщIыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Япэ дыдэу адыгэбзэкIэ дунейм къытехьа тхылъым – «Шэрджэс алыфбейм» (1855) ит тхыдэжьхэр (новеллэхэр, хъыбархэр, таурыхъхэр). Бырсей У. лъэпкъ тхакIуэхэм ящыщу басня жанрыр къигъэIурыщIауэ зэрыщытыр. Ахэр лъэпкъ гупсысэкIэм, дуней лъагъукIэм къагъэщIауэ зэрыщытыр («АдакъитI», «Дыгъужьыр, хьэр, бажэр», «Дыгъужьымрэ бажэмрэ», «Дэжыгыр, хьэджамыр», «Уэзырымрэ джэгуакIуэмрэ», «Фызымрэ джэдымрэ», «ТхьэкIумэкIухьхэмрэ бажэхэмрэ», н.). Абыхэм къаIуатэ лъэпкъ Iущыгъэхэр, яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Адыгэ IуэрыIуатэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я литературэмрэ къахихауэ тхылъым ихуахэр. Бырсей У. зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытар. Лъэпкъ литературэм щыяпэу абы зэридзэкIа къэжэр (перс) хъыбархэр. Адыгэ жьэрыIуатэбзэм абыхэм къыхахьа гупсысэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. Абыхэм яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. **ХьэтIохъущокъуэ Къазий Мусэбий и къуэр** (1841–1899). И гъащIэмрэ и узэщIакIуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ХьэтIохъущокъуэ Къ. зэдзэкIакIуэу зэрыщытыр, Саади и «Гюлистан», М.Ю. Лермонтовым и «Ашик-Кериб», К.Д. Ушинскэм и лэжьыгъэ зэридзэкIахэм я мыхьэнэр, адыгэбзэм и зэфIэкIхэр абыхэм наIуэ зэращIыр. ХьэтIохъущокъуэ Къ. лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыуэ зэрыщытым зэридзэкIа художественнэ тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэр. Романтизмэм и жыпхъэм ит «Хъарзынэ» рассказыр зытеухуар, къыщиIуатэ гупсысэр. ХьэтIохъущокъуэ Къ. и «Хъарзынэ» рассказымрэ Къаз-Джэрий и «Къэжэр гушыIэ» рассказымрэ зэщхьныгъэу яхэлъхэр, къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм зэрыпыщIар. «Къэбэрдей алыфбей» (1965) тхылъым ит псысэхэм узэщIыныгъэ къару яхэлъыр. IуэрыIуатэм къыхиха хъыбархэмрэ езы узэщIакIуэм итхыжахэмрэ («Бадзэ», «Пщы щIалэ», «Джэдыгу зыщыгъ къущхьэ», н.). Адыгэ тхыбзэм и тхыдэм ХьэтIохъущокъуэм и тхылъым щиубыд увыпIэр. **Тамбий Пагуэ Исмэхьил и къуэр** (1873–1928). И гъащIэмрэ и узэщIыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Къэбэрдей азбукэ» (1906) тхылъым ит хъыбар, новеллэ кIэщIхэр. Ахэр щIэблэр гъэсэным, я щIэныгъэм, зэхэщIыкIм зегъэубгъуным зэрыхуэлажьэр		

		(«ЖыггъэкІымрэ и къуэхэмрэ», «Бажэмрэ жызумымрэ», «Жыхапхъэ», «ЛэжьакІуэвымрэ выгъашхэмрэ», «Факъырэмрэ хьэмрэ», «ЗэгъуситІ», н.). Тамбий П. и тхыгъэхэм лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкІэ яІэ мыхьэнэр. * * * *УрысыбзэкІэ тхэуэ щыта узэщІакІуэхэр* **Къаз-Джэрий СулътІан** (1807–1863). И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «ХьэжытІэгъуей ауз» гъуэгуанэ очеркыр. Тхыгъэр дунейм къыщытехьар, къызытехуа журналыр. А.С. Пушкин, В.Г. Белинский сымэ Къаз-Джэрий и ІэдакъэщІэкІым хужаІа псалъэхэр. Тхыгъэм и лирикэ лІыхъужьымрэ лъэпкъым и къэкІуэнумрэ. Романтизмэм и жыпхъэхэм иту тхыгъэр зэрытхар, абы и художественнэ гъэпсыкІэр, и бзэм и къулеягъыр. • *Романтизм литературэ унэтІыныгъэр: и щэнхэр, и къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэхэр, къызэщІиубудэ лъэхъэнэр. Романтизмэм и хабзэхэр лъэпкъ литературэм зэрыщызэфІэувар (Абы и щапхъэхэр адыгэбзэкІэ, хамэбзэхэмкІэ тхэуэ щытахэм я тхыгъэхэм къахэгъуэтэн, зэгъэпщэн), абы и щэнхэмрэ и лъэпкъ плъыфэхэмрэ.* **Хъан-Джэрий СулътІан** (1808–1842). И гъащІэмрэ и узэщІыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Шэрджэс хъыбархэр» повестыр. «Русский вестник» журналым ар къызэрытрадзэгъар. ІуэрыІуатэм къыхиха хъыбарым и фабулэр повестым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. ТхакІуэм къигъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ хъыбарым щІэлъ гупсысэм тхакІуэм иригъэгъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр. Щхьэзакъуэ насыпым хущІэкъуныр цІыхубэ, хэкупсо бэнэныгъэм тхакІуэм зэрыхуишэр. Романтизмэм и щэнхэр зыдэплъагъу образхэр (Жамбулэт, Гуащэ сымэ). Повестым и бзэр, тхакІуэм и псалъэуха ухуэкІэ гъэщІэгъуэныр. **Къуэдзокъуэ Лэкъумэн Мыхьэмэт и къуэр** (1818–1893). И гъащІэмрэ и узэщІыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Къуэдзокъуэм и лъэпкъэгъухэр егъэджэным, щІэныгъэм къешэлІэным хуэунэтІа и лэжьыгъэхэр («ПэщІэдзэ щІэныгъэ сабийхэм етынымкІэ Къэбэрдейм еджапІэ къызэрыщызэгъэпэщыпхъэр», «Бгырыс лъэпкъхэм унафэ хуэщІыным зэхъуэкІыныгъэу хэлъхьэн хуейхэр»). И хэкуэгъухэр егъэджэным и Іуэхум и зэфІэхыкІэ хъуну абы къилъытэу щытахэр. «Шэрджэс щІалэм и усэхэр» (1837) тхылъым романтизмэм и жьауэм щІэту Къуэдзокъуэм итхауэ ит усэхэр («Губгъуэ», «Тенджыз», «Къурш псыдзэ», «Жэщ», н.). **КІашэ Адэлджэрий Кушыку и къуэр** (Къалэмбий) (1840–1872). И гъащІэмрэ и узэщІыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Реализмэм и гъуэгум япэу техьа адыгэ тхакІуэм и художественнэ тхыгъэ нэхъыфІхэр: «Абрэджхэр» повестыр, «Жиным и гъэсэн», «Пыпхэ», «МазитІкІэ къуажэм» рассказхэр, нэгъуэщІхэри. КІашэ А. бгырысхэм я гъащІэм фІыуэ щыгъуазэу зэрыщытар. Абы къыхиха теплъэгъуэхэмрэ езым и нэгу щІэкІахэмрэ и художественнэ тхыгъэхэм лъабжьэ зэрахуищІар. ТхакІуэм япэу адыгэ бзылъхугъэм и образ зэпэщхэр лъэпкъ		

		литературэм къызэрыхишар. КІашэ А.Ку. и публицистикэр. «Іуащхьэ щыгум» очеркыр. КІашэм и публицистикэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр. • *Реализм (лат. realis - шэч къызытрамыхьэ пэж) гъуазджэ унэтІынытъэр къыщыунэхуа лъэхъэнэмрэ щІыпІэмрэ. Ар романтизмэм и пІэм цувэныр къэзыша тхыдэ Іуэхугъуэхэмрэ жылагъуэм къыщыхъуа зэхъуэкІынытъэхэмрэ. Реализмэр литературэм щызыгъэбыда хамэ къэрал, урыс тхакІуэшхуэхэр. Литературэ унэтІынытъэм и лІэужьыгъуэхэр, абыхэм я лІыкІуэ нэхъыщхьэхэр. Реализм унэтІынытъэр адыгэ литературэм къыхэзыша лъэпкъ тхакІуэхэмрэ абыхэм я художественнэ тхыгъэхэмрэ.* **Ахъмэтыкъуэ Къазбэч Ислъам и къуэр** (Хьэжылъашэ Мухьэмэд-Бэч, 1870– …). И гъащІэмрэ и жылагъуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ТхакІуэм и рассказхэр («Азэн джапІэм и щэху», «Жэнэт пщащэ», «ЩІыхьым папщІэ», «Гъуэгу зэхэкІыпІэ», «Пэжым и лъыхъуакІуэ», «Патриоткэ», нэгъуэщІхэри) зытеухуахэмрэ къаІуатэ гупсысэхэмрэ. «Къалэн хьэлъэ» драмэр. Бгырысхэм къадекІуэкІыу щыта лъыщІэж хабзэмрэ драмэм и сюжетымрэ. Пьесэм и ухуэкІэр, зы Іуэхугъуэ шэщІам нэхъ пасэу къэхъуа Іуэхугъуэ зыбжанэ тхакІуэм зэрыхиухуанэр. Хьэжмырзэрэ Уэсмэнрэ я образхэр, абыхэм ягъуэт зыужьынытъэр. Реализмэм и хабзэхэм тету адыгэ мэкъумэшыщІэхэм я псэукІар пьесэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, абы и щапхъэхэр. Ахъмэтыкъуэ Къ. и гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ очеркхэмрэ («Континент фІыцІэм», «Тыркум теухуа очеркхэр», «Иджырей Тыркур», «Зэман хьэлъэхэр», «Бгыхэм я хъуэпсапІэр», нэгъуэщІхэри). * * * *КъызэщІэзыкъуэж псалъэ.* XVIII–XIX лІэщІыгъуэхэм лъэпкъ художественнэ дуней лъагъукІэм къыщыхъуа зэхъуэкІынытъэхэр. ЦІыху щхьэхуэр лІыхъужьу зыхэт жьабзэ новеллэхэр. Автор зиІэ адыгэ жьабзэ усыгъэр. ХамэбзэхэмкІэ лъэпкъ тхакІуэ-узэщІакІуэхэм ятха тхыгъэхэр дунейм къызэрытехьа, хъума зэрыхъуа щІыкІэхэр. Алыфбей зэхуэмыдэхэмкІэ тхауэ щыІэ художественнэ текстхэр зэхуэхьэсыжыным, джыжыным, иджырей адыгэ алыфбеймкІэ къыдэгъэкІыжыным елэжьа щІэныгъэлІхэр, абыхэм я фІыщІэр. Лъэпкъ щэнхабзэм, абы щыщу литературэм и тхыдэм усакІуэ-джэгуакІуэхэмрэ узэщІакІуэхэмрэ щаубыд увыпІэр. Хэкурыс адыгэ щІэныгъэлІхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ яку дэлъа зэпыщІэныгъэхэр. Литературэр къежьэнымкІэ, зиужьынымкІэ абыхэм яІа мыхьэнэр.		
РАЗДЕЛ III. АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭР XX ЛІЭЩІЫГЪУЭМ И ЯПЭ ІЫХЬЭ НЫКЪУЭМ				
5.	Иджырей лъэпкъ литературэм и къежьапІэм	*Хэзыгъэгъуазэ.* XX лІэщІыгъуэм и япэ илъэсипщІитІым Урысей империемрэ Къэбэрдеймрэ къыщыхъуа тхыдэ, цІыхубэ-политикэ зэхъуэкІынытъэхэр. ЦІыхухэр егъэджэным, пэщІэдзэ еджапІэхэр къызэІухыным теухуауэ лъахэм щекІуэкІа лэжьыгъэхэр. Капитализмэм и хабзэхэр, абы къигъэщІ зэхущытыкІэщІэхэр адыгэхэм я дежи къызэрысар: Урыс-	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		япон зауэр, Япэ дунейпсо зауэр, Дзэлыкъуэ зыкъыIэтыныгъэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэр (псалъэм папщIэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Хьэхъупащ Iэ Амырхъан, ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, ЩоджэнцIыкIу Алий, Къылышбий Исмэхьил, Фэнзий Мэжид, н.) а тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм зэрахущытар. Хэхэс адыгэхэм я макъ («Гъуазэ» газетымкIэ) хэкурыс адыгэхэм я деж къэIус зэрыхъуар. Я лъэпкъэгъухэр щIэныгъэм и гъуэгум трашэн мурадкIэ Тыркум щыIэ адыгэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Хэкужьым къагъэкIуэжу зэрыхуежьар (Цагъуэ Н., НэгъущI С., н.). Бытырбыху, Москва, Киев, Истамбыл, Каир, Краков, нэгъуэщI къалэшхуэхэм щеджауэ къэзыгъэзэжа адыгэ интеллигенцэр. Лъэпкъыр зэрыкIуэну гъуэгур къыхэхыным ехьэлIауэ абыхэм яIа IуэхуеплъыкIэхэр, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.		
6.	Бахъсэн узэщIакIуэхэр	XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм лъэпкъыр узэщIыным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным и купсэ Бахъсэн зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэхэр. «Цагъуэ Нурий и университетыр», нэхъ зызыужьа лъэпкъхэм я сабийхэр зэрырагъаджэ методикэщIэхэмкIэ адыгэ щIэблэр егъэджэным хуэунэтIауэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр. «Адыгэ макъ» (1917–1918) газетыр адыгэбзэкIэ Бахъсэн къыщыдэкIыу зэрыщIидзар. Литературэмрэ тхылъеджэмрэ зэлъэIэсу, зэрыубыду зэрыхуежьар, лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр. Газетымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ, абы япэу къытрадза хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ: «Пщы Бадынокъуэ» (1917, №4), «Нарт Сосрыкъуэ и пшыналъэ» (1918, №2), «Наринэрэ Ридадэрэ» (1918, №2), «Псалъэжьхэр» (1918, №39), лъэпкъ жьэрыIуатэ новеллэхэр, нэгъуэщIхэри. Адыгэхэм я зэхэщIыкIым зиужьыным «Гъуазэ» (Истамбыл), «Адыгэ макъ» (Бахъсэн) газетхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр. Бахъсэн щIэныгъэ купсэм (центрым) и къызэгъэпэщакIуэхэр. **Дым Iэдэм Абдул-Гъэфар и къуэр** (1878–1937). И гъащIэмрэ и узэщIыныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Дым Iэдэм Бахъсэн узэщIакIуэ купсэм и къызэгъэпэщакIуэу зэрыщытыр. Дымхэ я тхылъ тедзапIэр, абы япэу къыщыдэкIа тхылъхэр, лъэпкъым и зэхэщIыкIыр къэIэтынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр. Дым I. и «Псалъэ пэжхэр», усэхэу «ЩэныфIэ цIыкIум жиIар», «Нажьмэ», прозэу тха тхыгъэхэр. ТхакIуэ-узэщIакIуэм и тхыгъэхэм къыщиIэт IуэхугъуэхэрЯбыхэм къапкърыкI узэщIыныгъэ къарур. «Щэнгъасэ» тхылъыр (1918). Тхыгъэр зыхуэгъэзар, ар зэрызэхэт эссе, рассказ кIэщIхэм я сюжетым лъабжьэ хуэхъуар. Дин щIэныгъэмрэ Дым I. и IуэхуеплъыкIэхэмрэ. ЩIэблэр гъэсэным, щIэныгъэм и IэфIыр зыхегъэщIэным теухуауэ «Щэнгъасэ» тхылъым иIэ мыхьэнэр. **Цагъуэ Нурий Айтэч и къуэр** (1884–1936). И гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Цагъуэ Н. и публицистикэр, лъэпкъ тхыдэм, абы и къэкIуэнум теухуауэ итхахэр. Цагъуэмрэ «Гъуазэ» (Истамбыл, 1911–1914), «Адыгэ макъ» (1917–1918) газетхэмрэ. Хэкур зыбгынэу Тыркум Iэпхъуэ адыгэхэм яхуэгъэзауэ а илъэсхэм публицистым итха тхыгъэхэр. Я лъахэр бгынэным адыгэхэм лъэпкъ кIуэд къазэрыхуигъакIуэр цIыхухэм ягурыгъэIуэнымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		Цагъуэ Нурий хэкум къигъэзэжа нэужь иригъэкIуэкIа узэщIынытъэ лэжьыгъэхэр, абыхэм хуэунэтIауэ итха тхыгъэхэр («Хьэишэт гуащэм и щытхъу» (1917), «Муслъымэн тхыдэ» (1918), «Адыгэ тхыдэ» (1918). Дин щIэныгъэмрэ Цагъуэм и дуней еплъыкIэхэмрэ. Лъэпкъыр зэреджэну тхылъхэр гъэхьэзырыным («Тхыбзэ» букварыр), IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыным, къытедзэным я IуэхукIэ Цагъуэ Н. зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр. Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ къыдагъэкIыу щыта «Адыгэ макъ» газетыр лъэпкъ щIэджыкIакIуэр зэзышалIэ къару зэрыхъуар. Иджырей адыгэ литературэм (щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэу – «адыгэ литературэщIэм») и къежьапIэу «Адыгэ макъ» газетыр, Бахъсэн щэнхабзэ купсэр къыщIалъытэр, абы и щхьэусыгъуэхэр.		
7.	Усыгъэр, прозэр, драматургиер	*Хэзыгъэгъуазэ.* XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм лъэпкъ щэнхабзэр щытыкIэ гугъум зэритар. Апхуэдэу щытми, адыгэхэм я зэхэщIыкIым зэрыхэхъуар, щIэблэр егъэджэным и Iуэхур мащIэкIэми зэрыкIуэтар. А лъэхъэнэм адыгэбзэкIэ ятхауэ къэна художественнэ тхыгъэхэр, ахэр зи Iэдакъэщ IэкIхэр. Тхыгъэхэр зытеухуар, я художественнэ гъэпсыкIэр. УсакIуэхэр щыпсэуа лъэхъэнэм я хэкуэгъухэм, я зэхэщIыкI-гупсысэм, Iуэху еплъыкIэм къыщыхъуа зэхъуэкIынытъэхэр я Iэдакъэщ IэкIхэм зэрыхэплъагъуэр. НэгъуэщI хэку къыщыхута адыгэхэм къахэкIа узэщIакIуэ цIэрыIуэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ. Я анэдэлъхубзэм тхыбзэ къыхузэгъэпэщыным, абыкIэ я лъэпкъэгъухэр егъэджэным, щIэныгъэм хэшэным хуэунэтIауэ хэкурысхэмрэ хэхэс адыгэ щIэныгъэлIхэмрэ зэдэлажьэу зэрыщытар, абыхэм къыдагъэкIа тхылъхэр. **Куп Исмэхьил** (1852–1934) и «Адыгэ жьыуэ», **Уэкъуо** (XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм – XX и пэщIэдзэм) и «Уэкъуом и усэ», **Гуапэ Зулкъарнин** (1892–1974) и «Хъуэхъу», **КIурашын Мухьэмэд** (1894–19…) и «Ущие усэ», «Уэ си къуэшу муслъымэнхэ» усэхэр. Лъэпкъыр узэщIынымкIэ, я щIыналъэр ямыбгынэнымкIэ, щIэныгъэм къыхэшэнымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр. УсакIуэхэм я тхыгъэхэр зытеухуар, щIэблэр гъэсэным и Iуэхум лъэпкъ хабзэм, диным, щIэныгъэм я Iэмал нэхъыфIхэр къыщыгъэсэбэпын хуейуэ абыхэм къызэрыхураджэр. **ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан Дзадзу и къуэр** (1879–1937). И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЛэжьакIуэ цIыхур гъэлъэпIэныр, абы и щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр ШэкIыхьэщIэ П. и тхыгъэхэм я гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. «Къуажэ молэжьхэм я уэрэд» усэр зытеухуар, езы усакIуэр диным зэрыхущытыр абы къызэрыхэщыр. «Бэджрэ бадзэрэ» усэр. Басням и щэну усэм хэплъагъуэр. ШэкIыхьэщIэм и усэхэм къыщигъэсэбэп тропхэр, абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр. Силлабо-тоникэ усэ гъэпсыкIэм и Iэмалхэр япэу къэзыгъэсэбэпа адыгэ усакIуэхэм ар зэращыщыр. **ЩэрэлIокъуэ Талъостэн Алихъан и къуэр** (1884–1937). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩэрэлIокъуэ Т. и «Алыфбей. Ипэм щаджынур» лэжьыгъэр совет лъэхъэнэм адыгэ сабийхэм хузэхалъхьа япэ букварэ зэрыщытыр. Ар зытета графикэр, псоми зэдай лъэпкъ тхыбзэр зэфIэувэнымкIэ абы игъэзэщIа къалэныр. ТхакIуэм еджакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ итхыжа таурыхъхэр, хъыбархэр, жьэрыIуатэу къекIуэкI	ОПК-3	К; Т; КР; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		новеллэхэр. Абыхэм я ухуэкIэр, гъэсэныгъэ къару яхэлъыр («Нэфымрэ дэгумрэ», «Мывэ», «Блэм и щхьэмрэ и кIэмрэ», «Шывакъэжьымрэ бгъэмрэ», «Факъырэмрэ хьэмрэ», н.). Тхыгъэхэм «щIэгъэпщкIухьа» Iущыгъэхэр сабийм къыгурыIуэн щхьэкIэ, тхакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэр. ЩэрэлIокъуэм и усэхэр («Гъатхэпэ», «ЦIыхур», «Шэрэдж ауз», «Мазэ», «Гугъэ», «Кавказ дахэ», н.). Дыкъэзыухъуреихь дунейр усакIуэм зэригъэлъапIэр, абы хуэсакъын, яхъумэн хуейуэ ныбжьыщIэхэр къызэрыхуриджэр. ЩэрэлIокъуэм и драмэ лэжьыгъэхэр: «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Кушыкурэ абы и къэшэнымрэ». Пьесэхэр зытеухуар, лъэпкъ драматургием и япэ лъэбакъуэу ахэр зэрыщытыр. Пьесэхэм яхэлъ фIагъымрэ драматургым къемыхъулIахэмрэ. ТхакIуэм и зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэхэр, урыс тхакIуэ-усакIуэ цIэрыIуэхэр (А. Пушкин, Н. Гоголь, В. Вересаев, н.) «адыгэбзэкIэ» къызэригъэпсэлъар. * * * Лъэпкъ усыгъэр зэрыкIуэну гъуэгур зыубзыхуахэр: **Къылышбий** Исмэхьил; **ЩоджэнцIыкIу** Алий. **ЩоджэнцIыкIу Алий Iэсхьэд и къуэр** (1900–1941). И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. УсакIуэ ныбжьыщIэм и япэ усэхэр: «Тырку хадэм», «Жынгызмэ я нып фIыцIэжьыр», «Нанэ». Лъэпкъыр зыхэпсэукI гъащIэм усакIуэр зэригъэпIейтейр, абы и къэкIуэнум зэрыщыгугъыр. Адыгэм гъуазэу иIэпхъэу усакIуэм къилъытэхэр. Романтизмэм и жьауэм щIэту тха усэхэм тхылъеджэр зыхураджэр, зыщIагъэхъуэпсыр. Анэмрэ лъахэмрэ усакIуэм яхуиIэ гурыщIэр, ар къызэриIуатэ литературэ Iэмалхэр. ЩIагъыбзэр усакIуэ ныбжьыщIэм къызэригъэсэбэпыр. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм а Iэмалым тырку, хьэрып усакIуэхэр хуэкIуэу зэрыщIидзар. ЩоджэнцIыкIум и япэ усэхэр лъэпкъ лирикэм и къежьапIэу къызэрылъытапхъэр, абыкIэ тегъэщIапIэ щIыпхъэхэр. **Къылышбий Исмэхьил Батырбэч и къуэр** (1896–1974). И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «IуэдыщэI» усэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ я сурэту усэр зэрыщытыр, усакIуэр адыгэм и тхыдэм зэрыхущытыр, къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр (зэгъэпщэныгъэр, антитезэр, н.). «IуэдыщэI» усэм и тхыдэр, ар лъэпкъ поэзием и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу зэрыщытыр. * * * *КъызэщIэзыкъуэж псалъэ.* Адыгэ литературэр къэунэхуным, псыпэ Iумахуэу ежьэным сэбэп хуэхъуа тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр. И гуащIэр къызэхих къигъэхъуапIэ нэхъыщхьэу лъэпкъ IуэрыIуатэр щытми, адыгэ литературэр зэфIэувэным нэхъ зызыужьа лъэпкъхэм я щэнхабзэр зэрыхэлIыфIыхьар. Адыгэр егъэджэным, нэхъ зызыужьа къуэкIыпIэ, къухьэпIэ лъэпкъхэм я щэнхабзэр щапхъэу къэщтэным ехьэлIауэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм псэуа узэщIакIуэхэм къызэрагъэпэщыгъа лъэпкъ-щэнхабзэ купсэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм я мыхьэнэр. ПIалъэ кIыхькIэ зэлъэIэсу, зэрыгъэбатэу щыт лъагъуитIым адыгэ тхыбзэ литературэр зэрырикIуар (адыгэбзэм хузэхалъхьа тхыбзэхэмкIэ тхэуэ щытахэмрэ усакIуэ-джэгуакIуэхэмрэ зы гупу, хамэбзэхэмкIэ (урысыбзэ, тыркубзэ, хьэрыпыбзэ) художественнэ тхыгъэхэр къэзыгъэщIу щытахэр абыхэм къабгъурыту). Адыгэ литературэмрэ тхылъеджэмрэ зэрыубыдауэ,		

		литературэм и фащэ, нэщэнэ псори игъуэтауэ щIэныгъэлIхэм къыщалъытэ лъэхъэнэр, апхуэдэу жыуэзыгъэIэ щхьэусыгъуэхэр.		

3-й семестр

«ИСТОРИЯ КАБАРДИНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ 20-50 гг. XX в.»

№	Наименование раздела/темы	Содержание раздела	Код контролируемой компетенции (или ее части)	Наименование оценочного средства
1	**2**	**3**	**4**	**5**[2]
		РАЗДЕЛ I. АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭР 20 ГЪЭХЭМ		
1.	Хэзыгъэгъуазэ Адыгэ литературэр 20 гъэхэм.	*Хэзыгъэгъуазэ.* XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм ирихьэлIэу къэралым щыIа цIыхубэ-политикэ щытыкIэр, хэкум и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. ЦIыхубэмрэ Октябрь революцэмрэ. ЦIыхубэмрэ Граждан зауэмрэ. Адыгэхэм лъэпкъ-щIыналъэ автономиехэр зэрагъуэтар. Ахэр щIыналъэ щхьэхуэурэ гуэша зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр, къурикIуахэр. Гъуазджэм и унэтIыныгъэщIэхэр, реализмэм и лIэужьыгъуэщIэр зэфIэувэныр зэрекIуэкIар. А лъэхъэнэм литературэм щекIуэкIа къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, утыку къихьа гупсысэщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ. ***Модернизм*** *(фр. modernisme - moderne) гъуазджэ унэтIыныгъэр. Абы къызэщIиубыдэ лъэхъэнэр, и лIэужьыгъуэхэр. КъухьэпIэ лъэныкъуэм (Европэмрэ Америкэмрэ) щыпсэухэм я лъэпкъ плъыфэхэр, нэщэнэхэр модернизм гъуазджэ унэтIыныгъэм иIэ зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэхэр. Модернизмэм и лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэр (авангард, дадаизм, сюрреализм, экспрессионизм, футуризм, имажизм, н.).* Абыхэм я гупсысэхэр зи творчествэм лъабжьэ хуэзыщIа тхакIуэхэр. Пролеткульт, «КIыщ», «Серапион зэкъуэшхэр», «ЩхьэдэхыпIэ» литературэ зэгухьэныгъэхэр: я мыхьэнэр, щыуагъэхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэм къызэранэкIа гугъуехьхэр, тхакIуэхэр зытет гъуэгукIэ, я гупсысэкIэкIэ гуэшыным къиша ныкъусаныгъэхэр. 20 гъэхэм адыгэ щIыналъэхэм къыщыдэкIыу щыта газетхэр. ЦIыхубэр зэреджэ «Iэмэпсымэ» ахэр зэрыхъуар. ЕджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэр къызэрызэIуахар: Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIур (1924), педрабфакыр (1931), пединститутыр (1932). ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым (1926), къэрал тхылъ тедзапIэм (1928) лэжьэн зэрыщIадзар. ТхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм абыхэм зэрызэрагъэубгъуар. Литературэм ехьэлIауэ къыдэкIа къэрал унафэхэр («Художественнэ литературэм теухуауэ партым и политикэм и IуэхукIэ» РКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1925), нэгъуэщIхэри). Лъэпкъым и блэкIамрэ революцэм иужькIэ къэунэхуа псэукIэмрэ зэгъэпщэныр. Октябрь революцэмрэ Граждан зауэмрэ теухуа IуэрыIуатэр. 20 гъэхэм къэралым щыIа литературэ гупхэмрэ гъуазджэм и унэтIыныгъэхэмрэ яжь адыгэ тхакIуэхэм къазэрыщIихуар. Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIа гупсысэщIэхэр, зэныкъуэкъухэр (Нало Ж., Борыкъуей ТI.,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

[2] В графе 5 приводятся планируемые формы текущего контроля: защита лабораторной работы (ЛР), выполнение курсового проекта (КП), курсовой работы (КР), расчетно-графического задания (РГЗ), домашнего задания (ДЗ) написание реферата (Р), эссе (Э), коллоквиум (К), рубежный контроль (РК), тестирование (Т) и т.д.

		н.). Адыгэм къыдекIуэкI хабзэр, цIыхубэ зэхэтыкIэр «псэукIэщIэм» къигъэщIахэм егъэзэгъыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIар. Адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэр: ПащIэ Б., ШэкIыхьэщIэ П., Хьэхъупащ Iэ А., ЩэрэлIокъуэ Т., КIэрашэ Т., Абыкъу Хъ., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., Амирокъуэ И., Хьэбэчыр Б., нэгъуэщIхэри. Абыхэм я творчествэм и художественнэ къыщхьэщыкIынытъэр, ар иджыри быдэу IуэрыIуатэм зэрыпыщIар. Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ. Адыгэхэм я псэукIэм, я бзэмрэ литературэмрэ теухуауэ Цагъуэ Н., Елбэд Хь., ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., ЩакIуэ Т., Пщынокъуэ А., Къэшэж ТI., Къуэжей С., Къущхьэ И. сымэ «Красная Кабарда», «Къэрэхьэлъкъ», «Ленин гъуэгу», «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетхэм къытрагъэдза тхыгъэхэр, абыхэм ягъэзэщIа къалэнхэр.		
2.	ТхыбзэщIэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщIэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр	*УсакIуэхэр.* ШэкIыхьэщIэ П., Борыкъуей ТI., КIыщокъуэ П., Пщынокъуэ А., ЩакIуэ Т., ЩэрэлIокъуэ Т., Пщынокъуэ М., Хьэхъупащ Iэ А., Къэжэр И., Тобыл Т. сымэ я усэхэм, уэрэдхэм я тематикэр, усакIуэхэм я IуэхуеплъыкIэхэр, лъэхъэнэм и лIыхъужьхэр зэрагъэлъапIэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ псэукIэщIэмрэ зэгъэпщэныр, зэманым емызэгъыжу къалъытэ хабзэ-зэхэтыкIэхэм ебэныныр абыхэм я творчествэм мотив нэхъыщхьэ зэрыщыхъуар. Адыгэ усэ гъэпсыкIэм игъуэту хуежьа зэхъуэкIынытъэхэр. * * * **ПащIэ Бэчмырзэ Машэ и къуэр** (1854–1936). УсакIуэм и гъащIэмрэ и жылагъуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Адыгэ литературэр зэфIэувэнымкIэ усакIуэм и творчествэм иIа мыхьэнэр. УсакIуэмрэ жылагъуэмрэ, усакIуэмрэ динымрэ, усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ. ПащIэ Б. лъэпкъ литературэм и тхыдэм зэрыхэувэр. УсакIуэмрэ пасэрей адыгэ усыгъэм и поэтикэмрэ. ПащIэ Б. и творчествэм и лъэхъэнэхэр, адыгэ усыгъэр тхыгъэ хабзэм и гъуэгум зэрытришар, абы лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ иIа мыхьэнэр. *ДжэгуакIуэ-усакIуэм и творчествэм и япэ лъэхъэнэр.* *Уэрэдхэмрэ гъыбзэхэмрэ* («Бэчмырзэ и тхьэусыхэ», «Пщыбий КIуш и гъыбзэ», «ПIаз Темыркъан и фэеплъ уэрэд», «Дзыгъур КIаш и тхьэусыхэ», «Уэзы Мурат»). Ахэр зытеухуамрэ жанркIэ зыхыхьэхэмрэ, пасэрей усакIуэ-джэгуакIуэхэм я уэрэд усыкIэ хабзэм тету зэрыгъэпсар. *Усэхэр* («Истамбыл», «ЩIы», «Мы дунеижьыр», «Жьапщэ мыгъуэ», «ЦIыхур щIалэхукIэ», «Бэчмырзэ и усэ», «Дуней», «Джэдым и усэ», «Жыгыр къэгъагъэмэ, дыщогуфIыкI», «Дзэлыкъуэ», «Къэбэрдей», «Мухьэжырхэр»). УсакIуэмрэ къуэкIыпIэ лъэпкъ поэзиемрэ. ПащIэ Б. и жьэрыIуатэ усэхэмрэ тхыгъэ усэхэмрэ: зэщхьыныгъэу, зэщхьэщыкIынытъэу хэлъхэр; адыгэ жьэрыIуатэ усыгъэм и хабзэхэмрэ къуэкIыпIэ поэзием и хабзэхэмрэ усакIуэм зэрызэригъэзэгъар. «Алыхьым и фIыщIэ» поэмэ кIэщIыр. Ар зытеухуамрэ щIэлъ философие гупсысэмрэ. *УсакIуэм и творчествэм и етIуанэ лъэхъэнэр.* XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм адыгэхэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIынытъэхэм ПащIэ Б. зэрахущытыр («Къэтхъан Назир», «Хуит дыхъуащ», «Бахъсэн», «МэзкуукIэ зэджэр къэралыгъуэжьти…», «Дунеижьыр Iейщи, къызэтокъутэ…», «Дуней ухуэныр щIэныгъэ Iуэхущ», «ЩIэныгъэр лъэпкъ гъэщIэращIэщ», «ИжькIэрэ ди псэукIахэр», «КIэнауэ», н.). Совет властым къыдэунэхуа псэукIэм – фабрикэхэмрэ заводхэмрэ къызэIухыным,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		цІыхухэр егъэджэным, зэдзейуэ зэгуэгъэхьэным, зэдэгъэлэжьэным – усакІуэр зэрыхуэусар. Ауэ къэрал унафэщІхэм я ІуэхущІафэхэм хилъагъуэ мыхъумыщІагъэхэри иубзыщІу зэрыщымытар. ПащІэ Б. и творчествэм къызэщІиубыдэ жанрхэмрэ жанр лІэужьыгъуэхэмрэ: Лиризм щабэкІэ гъэпса *гухэлъ усэхэр* («Хъуэпсэн», «Дуней», «ЛІэныгъэ», «Зэманыр псынщІэу йокІуэкІ», «ЩІы», «ГъащІэм и уасэр зыщІэр», «Гугъэ», «Джэд», «Ижьым щыгъуазэрэ…», «Мы дунеижьу…», «Фызыжь», «Жьы хъуныгъэ», «Жьы хъуар гумахэщ», н.); КІуэрыкІуэм тету зэхилъхьа *усэ едзыгъуэхэр* (бейтхэр), абыхэм ящІэлъ философие гупсысэхэр, яІэ ущиныгъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэр («Псалъэ пэжхэр» циклым хыхьэхэр); *Публицистикэрэ ауанрэ* зыхэлъ усэхэр («Дунейр ухуэныр щІэныгъэ Іуэхущ», «Бахъсэн», «Іэщэр фузэд», «Псалъэрейр Іуэхуншэщ», «Пщы», «Дыгъу», «Іужажэ», «ЗыхуэмышыІэ», «Сэхусэплъ», «Гуащэ нысэ», «Молэ», н.). ПащІэ Б. и усэ-жыІэгъуэхэр, цІыхубэм и Іущыгъэм и щапхъэу ахэр зэрыщытыр. Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкІэ ПащІэ Б.М. и творчествэм и мыхьэнэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэпищІэу абы хэлъ къарур. **ХьэхъупащІэ Амырхъан Іэсхьэд и къуэр** (1882–1972). УсакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ХьэхъупащІэ А. и усыгъэм хэлъ гъэщІэгъуэнагъхэр. «Адыгэ усакІуэ-джэгуакІуэхэм я лІэужьщ» жыуигъэІэу, ХьэхъупащІэ А. и творчествэм иІэ нэщэнэхэр, ауэ япэ итахэм къащхьэщыкІыу лъэпкъ прозэми абы хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІар. УсакІуэм и творчествэм лъэпкъ ІуэрыІуатэр кууэ зэрыхэпщар. ХьэхъупащІэ А. и уэрэдхэмрэ гъыбзэхэмрэ («Дзадзунэ и уэрэд», «Яшам и тхьэусыхэ», «Мывэм нэхърэ нэхъ хьэлъэ», «Бохъшэ», «Аргъуейм и уэрэд», н.). Тхыдэ-революцэ темэмрэ совет властым къыдэкІуа псэукІэмрэ теухуа усэхэр («Серго Орджоникидзе», «Ворошиловым теухуа уэрэд», «УнащІэ Сахьид», «Барэсбий», н.). Хэкур фІыуэ лъагъуным, абы и лІыхъужьхэр гъэлъэпІэным къыхуезыджэ усэхэр («Си Хэку дахэр», «ЛІыфІ нэщэнэ», «Нобэм срогуфІэ», «Гъэм и зэманхэр», «Псоми закъебгъэщІэнум…», «Щхьэтепхъуэ», «Къардэн Къубатий», «Жэмборэ Щэуал», «Наурыз Мамышэ», «ГъущІынэ Гъузер», н.). ХьэхъупащІэ А. и поэмэхэр («Си сабиигъуэр», «Тхыдэжь», «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Андемыркъан», «Къэбэрдей партизанхэр»). ТхакІуэм и новеллэхэр («Къэрэмырзэ и фалъэ», «Щынэ хужь», «Анусэ», «Гъыбзэ», н.). Ахэр зытеухуар, хъыбар къэІуэтэжыкІэм тету зэрыгъэпсар. ЦІыхур фІыуэ лъагъуныр, абы пщІэ хуэщІыныр новеллэхэм щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.		
	РАЗДЕЛ II. АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭР 30 ГЪЭХЭМ			
3.	Адыгэ литературэр 30 гъэхэм	*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэхъэнэм и цІыхубэ-политикэ щытыкІэр. Къэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэ инхэм литературэр къыхэша зэрыхъуар. «Литературэ-художественнэ организацэхэр зэхъуэкІыным и ІуэхукІэ» ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэр (1932). Литературэ-критикэ къарухэр зэщІэгъэуІуэным, зэкъуэгъэувэным ехьэлІауэ къэралым щекІуэкІа лэжьыгъэхэр. Совет тхакІуэхэм я япэ съездыр (1934): литературэм къыдекІуэкІ хабзэхэмрэ	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		зэманым къигъэщIа Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ теухуа зэныкъуэкъухэр; литературэм зиужьыным зэран хуэхъуа Iуэхугъуэхэр; социалист реализмэм и хабзэхэр убзыхуныр; лъэпкъ литературэхэр унэтIыныр. 30 гъэхэм я пэщIэдзэхэм щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным, тхыбзэщIэм техьа лъэпкъхэм я литературэхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм пыщIауэ щыта гугъуехьхэр. Политикэ залымыгъэхэр, абыхэм лажьэншэу хэкIуэда адыгэ тхакIуэхэр. А лъэхъэнэм къыдэкIыу щыта газетхэр, литературэ альманаххэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, литературэр джыным, егъэфIэкIуэным елэжьа еджагъэшхуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр (Турчанинов Г., Яковлев Н., Джанашиа С., Чигеров В., Нало Ж., Елбэд Хь., Борыкъуей ТI., ЩоджэнцIыкIу А., Абыкъу Хъ., Къуэжей С., ДыщэкI М., Махъсидэ З., Хъуран Б., Теунэ Хь., н.).		
4.	Лъэпкъ прозэр	**Лъэпкъ прозэр.** Адыгэхэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Зэманым и лIыхъужьыщIэхэр. Лъэпкъ прозэм и жанрхэр, лIэужьыгъуэхэр. ЦIыхубэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ гулъытэ лей адыгэ тхакIуэхэм хуащI зэрыхъуар. Тхыдэ-революцэ тематикэр лъабжьэ зыхуэхъуа япэ прозэ тхыгъэхэр *(Абыкъу Хъ. и «Инжыдж и Iуфэхэм»; ДыщэкI М. и «Пшэплъ»; КIэрашэ Т. и «Щамбул» («Гъуэгу насыпыфIэ») романхэр, Нало Ж. и «ЩIэдзапIэ», Къуэжей Сосрыкъуэ и «ЩIэ» повестхэр, ЩоджэнцIыкIу А. и «Кхъужьей щIагъым», Махъсидэ З. «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым» рассказхэр, н.).* Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкIэ абыхэм яIэ мыхьэнэр. Идеологие пыухыкIам хуэлэжьами, абыхэм лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм (20–30 гъэхэм) адыгэм и псэукIар, дуней еплъыкIэ иIар, зыгъэгуфIэу е зыгъэпIейтейуэ щыта Iуэхугъуэхэр, зэманым и плъыфэр, и лъапIэныгъэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэпкъ прозэм и япэ художественнэ тхыгъэхэм къахэхыпхъэ дерсхэр. **Абыкъу Хъалид Кушыку и къуэр** (1900–1937). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и публицистикэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Инжыдж и Iуфэхэм» романыр: абы и тхыдэр, художественнэ-эстетикэ и лъэныкъуэкIэ игъэзащIэ къалэнхэр. Романым и зэхэлъыкIэкIи, и гъэпсыкIэкIи совет тхакIуэхэу А. Фадеевым («Зэхэкъутэныгъэ»), Д. Фурмановым («Чапаев»), Б. Лавреневым («Жьыбгъэ», «ПлIыщIрэ езанэ») я тхыгъэхэм зэрыпэджэжыр. Лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэхэмрэ романым узыщрихьэлIэ персонажхэмрэ. Романым хэт гурыхь образхэр (Хьэсэн, Бэчыр, Увжыкъуэ, Забыт, н.). Жьымрэ щIэмрэ, емрэ фIымрэ я зэныкъуэкъур тхакIуэм зэрызэфIих художественнэ Iэмалхэр. Революцэм и цIэкIэ пыIэм щIыгъуу щхьэри къэзыхьыну хьэзыр «комиссар плъыжьым» и пIэкIэ гупсысэ, укIытэ, щIэпхъаджагъэ ищIам хущIегъуэж образ (Хьэсэн) адыгэ литературэм япэу тхакIуэм къызэрыхишар. Хьэсэн и образым зыужьыныгъэ щIимыгъуэтар, ар лъэпкъ прозэм щапхъэ щIыхуэмыхъуам и щхьэусыгъуэхэр. Романым и гъэпсыкIэр, и бзэр. **ДыщэкI Мухьэмэд Пщыкъан и къуэр** (1902–1943). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и публицистикэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Пшэплъ» романыр. 20 гъэхэм жылагъуэм щытепщэу щыта парт къыхуеджэныгъэхэм я Iэужьу романыр зэрыщытыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		Романым и ухуэкIэр, и сюжетыр. Абы къыщыхъу IуэхугъуэхэрзыадыгэжылагъуэцIыкIумигъунапкъэмзэримыкIыр. ПублицистикэщэнхэркъызэбэкIтхыгъэмОктябрьреволюцэмипэкIэадыгэмэкъумэшыщIэхэмяпсэукIар, къуажэдэсхэмяку дэлъазэхущытыкIэхэр, ягупсысэмкъыщыхъузэхъуэкIыныгъэхэркъызэрыщыгъэлъэгъуэжар. «Автор псалъэм» («авторское отступление») тхыгъэмщигъэзащIэкъалэныр. ТхакIуэмкъигъэсэбэпхудожественнэIэмалхэр (зэгъэпщэныгъэр, егъэлеиныгъэр, сурэтхарактеристикэр, антитезэр, н.), образхэркъэгъэщIынымкIэабыхэмягъэзащIэкъалэнхэр, зэранщыхъущIыпIэхэр. Гурыхьобразхэмрэ (Хьэмид, Уэсмэн, ЛутI, Мусэ, Сырымэ, Захаров) гурымыхьхэмрэ (Тембот гъум, Жамырзэ пэгъым, Къасбот нэф, Жамбот дэгу, н). Назыч и образыр. ПщащэмрэУэсмэнрэяку дэлъгурыщIэмзригъэужьыну тхакIуэрщIытемыгушхуэр. Романыр нэмытхысауэ къызэрынар, абы и щхьэусыгъуэхэр. **Къуэжей Сосрыкъуэ Мухьэмэд и къуэр** (1901–1937). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «ЩIэ» повестыр. АдыгэбзэкIэ тха япэ повестыр зытеухуар, и гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр. Повестым и фIэщыгъэцIэм тхакIуэм щIилъхьэ гупсысэр. Адыгэ къуажэр псэукIэщIэм зэрыхьхьэр: жьымрэ щIэмрэ, гупымрэ цIыху щхьэзакъуэмрэяку къыдэхъуэ зэныкъуэкъухэр, ахэр тхакIуэм зэрызэфIих IэмалхэрКомсомол-щIалэгъуалэ бригадэм щекIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэр. Повестым и образ системэр, абы хэлъ ехъулIэныгъэхэмрэ нэмыщIысыныгъэхэмрэ. Къуэжей С. япэу къиIэта темэм лъэпкъ литературэм щигъуэта зыужьыныгъэр, ар «къуажэ прозэкIэ» зэджэ литературэ унэтIыныгъэм зэрыхуэкIуэжар. * * * Лъэпкъым и блэкIа гъащIэр, цIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм - щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ – папщIэ иригъэкIуэкI бэнэныгъэр художественнэ IэмалхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэхэр: **Нало Ж.** и «ЩIэдзапIэ» повестыр, **ЩоджэнцIыкIу А.** и «Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Кхъужьей щIагъым», **Махъсидэ З.** «Хьисэ и махуэ блэкIахэр», «Хабзэжь удын», **Тобыл Т.** «Жалдуз» рассказхэр, н., абыхэм я мыхьэнэр. **Теунэ Хьэчим Исхьэкъ и къуэр** (1912–1984). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. «Аслъэн» повестыр лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэщIэ зэрыхъуар. Художественнэ конфликтым тхыгъэм зэрызыщиужьыр, лъэхъэнэмрэцIыхухэм я псэукIэмрэ повестым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. И гуащIэкIэ псэуж цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и бэнакIуэ Аслъэн зэрыхъур, образым игъуэт зыужьыныгъэр. Лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу повестыр зэрыщытыр.		
5.	Адыгэ лъэпкъ усыгъэр	Лъэпкъ усыгъэм 30 гъэхэм нэхъыбэу къиIэту щыта темэхэр. Адыгэ лирикэм и япэ лъэбакъуэхэр, абы и зыужьыныгъэр зи фIыщIэ усакIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу А., Борыкъуей ТI., Къылышбий И., ЩакIуэ Т., Чым (Тэхъу) П., КIыщокъуэ А., Хьэбэчыр Б., Уэхъутэ А., Темыр С., Гъуэщокъуэ Хъу., Пщынокъуэ А., н.). Зэманым къигъэув IуэхугъуэхэрцIыхубэм къагурыгъэIуэн къалэныр усыгъэм игъэзащIэу зэрыщытар, абы и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэхэр. IуэхугъуэгуэрымХэкумщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм жыджэру хэтынуцIыхубэр	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		къыхуеджэным ехьэлІа (лозунг) поэзием и лІыкІуэхэр. **Борыкъуей ТІутІэ Мухьэмэд и къуэр** (1888–1937). УсакІуэм и гъащІэмрэ и жылагъуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Борыкъуейм и усэхэр («Сыхьэт махуэ дэ дежьащ», «Пионер уэрэд», «КИМ», «Октябрым и 25-р», н.). Гъуазджэм и хабзэхэмкІэ абыхэм фІагъ яІэр. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр къызытещ, адыгэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэр дэзыгъэлъэгъуж тхыдэ фэеплъу а усэхэр зэрыщытыр. НыбжьэгъущІэхэр фІым къыхуеджэным, гъэсэным, лэжьыгъэм хузэщІэгъэуІуэным усэхэм укъызэрыхураджэр. Борыкъуей ТІ. лъэпкъ педагогикэм, тхыбзэм зегъэужьыным, абы алыфбеищІэ хузэхэлъхьэным ехьэлІауэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр. Ар зэдзэкІакІуэ Іэзэуи зэрыщытар. А. Пушкин, М. Лермонтов, Л. Толстой, А. Гайдар я тхыгъэхэу абы зэридзэкІахэр. Лъэпкъ литературэм ахэр гъуазэ зэрыхуэхъугъар. * * * 30 гъэхэм адыгэ усыгъэм и жанрхэми лІэужьыгъуэхэми зэрызаужьар. Поэмэ жанрым и ехъулІэныгъэхэр. Лъэпкъ усакІуэ нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри я къарум абы зэрыщеплъыжар. Жанрым и зыужьыныгъэм хэлъа ехъулІэныгъэхэр, ныкъусаныгъэхэр. ЦІыхубэ уэрэдхэмрэ автор зиІэ уэрэдхэмрэ (ЩоджэнцІыкІу А., Къэжэр И., н.).		
6.	ЩоджэнцІыкІу Алий	УсакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЩоджэнцІыкІу А. и творчествэм и лъэхъэнэхэр (усакІуэ ныбжьыщІэм и япэ тхыгъэхэр дунейм къыщытехьар; 20 гъэхэр – 30 гъэхэм я пэщІэдзэр; 30 гъэхэм я кІэухымрэ 40 гъэхэм я пэщІэдзэмрэ). УсакІуэм и творчествэр лъэхъэнэрэ гуэшыныр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр. ХХ лІэщІыгъуэм и 20–30 гъэхэм Хэкум щекІуэкІа тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр. Лъахэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм усакІуэр зэрахущытыр. Къыхуеджэныгъэм (лозунг) и нэпкъыжьэ зытелъ усэхэр («ФІохъус апщий!», «ОНО», «Къэбэрдей егъэджакІуэ курсантхэ!», «Сабий тхьэмпэ», «Къэрэхьэлъкъ газетым и тхьэусыхэ», н.), апхуэдэхэм усакІуэм и творчествэм узэщІыныгъэ щІагъуэ щІыщамыгъуэтар. ЦІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, щІэблэр гъэсэным, лэжьыгъэ хьэлэлым укъыхуезыджэ усэхэр («Бахъсэнухуэ», Къэбэрдей цІыкІум и махуэ», «Линэ трактористкэщ», «Сэтэней», «Сэтэней дахэ», «Бэв усэ», «ДгъэкІынщ жызум хадэ», «Бэвыгъэм», «Стахановцхэр», «Си махуитІ гъащІэ», н.). ЩоджэнцІыкІу А. и пейзаж усэхэр («Пщэдджыжь», «ЩІымахуэ», «Бжьыхьэ», «Гъатхэ», «Къулъкъужын и зы махуэ», «Налшык», «Май», «Гъэмахуэ пщэдджыжь», н.). ЩІыуэпсым и теплъэ зэхуэмыдэхэмрэ цІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэмрэ усакІуэм зэрызэрипхыр, абыкІэ къигъэсэбэп художественнэ Іэмалхэр. УсакІуэм и ауан усэхэр («Дохутыр джэддыгъу», «Къербэч и пщэдейхэр», «Къаплъэт мыдэ», «Вася», «КІэрахъуэшхуэ», «ІукІ», н.). ЖиІэмрэ ищІэмрэ зэтемыхуэхэр, напитІхэр, Іулъхьэ къеІызыххэр, фадэм итхьэкъуахэр, зи бзэр къызыфІэмыІуэхужхэр, унафэщІ щыкІахэр и ауан усэхэмкІэ утыку къызэрырилъхьэр. ЩоджэнцІыкІу А.І. адыгэ лирикэм хуищІа хэлъхьэныгъэр, и лъэхъэнэгъухэм я гурыгъу-гурыщІэхэр абы къызэрыхэщыр («ЛІыкІуэ», «Нэкъулэн», «ГурыщІэ дыдж», «Лалинэ», «Си нитІыр ныхоплъэ», «Жэуап»,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		«ПщIащэ закъуэ», «Къафэ-уэрэд», н.). Поэмэхэр («ЩIымахуэ жэщ», «Къызбрун», «Сохъуэхъур», «Мадинэ»). Адыгэхэм я гъащIэ блэкIар, лъахэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр а тхыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Поэмэхэм хэт персонажхэр. А тхыгъэхэм усакIуэм къыщехъулIахэр, поэмэ жанрым лъэпкъ литературэм щигъуэта зыужьыныгъэм и щIэдзапIэу ахэр зэрыщытыр. **«Къамботрэ Лацэрэ»** романыр. Лъэпкъым и тхыдэмрэ романым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Я щхьэхуитыныгъэм папщIэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Лъэпкъ IуэрыIуатэм и поэтикэмрэ романымрэ. ЛIыхъужьыгъэ эпосыр лъэпкъым и дунейр къызэрызэIуих IункIыбзэ усакIуэм зэрыхуэхъуар. КъуэкIыпIэ лъэпкъхэм я усыгъэмрэ романымрэ. Романым и образ системэр: Къамбот, Лацэ, Хьэсанш, Тембот сымэ я образхэр, лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэщIэу ахэр зэрыщытыр. Романым и композицэр, IуэрыIуатэм и художественнэ Iэмалхэр къызэрыщыгъэсэбэпар, и бзэм и къулеягъыр. Лъэпкъ усыгъэм романым щиубыд увыпIэр, абы и мыхьэнэр. ЩоджэнцIыкIу А.I. и прозэр («Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Кхъужьей щIагъым» рассказхэр). Ахэр лъэхъэнэм щыIа Iуэху еплъыкIэхэм къагъэщIауэ зэрыщытыр. Адыгэхэм я псэукIар, мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэм я гъащIэ хьэлъэр, я хуитыныншагъэр рассказхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Тхыгъэхэм я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр. ЩоджэнцIыкIу А. I. и творчествэм лъэпкъ литературэм щиубыд увыпIэр.		
7.	Драматургиер	**Драматургиемрэ лъэхъэнэмрэ.** Зэманым къигъэщIа, абы и нэпкъыжьэ зытелъ драматургие лэжьыгъэхэр. **Нало** Жансэхъу. «Къэхъун»; **Тобыл** Талъустэн. «Зули», «Зэрылэ»; **Тубай** Мухьэмэд. «Мэжидрэ Марятрэ»; **Шортэн** Аскэрбий. «Батыр и къуажэ» («Мурат»), **Чым** Тембот. «ЛIыжьхэр». Абыхэм я сюжетхэр, художественнэ конфликтхэр, ягъэзащIэ къалэнхэр. Жанрым и зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр. АдыгэбзэкIэ зэрадзэкIыурэ урыс, нэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм я пьесэхэм къытращIыкIыурэ лъэпкъ театрым щагъэува спектаклхэр, абыхэм я мыхьэнэр. **ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан** и «КIуэрыгъуэт» трагедиер. Пьесэм и сюжетым IуэрыIуатэ лъабжьэ зэриIэр. ФIыуэ зэрылъагъу ныбжьыщIэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр, абы цIыхубэр къыхэша зэрыхъур. ГъэпщылIыныгъэр щытепщэ жылагъуэм цIыху къызэрыгуэкIым ифI зыхэлъхэр щыпхыкIынкIэ Iэмал зэрыщымыIар тхакIуэм къызэригъэлъэгъуэжыр. Пьесэм и сюжетри, щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри а зэманым дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм зэрещхьыр (ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ» романым, Тубай М. и «Мэжидрэ Мэрятрэ» драмэм, н.), ар къызыхэкIа щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. «КIуэрыгъуэтыр» адыгэбзэкIэ тха пьесэу япэу спектакль къызытращIыкIауэ зэрыщытыр, лъэпкъ драматургием и гъуэгугъэлъагъуэ ар зэрыхъугъар. **КъардэнгъущI Зырамыку** и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэр. Пьесэр тхакIуэм щитха лъэхъэнэр, абы къытращIыкIа спектаклыр лъэпкъ театрым и нэхъыфIхэм ящыщ зы зэрыхъугъар. ЦIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэм –	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		щхьэхуитыныгъэм – папщІэ цІыхубэм ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэм драмэм щиубыд увыпІэр. Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ я образхэр. ФІылъагъуныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ тхакІуэм зэрызэригъапщэ художественнэ Іэмалхэр. ЦІыхур зыІэт, псэр зыщІэхъуэпс тыгъэ лъапІэу (образ щхьэхуэу) ар пьесэм къызэрыщыкІуэр. Пьесэм лъэпкъ драматургием щиубыд увыпІэр. * * * *КъызэщІэзыкъуэж псалъэ.* ХХ лІэщІыгъуэм и 20–30 гъэхэм гъуазджэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр, литературэм игъуэта унэтІыныгъэщІэхэр. А лъэхъэнэм адыгэ литературэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ къемыхъулІахэмрэ. Ахэр къызыхэкІа щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр.		
	РАЗДЕЛ III. АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭР ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ И ЛЪЭХЪЭНЭМ			
8.	Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм	Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакІуэхэр (ЩоджэнцІыкІу А., Къэжэр И., КІыщокъуэ А., Хьэнфэн А., Шортэн А., Ахъмэт М., Гъуэщокъуэ Хъу., ХъытІу С., КІуащ Б., Мысрокъуэ С., Къущхьэ Б., ЩоджэнцІыкІу І., ЩоджэнцІыкІу Н., Нало А., Къардэн Б., Къуэныкъей М., Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къызыфІаща Андырхъуей Хъу., Хьэдэгъэлі А., Еутых А., Щхьэплъакъуэ Хь., н.). Абыхэм я лІыгъэр цІыхубэм щапхъэ зэрахуэхъуар. Литературэм и жанрхэм ящыщу зауэ лъэхъэнэм зыужьныгъэ нэхъыбэ зыгъуэтахэр: цІыхубэр зэщІэзыгъэуІуэ, текІуэныгъэм къыхуезыджэ (агитацэ) поэзиер, одэмрэ ауан-щІэнэкІалъэмрэ, очеркхэр; зауэм теухуа япэ прозэ тхыгъэхэр. Публицистикэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ. А илъэсхэм къыдэкІа тхылъхэр, сборникхэр («Псоми Іэщэ къафщтэ», «Родинэм и хьэтыркІэ», «Зауэм и фронтхэм», «ТАСС-м и щхьэгъубжэ», «Ауаным бийр еукІ», н.), газетхэр, бюллетенхэр. Хэку зауэшхуэр цІыхубэ ІуэрыІуатэм къызэрыхэщыжыр. ТекІуэныгъэм укъыхуезыджэ усэхэр. **ЩоджэнцІыкІу Алий.** «Шагъдий гъэшхахэм техутэ», «Псоми Іэщэм зефт», «Дэ дытекІуэнщ» усэхэр, «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэр, нэгъуэщІхэри. Псалъэм и къарукІэ усакІуэм Хэкум и хъумакІуэхэм ярит чэнджэщхэр. «Нырес си псалъэр уи деж» поэмэм лъэхъэнитІ зэрызэпищІэр. БлэкІа лъэхъэнэхэр и щапхъэу Хэкур, лъахэр зыубыдыну хущІэкъу фашистхэми я Іуэху фІейхэр къазэремыхъулІэнур усакІуэм быдэу и фІэщ зэрыхъур. ЩоджэнцІыкІум и зауэ (военнэ) поэзием хэкур фІыуэ лъагъуным, абы къыщхьэщыжыным къыхуезыджэ пафосыр ебэкІыу, ар гу къабзэм, псэ хьэлэлым къигъэщІу зэрыщытыр. **ЩакІуэ Талъостэн Исхьэкъ и къуэр** (1890–1972). ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩакІуэ Т. и япэ усыгъэхэр. Абыхэм лъэхъэнэм я нэпкъыжьэ зэрателъыр («Ленин», «Максим Горькэм папщІэ», «Октябрь», «Колхоз хьэмым», «Гъубжэрэ уадэрэ», «Майм и 1», «ЛІыжь съезд», н.). ЩакІуэ Талъостэн и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса «ГъащІэм и лъэбакъуэхэр» (1969) тхылъыр. 1916–1945 гъэхэм къриубыдэу тхакІуэм итхауэ абы ихуа художественнэ тхыгъэ нэхъыфІхэр («Шэджэмыжь Іуфэ», «Іэхъуэ», «ЦІыхубз усэ», «Дзадзунэ и уэсят», «Батыррэ Тэужанрэ», н.). Хэку зауэшхуэм ди хэкуэгъухэм щызэрахьа лІыгъэм теухуауэ усакІуэм итха усэхэр («Ахьмэдхан», «Къубатий» (1943), н.). Зауэм теухуа темэм лъэпкъ литературэм	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		зыщиужьынымкIэ я тхыгъэхэм яIа мыхьэнэр. Усэхэм я гъэпсыкIэм, бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. ЩакIуэ Т.И. и прозэ тхыгъэхэр («Трактор» рассказыр, сабийхэм папщIэ «ЕIуящIэ» рассказ циклыр, «Алий цIыкIу» повестыр, н.). «Алий цIыкIу» повестыр (1960) зытеухуар, тхакIуэм абы къыщиIэт гупсысэхэр. Повестым иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. ТхакIуэм и творчествэм лъэпкъ литературэм щиубыд увыпIэр. Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. **КIыщокъуэ Алим.** УсакIуэм и зауэ гъуэгуанэр, фронтым здыIутым ар зыдэлэжьа газетхэмрэ журналхэмрэ. «Бгы лъапэхэм деж» усэ сборникыр, «Усэ къарукIэ бийр бгъэсу…», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу», «Шыхулъагъуэ» усэхэр, усакIуэм и публицистикэ тхыгъэхэр. 40 гъэхэм и пэщIэдзэхэм КIыщокъуэр лIыпIэ иува усакIуэу зэрыщытар, а лъэхъэнэм абы итхахэм философие гупсысэ куу зэращIэлъыр. КIыщокъуэ А. и зауэ (военнэ) лирикэр щызэпкърыха литературэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр (Сокъур М. «КIыщокъуэ Алим и лирикэр»; «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр», Налшык, 1965; «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ». Налшык, 2010). **Бекъул Барэсбий.** «Дэ дытекIуэнщ» усэ сборникыр. Тхылъым ихуа усэхэр зытеухуар, абыхэм къыхуеджэныгъэ къалэн зэрагъэзащIэр. И мурадым ирилъэIэсын папщIэ, усакIуэм къигъэсэбэп литературэ Iэмалхэр. **ХьэхъупащIэ Амырхъан.** «Къэбэрдей партизанхэр» поэмэр, «Хэку зауэшхуэ» усэр, н. **Гъуэщокъуэ Хъусин.** «ЛIыгъэр ажалым текIуащ» и поэмэр, и усэхэр. **Уэхъутэ А., Хьэнфэн А.** сымэ лIыхъужьыгъэм укъыхуезыджэ я усэхэр. Лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным, цIыхубэр текIуэныгъэм хузэщIэгъэуIуэным зауэм щыIэхэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэ Iутхэмрэ къыхуезыджэ **драматургие** лэжьыгъэхэр: **Шортэн А.** «Луизэ», «Танкистщ» пьесэхэр; **Акъсырэ З.** «Гъавэм папщIэ», «Дахэнагъуэ», «Дыгъэр къыщыщIэкIым»; **Къэбэрдокъуэ А.** «Асхьэд и щхьэ»; **Теунэ Хь.** «ЗэхэгъэкIыныгъэ»; **Тубай М.** «Къэбэрдей щIалэ», **Елмэс Хь.** усэу тха и «Жамбот» пьесэр, н. **Прозэм** и жанр цIыкIухэм (рассказ, новеллэ, очерк) къыщаIэт темэхэр, ахэр зэрызэфIах художественнэ Iэмалхэр. **Шортэн А.** и рассказхэмрэ очеркхэмрэ («Офицерым и гъуэгуанэ тхылъым щыщ», «Псэемыблэжхэм я ныпэ», «Атакэ нэужьым»); **Къашыргъэ Хь.** «Зы жэщ» и рассказыр, н. Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэм лъэпкъ литературэр къызэрызэтемыувыIар, лъагапIэщIэхэм я щIэдзапIэ ар зэрыхъуар.		
	РАЗДЕЛ IV. АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭР 1945 - 1950 ГЪЭХЭМ			
9.	Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр	*Хэзыгъэгъуазэ.* Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр. Зауэм зэхикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным хуэунэтIауэ ди цIыхухэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэр; гъуазджэм и IэнатIэм и лэжьакIуэхэр а Iуэхум зэрыхэтар. Зауэ нэужь лъэхъэнэм цIыхухэм я псэукIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. Зауэм цIыхухэм я гъащIэм къытрина фэбжьхэр литературэ тхыгъэхэм къызэрыхэщыжыр. Совет Союзым и тхакIуэхэм я етIуанэ съездыр, литературэм и къалэнхэмрэ мурадхэмрэ зэгъэхъулIэным теухуауэ абы иубзыхуа гъуэгур: лъэпкъ литературэхэм дежкIэ абы фIырэ щыщIэныгъэу къишар.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		Къэрал политикэ, идеологие ткIийр 50 гъэхэм и пэщIэдзэхэм нэхъ къэщабэу зэрыхуежьар. «IувыкIыжыгъуэкIэ» («оттепель») зэджэ лъэхъэнэр (1953–1964). Терминыр къызэрежьар, гъуазджэм къыщыхъуа зэхъуэкIынытъэхэм тещIыхьауэ а пIалъэ кIэщIыр лъэхъэнэ щхьэхуэурэ бгуэшыж зэрыхъур. Лъэхъэнэщ Iэм къыдежьа литературэ унэтIынытъэщIэхэр. Абыхэм яжь лъэпкъ литературэхэм зэращIихуар: «мардэ» къупхъэм ибэкъукIыу, пэж ныкъуэжьыIэм къыпыкIыу ахэр зэрыхуежьар, абы и щапхъэхэр. Зауэм ипсыхьауэ, я дуней еплъыкIэри, Iэзагъри иузэщIауэ къыхэкIыжу лъэпкъ литературэм къыхыхьэжа тхакIуэхэр (КIыщокъуэ А., Шортэн А., Къардэнгъущ I З., Тубай М., Нало А., Къардэн Б., Хьэнфэн А., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцIыкIу I., ХъытIу С., Ахъмэт М., н.). Зауэ IэнатIэм пэрыт цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм теухуа тхыгъэхэр дунейм къытехьэным, я творчествэм зиужьыным лъэхъэнэщIэм ифI зэрекIар. «Къэбэрдей» альманахыр, адыгэ литературэм зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр. «IуащхьэмахуэЗ» литературэ-художественнэ журналым (1958) и япэ лъэбакъуэхэр.		
10.	Лъэпкъ прозэр. Шортэн Аскэрбий.	**Лъэпкъ прозэр.** Хэку зауэшхуэмрэ абы и Iэужьхэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Лъэхъэнэм къыдэунэхуа литературэ унэтIынытъэхэр: «къуажэ» прозэр, «тхыдэ» прозэр, «къалэ е прозэ IущкIэ» (интеллектуальнэ) зэджэр. Автор уэрэдхэмрэ цIыхубэ уэрэдхэмрэ, абыхэм ягъуэта зыужьынытъэр. Документальнэ тхыгъэхэм «зауэ прозэм» щаубыд увыпIэ хэхар. Лъэхъэнэщ Iэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ. **Шортэн Аскэрбий ТIэхьир и къуэр** (1916–1985). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Зауэм и хьэлъэхэр зытещIэ зауэлI къызэрыгуэкIхэм я дунейр, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я гъащIэм пIалъэ кIэщIкIэ къыхэхуэ гуфIэгъуэхэм теухуа рассказхэр («Атакэ нэужьым», «Балъкъ деж», «ЛIыгъэм и вагъуэ», «Псэемыблэжхэм я ныпI», «Iэщыхъуэм къиIуэтэжа», н.). Шортэн А. и щIэныгъэ-документальнэ лэжьыгъэхэр: «КIыщокъуэ Алим» (1947), «Къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий» (1950), «Мыпсэхыж шу» (1950), «Пшынауэ» (1952), «Нэгумэ Шорэ» (1952), «Къэзанокъуэ Жэбагъы» (1955), нэгъуэщIхэри. Шортэн А. и драмэ лэжьыгъэхэр («Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ», «Мурат», «Зы унагъуэ гуэрым», «ИгъащIэкIэ», «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ»). Лъэпкъ драматургием абыхэм щаубыд увыпIэр. Лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм теухуа япэ тхыдэ романыр – **«Бгырысхэр»** (1954). Адыгэ литературэм Шортэн А. и роман-тетралогием щиубыд увыпIэр. БлэкIа лIэщIыгъуэхэм лъэпкъым и псэукIар, и жылагъуэ ухуэкIэ-зэхэтыкIэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Кавказ Ищхъэрэр зэIэрагъэхьэн щхьэкIэ къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмкIэ щыIэ къэралыгъуэшхуэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр романым къызэрыхэщыжыр. Адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр: Нэгумэ Шорэрэ Солнцев Степанрэ я образхэр; тхыдэм зи цIэр къыхэна цIыхухэм я образхэр. Романым хэт гурыхь персонажхэр (Бот, Бэтокъуэ, Дэбэч, Зулий, Чылар, н.), адыгэхэр блэкIа лъэхъэнэ жыжьэхэм зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэу щыIахэр а образхэмкIэ къэгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар. Романым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации
11.	ЩоджэнцIыкIу Iэдэм	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и жылагъуэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З;

		ЩоджэнцIыкIу I. и дуней еплъыкIэр зауэм зэрипсыхьар, гъащIэм нэхъ куууэ егупсыс зэрищIар. Ахэр зыхэплъагъуэ и тхыгъэхэр. ТхакIуэ-пацифистым и лирикэ повестхэр. Лирикэ лIыхъужьымрэ цIыхубэмрэ, лIыхъужьымрэ къэралымрэ. Зауэ нэужьым лъэхъэнэщIэ хыхьэ лъэпкъ литературэм и гъатхэпежьэ **«Софят и гъатхэ»** (1955) повестыр зэрыхъуар. Повестыр зытеухуамрэ щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм хэт гурыхь образхэр, абыхэм ядэплъагъу хьэл-щэнхэмрэ къапкърыкI гъэсэныгъэ къарумрэ. Повестым и гъэпсыкIэр, и бзэр.		дискуссии; презентации
12.	Къашыргъэ ХьэпащIэ	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Хэку зауэшхуэм и зэманым и лъэпкъэгъухэр зыхэта гугъуехьхэм теухуа прозэ тхыгъэхэр («Зы жэщ», «Зауэм и губгъуэхэм», «ТIасхъэщIэх», «ГуфIапщIэ», н.). Зауэм зэхикъута къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэфIэгъэувэжыным, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыжыным хуэунэтIауэ ди щIыпIэм щекIуэкIа лэжьыгъэшхуэр, зауэлI фащэр щызыхыжу мамыр IэнатIэ пэрыувэжа цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр **«Насыпым и хэкIыпIэ»** (1957) романым къызэрыхэщыжыр. Зауэ нэужь лъэхъэнэм адыгэ къуажэм и щытыкIар: абы щызэхэт колхозыр зыхэта гугъуехьхэр, зауэм къулейсыз ищIа къуажэдэсхэм я псэукIар романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Сыт хуэдэ гугъуехьми цIыху гуащIафIэхэм я зэхэщIыкIымрэ лэжьыгъэ хьэлэлымрэ зэрытекIуэр романым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации
13.	Уэхъутэ Абдулыхь	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Адыгэм и хьэл-щэныр, ар зыхэпсэукI дунейр, лъэхъэнэм и нэщэнэхэр Уэхъутэ Абдулыхь и рассказхэм («Шу щыпкъэ», «ЕтIуанэ зэIущIэгъуэ», «ИлъэсипщI текIа нэужь», «Дарий чысэ», «Хьэбибэ и щыхьэкIуэ», «Алъхъэс и къуэ Тугъэн», н.) къызэрыхэщыр («Хужьэ и къуэладжэ». Рассказхэмрэ поэмэхэмрэ, 1960).	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации
14.	Къущхьэ СулътIан	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Лъэпкъ прозэм зэманым и лIыхъужьхэр тепщэ зэрыщыхъур, психологизмэр, лиризмэр нэхъ зыщаубгъуу зэрыхуежьар Къущхьэ С. и рассказхэм къызэрыхэщыр («ШагъдиитI», «Механик», «Пшагъуэ», «ЩIакIуэ щIагъым», «Анэ», н.). ТхакIуэм лъэпкъ литературэм къуажэдэс ныбжьыщIэхэр, псом япэу IэщIагъэ зэзыгъэгъуэту зыгъэзэжахэр къызэрыхишар. Абыхэм я хъуэпсапIэхэр, зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр гъэщIэгъуэну утыку къызэрырихьэр. Къуажэ интеллигенцэм и гъащIэм теухуа тхыгъэу абы и рассказхэр зэрыщытыр. ТхакIуэм «жанр цIыкIухэм» я гъэпсыкIэм, образхэм я зыузэщIыкIэм, художественнэ конфликтым щIэуэ хилъхьахэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации
15.	Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыны-гъэхэр	ТекIуэныгъэм цIыхухэм къахуихьа гуфIэгъуэмрэ «гукъэкIыж дыджхэмрэ» щызэхэухуэна усэхэр. ЗауэлI гъуэгуанэр зауэм хэта усакIуэхэм (КIыщокъуэ А., ЩоджэнцIыкIу I., Уэхъутэ А., КIуащ Б., Гъуэщокъуэ Хъу., Хьэнфэн А., ЩоджэнцIыкIу Н., н.) къызэрагъэлъагъуэжыр, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Лъэпкъ лирикэм игъуэта зыужьыныгъэр, адыгэ усэ гъэпсыкIэм зэрызиузэщIар, ар зи фIыгъэ усакIуэхэр. Философие гупсысэхэм къагъэщIа медитативнэ лирикэр, граждан, лъагъуныгъэ усэхэр. УсакIуэхэм художественнэ IэмалхэмкIэ цIыхугъэм, лъэпкъ хабзэм, цIыхухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм ехьэлIа Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		КІыщокъуэ Алим. УсакІуэм и зауэ лирикэр. «Шум и гъуэгу» (1946), «ЩІалэгъуэ пшыналъэ» (1947), «Стихи» (М., 1951), «Усэхэр, уэрэдхэр, поэмэхэр» (1953), «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (1956) усэ сборникхэр. Лъэпкъ усыгъэр, лирикэр зэрыкІуэну гъуэгур убзыхунымкІэ КІыщокъуэ А. 50 гъэхэм къыдигъэкІа усэ тхылъхэм яІа мыхьэнэр. **Гъуэщокъуэ Хъусин.** УсакІуэм и пейзаж лирикэр. Гъэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр усакІуэм къызэригъэлъагъуэ художественнэ Іэмалхэр. Абы и усэхэр гуфІэгъуэкІэ гъэнщІауэ, хъуэпсапІэ лъагэхэм укъыхуагъэушу зэрыщытыр. ЛэжьакІуэ пэрытыр усакІуэм зэриІэтыр, «хамэ пщІэнтІэпскІэ псэухэм» я дуней тетыкІэр зэримыгъэдахэр («ГуащІэдэкІым и уэрэд», «ГуфІэгъуэ», «Гум и макъ» усэ тхылъхэр, нэгъуэщІхэри). **ЩоджэнцІыкІу Іэдэм.** ЦІыху лэжьакІуэр, и гъащІэр езым и ІэкІэ зыузэщІыж, и насыпым хущІэкъу ухуакІуэр ЩоджэнцІыкІу І. и усэхэм зэрыщигъэлъапІэр. УсакІуэм и япэ усэ тхылъхэр («Гухэлъ усэ», 1951; «Гумызагъэ», 1958; «Лирикэ», 1958; «Восхождение» (М., 1959), нэгъуэщІхэри). **Щомахуэ Амырхъан.** УсакІуэм гухуабагъэрэ фІылъагъуныгъэшхуэкІэ гъэнщІа и сабий усэхэр, ахэр лъэпкъ сабий литературэм и псыпэ зэрыхъуар («Сабийхэм папщІэ усэхэр» (1949); «Унэ нэху» (1953); «Жамбот и Камбот» (М., 1957); «Зэраншу» (1958) усэ тхылъхэр, нэгъуэщІхэри). **Хьэнфэн Алим** лъэпкъ сабий литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр. УсакІуэр адыгэ лирик нэхъыфІхэм зэращыщыр, абы и усэхэм Хэкур, жылагъуэ Іуэхухэр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр, мамырыгъэр хъумэныр темэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр («Япэ лъэбакъуэхэр» (1955), «ГъащІэм и пшыналъэ» (1960), «ЦІыхугъэ. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (1963) усэ тхылъхэр).		
16.	50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакІуэхэр	**50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакІуэхэр.** Адыгэ лъэпкъ усыгъэр лъагапІэщІэхэм хуэзыша усакІуэхэм я япэ усэ тхылъхэр: ХьэхъупащІэ Хь.Хь. «Насыпым и вагъуэхэр» (1950); ЩоджэнцІыкІу Н. «Усэхэр» (1955); Мысачэ П. «Къурш псынэ» (1955), «Уэращ зи фІыщІэр» (1958); Балъкъэр Ф. «Нэхущ» (1958); Елгъэр К. «Дыгъэ къыщыщІэкІым» (1958), «Псыкъелъэм и уэрэд» (1959); Нало З. «Бзухэм я бзэр» (1959); Жаным Б. «КъудамэщІэ. Усэхэр» (1959); Гъубж М. «Акъужь гуакІуэ» (1960); Тхьэгъэзит З. «Бгым сыдокІ» (1960), нэгъуэщІхэри. Лъэпкъ лирикэм зиужьынымкІэ абыхэм яІа мыхьэнэр. **КІуащ БетІал Ибрэхьим и къуэр** (1920–1957). И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. КІуащ Б. лъэпкъ усыгъэм и «Іэпкълъэпкъыр» жан зэрищІар, абы и бзэм, и гъэпсыкІэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр. «ЩІалэгъуэм и усакІуэ уахътыншэу» абы литературэ критикхэр щІеджэр. УсакІуэм и усэ тхылъхэр: «Си гъащІэм и гуащІэ» (1950), «Салам» (1955), «Всегда со мной» (1957), «Родина моя» (1957). Лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэ ахэр зэрыхъуар. УсакІуэм и граждан лирикэр, цІыхухэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр абы зэрыщыгъэлъэпІар. Хэкум, лъахэм, адыгэ лъэпкъым теухуа усэхэр («Къэбэрдей», «Уэр мыхъуам, сыбгъэ дамэншэт», «Сыт сызыщышынэр?», «Си Хэку», «Мамырыгъэ», «Индыл», н.). КІуащ Б. и гухэлъ (лъагъуныгъэ) лирикэр («Си псыхъуэгуащэ», «Уэрэ сэрэ щэхуу дызэхуозэ», «Лъагъуныгъэ…», «Уджым ухэту уздекІуэкІым», «Сэ солъагъу гу тхьэкъуу розэ…», н.). УсакІуэм и лиро-эпикэ тхыгъэхэр: «Нэху»,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

		«ДжонитI», «ХьэжыщI», «Адэ», «ЩIалэгъуэ щIыналъэ» тхыгъэхэр, балладэхэр. КIуащ Б. адыгэ усэ гъэпсыкIэм щIэуэ хилъхьахэр, къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.		
17.	Лъэпкъ драматургиер	Адыгэ драматургхэм я къэлъыхъуэныгъэщIэхэр: зэманым къигъэщI Iуэхугъуэ гугъухэр зэрызэфIахыр, лIыхъужьыщIэхэр утыку къызэрырашэр (Шортэн А. «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» (1947), «Зы унагъуэ гуэрым» (1955); КIыщокъуэ А. «Алъхъо» (1950); Щоджэн М. «ГуфIэгъуэ пщэдджыжь» (1953); Къардэн Хь. «Гухэм я хуабэ» (1950), «Гъуэгу пэж» (1959); Тубай М. «Насыпыр хъумэ» (1960), н.). Комедие жанрым игъуэта зыужьыныгъэр. Жылагъуэм хуэгъэзауэ публицистикэ къалэн зыгъэзащIэ ауан, гушыIэ пьесэхэр (ЩхьэгъэпсО М. «ТIэмашэ и бынунагъуэ» (1944), «МыхъущIэ Марзидан» (1958); Тубай М. «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ» (1953), «Жьэрыплъэ» (1954); Къардэн Хь. «Насыпыншэм фызитI и натIэщ» (1959), н.). **Акъсырэ Залымхъан Алий и къуэр** (1919–1995). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЛъэпкъыМ дежкIэ зэхэгъэкIыпIэу щыта тхыдэ лъэхъэнэхэр къэгъэлъэгъуэжыным ехьэлIауэ драматургым зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр. Драматургымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ. «Дыгъэр къыщыкъуэкIым», «Лашын», «Къызбрун», «ИстамбылакIуэ», «Iэдииху», «Андемыркъан», «Гуащэм и чэщанэ» драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуахэмрэ абыхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Акъсырэ З. и драмэ лэжьыгъэхэм лъэпкъ драматургием и тхыдэм щаубыд увыпIэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации
18.	Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ	Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ литературэм и унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн зэрагъэзащIэр. 50 гъэхэм методологием ехьэлIауэ адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ я пащхьэ къита къалэнхэмрэ ахэр зэрызэрагъэхъулIэфамрэ. Адыгэ литературэм и зыужьыкIэм, жанрхэм, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэм, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэм, адыгэ литературэхэм я къуэпсхэр гъэбелджылыным теухуауэ 50 гъэхэм къыдэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр (Теунэ Хь. «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэмрэ» (1955); Сокъур М. «ЛIыпIэ иувэныгъэ» (1955), «Къэбэрдей литературэм и зыужьыкIэм и IуэхукIэ» (1958); ХьэкIуащэ А. «ЩоджэнцIыкIу Алий» (1958); Къардэн Б. «Бзэмрэ стилымрэ я IуэхукIэ», (1958); Нало З. «IуэрыIуатэм и къулеягъыр литературэм къыщыгъэсэбэпын» (1959); Пщыбий И. «Шэрджэс литературэм и зыужьыкIэр» (1959); Хъупсырокъуэ Хъ. «Адыгэ литературэхэм теухуауэ» (1960); КIурашын Б. «Народ усакIуэм и «кIыщым» (1960), н.). Лъэпкъ литературэм зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр. ***Литературэ щIэныгъэр*** *(литературоведение), ар зэрызэхэт Iыхьэхэр (литературэм и тхыдэ, теорие, критикэ). Абыхэм ядж унэтIыныгъэхэр. Адыгэ литературэр къызыхэхъукIа лъабжьэр, абы и тхыдэ гъуэгуанэр, ар лъэпкъ литературэ зыбжанэу гуэша щIэхъуам и щхьэусыгъуэхэр, адыгэхэм я художественнэ дуней лъагъукIэр къэхутэныр, джыныр зэрекIуэкIар.*	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; З; дискуссии; презентации

4, 5 семестры

«ИСТОРИЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ 60-80-х гг. XX века»

№	Наименование раздела/темы	Содержание раздела	Код контролируемой	Наименовани е оценочного

			компетенции (или ее части)	средства
1	**2**	**3**	**4**	**5**[3]
		РАЗДЕЛ I. ЛЪЭПКЪ ПРОЗЭР 60 – 80 ГЪЭХЭМ		
1.	Хэзыгъэгъуазэ.	Совет къэралым 50–60 гъэхэм къыщыхъуа политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ зэхъуэкIыныгъэхэр. «IувыкIыжыгъуэкIэ» («оттепель») зэджэ лъэхъэнэм и иужьрей илъэсхэр (1961–1963 гъэхэр). ЩIэныгъэлIхэм а Iыхьэр щхьэхуэу къыщIыхагъэщхьэхукIыр, литературэм, зэрыщыту щэнхабзэм абы хуиIа пыщIэныгъэр. Революцэрэ щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэкIэрэ дунейр зэтес щIыным и закъуэ хуэлажьэ совет литературэм нэгъуэщI гупсысэхэр къызэрыхыхьэр, абы и къуэпсхэм жылагъуэм (обществэм), лъэпкъхэм къадекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм, цIыхубэ мифологием, IуэрыIуатэ къулейм, дин-философие щIэныгъэм я лъахэхэм зыщаукъуэдий зэрыхъуар. ТхакIуэхэмрэ жылагъуэмрэ зэхущытыкIэщIэхэр яку къыдэхъуэу зэрыхуежьар; къэзыухъуреихь дунейр зэрыщытым хуэдэу ялъагъуным икIи къагъэлъэгъуэным ахэр ерыщу хущIэкъу зэрыхъуар. Лъэпкъыбэу зэхэт совет литературэр. А къэхъугъэ гъэщIэгъуэным и къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр: классицизмэм и щэну абы хэплъагъуэхэр; литературэ лIыхъужьхэр Iэмал имыIэу гурыхьрэ гурымыхьу гуэшыныр, ущиныгъэр ебэкIыу щытыныр; цIыху щхьэзакъуэм и фIэфIыныгъэр къэрал идеологием и сэбэп зыхэлъхэм щIегъэхъумэныр нэхъ къызэрытIэсхъар, н. Социалист реализмэм литературэр 30–40 гъэхэм зыхуиша «жыпхъэ (нормативнэ) литературэм» къыIэщIэкIыным хуэунэтIауэ екIуэкIа бэнэныгъэр. А илъэсхэм художественнэ тхыгъэхэм ящIэгъущыкIа гупсысэхэр 50–60 гъэхэм къыщIыхьэжу зэрыхуежьар. ***Лирикэ «даущыншэкIэ»*** *зэджэр, и къыщхьэщыкIыныгъэхэр, литературэ унэтIыныгъэм и лIыкIуэхэр. Лъэпкъ куэдым я литературэу зэхэт совет литературэм абы къыхихьа щIэщыгъуагъэр. УнэтIыныгъэм адэкIэ зыужьыныгъэ щIимыгъуэтам и щхьэусыгъуэхэр.* Адыгэ литературэр 60–80 гъэхэм. Абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: литературэм и жанрхэм я зыужьыкIэр Къэбэрдейми, Адыгейми, Шэрджэсми нэхъ зэхуэдэ щыхъуу зэрыхуежьар. 30–40 гъэхэм япэ ищауэ щыта лъэпкъ поэзием прозэр КIэрашэ Т., Шортэн А., КIыщокъуэ А., Къашыргъэ Хь., Теунэ Хь., Уэхъутэ А., Ахъмэт М., ЩоджэнцIыкIу I. Сымэ, н. зэрылъэщIагъэхьэжар. 60 гъэхэм я япэ илъэсипщIым лъэпкъ литературэм къыхыхьа тхакIуэхэмрэ абыхэм я тхыгъэхэмрэ. А илъэсхэм литературэм нэхъыбэрэ къиIэту щыта Iуэхугъуэхэр, социальнэ психологизмэр абы нэхъ куу зэрыщыхъуар. ЦIыхумрэ жылагъуэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ (природэмрэ) яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр зэпкърыхыным, я лъэхъэнэгъухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм ехьэлIауэ зэманым къигъэув упщIэ гугъухэм жэуап тэмэм къахуэгъуэтыным адыгэ тхакIуэхэм нэхъыбэрэ зрапщыт зэрыхъуар (ЩоджэнцIыкIу I., Нало А., Мысачэ П., Кхъуэхъу Ц., ХьэхъупащIэ Хь., ШэджыхьэщIэ Хь., Елгъэр	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

[3] В графе 5 приводятся планируемые формы текущего контроля: защита лабораторной работы (ЛР), выполнение курсового проекта (КП), курсовой работы (КР), расчетно-графического задания (РГЗ), домашнего задания (ДЗ) написание реферата (Р), эссе (Э), коллоквиум (К), рубежный контроль (РК), тестирование (Т) и т.д.

		К., Хъупсырокъуэ Хъ., Къэрмокъуэ М., Дыгъужь Къу., АбытІэ Хъ., нэгъуэщІхэми я повестхэмрэ романхэмрэ). Лъэпкъ усыгъэм лирикэм бжьыпэ щиубыду зэрыхуежьар, а лъэхъэнэм и лирик пашэхэр. Лъэпкъ композитор-уэрэдусхэр, усакІуэхэмрэ абыхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым музыкэ театр иІэ зэрыхъуар, абы щагъэува япэ лъэпкъ оперэ, опереттэ, балет спектакль нэхъыфІхэр. 60 гъэхэм адыгэ тхыбзэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр. Адыгэбзэм и пэжырытхэмрэ нэгъыщэ гъэувыкІэмрэ я хабзэхэр зэрырагъэфІэкІуар (1963 гъэ). Адыгэ литературэбзэм зиужьыным ар сэбэп зэрыхуэхъуар. Тхыдэ Іуэхугъуэ инхэр художественнэ псалъэкІэ къэгъэлъэгъуэжыным адыгэ тхакІуэхэр нэхъ тегушхуэ зэрыхъуар. Тхыдэ къэхъукъащІэхэм лъэхъэнэм и цІыхущІэм и хьэл-щэныр зэрапсыхьыр, и дуней лъагъукІэр, лъапІэныгъэу илъытэу къыдэгъуэгурыкІуэхэр зэрахъуэжыр, и зэхэщІыкІым зэхъуэкІыныгъэ инхэр зэрырагъэгъуэтыр лъэпкъ тхыдэ-революцэ художественнэ тхыгъэ нэхъ пІащэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар (КІыщокъуэ А. и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантІэ» романхэр, Теунэ Хь. и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр, Щомахуэ А. и «Тэрч Іуфэ къыщищІ пшэплъ» романыр, н.). ТхакІуэхэр щыпсэу лъэхъэнэм щыІэ Іуэху еплъыкІэхэм тету тхыдэ Іуэхугъуэхэм зэрабгъэдыхьэм къишэ щыщІэныгъэхэр. 50–60 гъэхэм цІыхубэм и зэхэщІыкІыр нэхъ куу зэрыхъуам, тхылъеджэр зыщІэупщІэ Іуэхугъуэхэм зэрызаубгъуам щыхьэт техъуэ художественнэ тхыгъэхэр. Лъэпкъ прозэм и пащхьэ лъэхъэнэм кърригъэува къалэныщІэхэр: и ухыкІэ хъунум псори щыгъуазэ «сюжет жэбзэжам» къыпыкІыу цІыхум и гупсысэр зыунэтІ Іуэхугъуэхэр, и псэкупсэ (духовнэ) дунейр зыузэщІ къарухэр къихутэну абы тхакІуэхэм къахуигъэув зэрыхъуар. **КІыщокъуэ Алим** и тхыдэ-революцэ романхэр: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантІэ» трилогиер. *Роман-эпопеем и нэщэнэхэр. Романхэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр зы персонажым е унагъуэ, гуп хэха гуэрым зэремыпхар, абы тхакІуэм къыщиІэтахэр хэкупсо, жылагъуэпсо Іуэхуу зэрыщытыр.* Адыгэм и тхыдэр художественнэ ІэмалхэмкІэ итхыжыну тхакІуэм ищІа мурадым и щІэдзапІэ романхэр зэрыхъуар. Трилогием къызэщІиубыдэ лъэхъэнэмрэ тхыдэ къэхъукъащІэхэмрэ (Япэ дунейпсо зауэр, Октябрь революцэр, Бгырыс республикэм и къызэгъэпэщыгъуэмрэ къутэжыгъуэмрэ, Уэсмэн империем и зэхэщэщэжыгъуэмрэ Тырку республикэр къэунэхунымрэ, граждан зауэр, абы иужь илъэс гугъухэр). Тхыдэм и пэжымрэ художественнэ тхыгъэмрэ. 20 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм папщІэ ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэмрэ жылагъуэ зэщІэхъеныгъэхэмрэ романхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Лъэпкъ интеллигенцэр зэрызэфІэувар, абы пыщІауэ щыІа гугъуехьхэр. Іуэху еплъыкІэ, гупсысэкІэ зэхуэмыдэ зиІэ персонажхэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъур тхакІуэм зэрызэфІих Іэмалхэр. ТхакІуэм и Іуэху еплъыкІэмрэ цІыхубэм и Іуэху еплъыкІэмрэ. Лъэхъэнэм и лІыхъужьхэр: Къазджэрий, Инал, Жыраслъэн, Астемыр сымэ я образхэр. И персонажхэм яку къыщигъэхъу конфликтымкІэ, лъэпкъым и блэкІамрэ зыхэпсэукІ лъэхъэнэмрэ зэпэщІигъэувэкІэрэ гупсысэкІэжь		

		щыIахэм тхакIуэр къазэрыпыкIыр. Романхэм я гъэпсыкIэр, я бзэр.		
2.	Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60-80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар	**Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60–80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар**: нэрылъагъу зэхэкъутэныгъэхэмрэ нэрымылъагъуу цIыхупсэм зауэм къытрина дыркъуэхэмрэ; илъэс бжыгъэкIэ зауэлI фащэр щызымыха лIыхъужьыр мамыр гъащIэм хэзэгъэжыным пыщIа гугъуехьхэр. ЗауэлI-тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. ***«Окопэ реализмэкIэ»*** *зэджэр, и нэщэнэхэр, литературэм къызэрыхьхьар. Адыгэ прозэм и жанр зэхуэмыдэхэм ар зэрахэплъагъуэр.* Къашыргъэ Хь. («Лъапсэ быдэ» романыр), Щомахуэ А. («ТIасхъэщIэххэр: рассказхэр» тхылъыр), Къардэн Б. («Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужхэр», «Къызэрыгуэкl къалэнхэр», «КIыхьщ зауэ гъуэгур» тхылъхэр), Нало А. («Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» повестыр, «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» рассказ сборникхэр), КхъуэIуфэ Хь. («Зауэм и IэпапIэхэр» рассказ сборникыр, «Орел умирает в полете» документальнэ повестыр) сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр. **Къашыргъэ ХьэпащIэ** и «Лъапсэ быдэ» романыр. Тхыгъэр дунейм къыщытехьа лъэхъэнэр, тхакIуэм езым и нэгу щIэкIахэр абы и сюжетым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Хэку зауэшхуэм теухуауэ адыгэ тхакIуэхэм ятха «художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ» критикхэм ар къыщIалъытэм и щхьэусыгъуэхэр. Романым къыщыхъу Iуэхугъуэхэр щIыпIэ хэхам – ЛъагапIэ къуажэм – епхауэ зэрыщытыр. ЩIыналъэ зэхуэмыдэхэмрэ лъэхъэнэ зэпэIэщIэхэмрэ къызэщIэзыубыдэ тхыдэ романхэм «Лъапсэ быдэр» къазэрыщхьэщыкIыр. Зауэм и пэщIэдзэм къуажэдэсхэм я псэукIар. Ар къритхэкIыурэ романым и пкъыр тхакIуэм зэрызэригъэубыдыр, персонажхэм я хьэл-щэныр зэрызэхигъэщхьэхукIыр, «нэрымылъагъу фронтым» щылэжьэнухэр тхылъеджэм зэрыригъэцIыхур. А мурадхэр зэгъэхъулIэнымкIэ тхакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэр. ЦIыхухэм я зэкъуэувэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр зыри зыпэмылъэщыжын лъапсэ быдэ зэрыхъур романым и купщIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ар здэплъагъу образхэр: Линэ, Хъыжьэ, Назир, Хьэнахъуэ, Цурэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Романым Хэкур фIыуэ лъагъуным укъызэрыхуриджэр, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Къашыргъэ Хь. и образ къэгъэщIыкIэр, ар гукъинэж зэрищI художественнэ Iэмалхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэмрэ песонажым и псэм щыщIэхэмрэ зэрызэхиухуанэ щIыкIэхэр, и бзэм и дахагъымрэ и къулеягъымрэ. **Къардэн Бубэ** и зауэ (военнэ) прозэр. Зауэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ тхакIуэм и художественнэ дунеймрэ. ПсэзэпылъхьэпIэм Iут сэлэтым и дунейр, гурэ псэкIэ игъэвыр, пIалъэ кIыхьым тещIыхьа и мурадхэмрэ пIалъэ кIэщIым (атакэ кIуэным ипэ къихуэу) хуэгъэпса и хъуэпсапIэхэмрэ Къардэн Б. и повестхэм («Офицерым итхыжахэр», «Гуимыхужхэр», «Григорий Ликос», «Комбат», «КIыхьщ зауэ гъуэгур», нэгъуэщIхэри) къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. ЩытыкIэ гугъум ихуа цIыхум и психологиер зыхуэдэр къэгъэлъэгъуэныр тхакIуэм къалэн нэхъыщхьэу зэрызыхуигъэувыжыр. Къардэн Б. и зауэ прозэр адрей апхуэдэ тхыгъэхэм къахэзыгъэщхьэхукI нэщэнэхэр. Абы и тхыгъэхэм зауэр теплъэгъуэ къудейуэ, цIыхум лIыхъужьыгъэ е къэрабгъагъэ къыщылъыкъуэкI щIыпIэу	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		къызэрыщымыкIуэр. Сэлэтым дежкIэ зауэр «фронт лэжьыгъэу» зэрыщытыр тхакIуэм и прозэм нэрылъагъу зэрыщыхъур. Къардэн Б. и зауэ прозэм лъэпкъ литературэм и тхыдэм къыщылъыс увыпIэр, абы и мыхьэнэр. Къардэным и щIэныгъэ, зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэхэр; урыс, совет классикхэм я тхыгъэхэу абы зэридзэкIахэр.		
3.	«Зауэ» прозэм къыдэкIуэу, 60-80 гъэхэм адыгэ литературэм, зыщызыужьу хуежьа нэгъуэщI литературэ унэтIыныгъэхэр	***«Къуажэ» прозэр**, «къалэ» («интеллектуальнэкIи» йоджэ) прозэр, хабзэ-зэхэтыкIэм, унагъуэ Iуэхухэм теухуа прозэр, «еджэгъуафIэ» (беллетристикэ, массовэ) прозэр (къэхъукъащIэ, детектив лIэужьыгъуэхэр), нэгъуэщIхэри.* Литературэ унэтIыныгъэщIэхэм я лIыкIуэхэр, адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм абыхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэр (Теунэ Хь. «Псэм и IэфIыр къыуатмэ», Щомахуэ А. «Бгырыс шухэр», ЩоджэнцIыкIу I. «Уи цIэр фIэсщынщ», Къущхьэ С. «Благъэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», Елгъэр К. «Жэщ дыгъэ», Анзор М. «Атэлыкъым и лъэужьыр», Къаныкъуэ С. «Ленинград къикIа хъыджэбз», Мэзыхьэ Б. «ПцIащхъуэ хужь», Журт Б. «Гъатхэ пасэ», КIыщокъуэ Р. «Къарабэир и лъэужьхэмкIэ», «Щихъ лIыжьым и Iэлъыныр», н.). ТхакIуэ нэхъыжьхэм я творчествэм, зым адрейр къытепщIыкIыжурэ, цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр – цIыхугъэр, ныбжьэгъугъэр, лъахэр фIыуэ лъагъуныр, гъунэгъум пщIэ хуэщIыныр, нэгъуэщIхэри – нэхъыщхьэ зэрыщыхъур. Лъэпкъ прозэр «плъыфитI (хужьрэ фIыцIэрэ) фIэкI здэщымыIэ дунейм» икIыу гъащIэ зэмыфэгъум и сурэтыр щIыным зэрыхуэкIуар.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
4.	Теунэ Хьэчим	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ТхакIуэм къиIэт Iуэхугъуэхэр, къэрал-жылагъуэ гъэпсыкIэм хуиIэ щытыкIэр, цIыхум хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыщхьэу къилъытэхэр. «Псэм и IэфIыр къыуатмэ» роман-дилогиер. КъиIэт IуэхугъуэхэмкIи, щIэлъ гупсысэмкIи, и гъэпсыкIэкIи нэхъапэкIэ къыдэкIа тхыгъэ пIащэхэм ар къызэрыщхьэщыкIыр. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэм, и лIыхъужьхэр щыпсэу дунейм, хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ романым щаубыд увыпIэр. Адыгэ лъэпкъ интеллигенцэм и псэукIэр, и гурыщIэхэр, и хъуэпсапIэхэр тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр. Художественнэ тхыгъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къыщыхъу лъэхъэнэр, щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. «Шэджэмокъуэ зэадэзэкъуэм я гъащIэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэу» литературэ критикэм къыщIилъытэр. Лъэпкъым и зэхэщIыкIым тхыдэ къэхъукъащIэ инхэм зэрызэдаузэщIыр романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Романым хэт гурыхь образхэр (Исмел, Зырамыку, Жэнэт, н.). Езы тхакIуэр зыхэпсэукI дунеймрэ и персонажхэр зи лIыкIуэ лъэхъэнэмрэ (XIX лIэщIыгъуэм и кIэух – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэр) тхакIуэм зэрызэрипх литературэ Iэмалхэр. Ныбжьэгъугъэм, хабзэ-нэмысым, цIыхугъэм романым щаубыд увыпIэр. Теунэ Хь. и романхэм («Псэм и IэфIыр къыуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр», «Дыщэ кIанэхэр») я художественнэ гъэпсыкIэр, я бзэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
5.	Анзор Мухьэмэд	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ адыгэр къэзыхъумэ къарууэ «Атэлыкъым и лъэужьыр» повестым къызэрыщыкIуэр. Быныр игъэсэну зрат атэлыкъым адыгэхэр хуэпэжу зэрыщытар; лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта нэгъуэщI хабзэхэм тхакIуэр зэрахущытыр. Мысострэ Исмелрэ образхэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

6.	60-80 гъэхэм «къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар	«Къуажэ» прозэ терминыр къызэрыбгурыІуэн хуейр, абы къызэщІиубыдэр. Къуажэдэсхэм я гъащІэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэр, ахэр зыІууэ гугъуехьхэр, зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр ЩоджэнцІыкІу І., Хьэхъупащ Іэ Хь., Ахъмэт М., Мысачэ П., Кхъуэхъу Ц., Шал Къ., Къамбий З., Къагъырмэс Б., КхъуэІуфэ Хь., Дыгъужь Къу., Нэхущ М., АбытІэ Хъ., Брат Хь., Журт Б., ШэджыхьэщІэ Хь., Къэрмокъуэ М., Мэзыхьэ Б. сымэ я прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. «Къуажэ» литературэм гурыщІэр нэхъыбэу къыхэІукІ зэрыхъуар, лъэпкъ прозэм и стилистикэм абы зэрызригъэхъуэжар. ТхакІуэхэм нэхъыбэу лирикэ гупсысэхэр, езыхэм я псалъэхэр, зыхуэгъэзэныгъэхэр тхыгъэхэм хагъэхьэ зэрыхъуар, а ІэмалымкІэ сюжетхэр нэхъ щаби, цІыхупсэм нэхъ хуэгъэзаи зэращІар. **Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** «Щихухэр иджыри мэкІ» романыр. ЦІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, къуажэмрэ къалэмрэ яІэ зэщхьэщыкІыныгъэхэр гъэмэщІэным теухуауэ а илъэсхэм къэралым щекІуэкІа къыхуеджэныгъэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ. Лъэпкъ интеллигенцэр абыхэм къыхэша зэрыхъуар. Ахэр купщІэ зыхуэхъуа лъэпкъ художественнэ прозэр: **Мысачэ П.** «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэ гуащэ» повестхэр; **Ахъмэт М.** и «Ди къуажэм» повестыр, **Дыгъужь Къу.** и «ТехьэпщІэ» повестыр, **Мысрокъуэ С.** и «Гъуэгу гугъу» повестыр, нэгъуэщІхэри.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
7.	Лъэпкъ тхыдэмрэ адыгэ литературэмрэ	Адыгэм и блэкІа жыжьэмрэ тхакІуэр зыхэпсэукІ лъэхъэнэмрэ зэпыщІэжыныр, тхыдэм и дерсхэр художественнэ ІэмалхэмкІэ къэгъэлъэгъэужыныр адыгэ литературэм зэрыщекІуэкІар. Апхуэдэ тхыгъэхэр зи ІэдакъэщІэкІ тхакІуэхэм я гъащІэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ: КІэрашэ Тембот, Нало Ахьмэдхъан, Мэлбахъуэ Елберд, Къашыргъэ ХьэпащІэ, Хьэкъун Исуф, Шортэн Аскэрбий, Елмэс Іэулдин, н.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
2.	КІэрашэ Тембот	ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. КІэрашэ Т. и тхыдэ повестхэр («Шапсыгъ пщащэ», «Абрэдж, «Шыхъуэм и лІыгъэ», «Иужьрей уэгъуэ»). ЦІыхур зыІэт лъапІэныгъэхэм (щхьэхуитыныгъэм, пщІэм, лІыгъэм, дэхуэхам къыщхьэщыжыным, захуагъэм хущІэкъуным, ныбжьэгъур гъэпэжыным, н.) папщІэ КІэрашэ Т. и тхыдэ повестхэм хэт лІыхъужьхэм ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр, лъэпкъым къыдекІуэкІ хъыбархэр абыхэм ехьэлІауэ тхакІуэм къызэригъэсэбэп щІыкІэр. **«Шу закъуэ»** романыр. Тхыгъэр зытеухуамрэ щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. ГъащІэм и пэжымрэ литературэ образхэмрэ. Персонажхэм я хьэл-щэныр щызэфІигъэувэкІэ тхакІуэм къигъэсэбэп художественнэ Іэмалхэр, адыгэ хабзэм романым щиубыд увыпІэр. Романым и ухуэкІэмрэ и бзэмрэ.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
3.	Нало Ахьмэдхъан	ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Нало А. и прозэм иІэ щытыкІэ хэхар, абы и романхэр («Нэхущ шу», «Псы Іуфэм Іут унэ цІыкІу»), повестхэмрэ рассказхэмрэ («Бжьэ къэпщІа», «Урыху акъужь», «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», н.) зытеухуамрэ къаІуатэ гупсысэхэмрэ. **«Нэхущ шу»** тхыдэ романыр. Империалистхэм зэхаублэу 1904–1905 гъэхэм екІуэкІа урыс-япон зауэм тхакІуэр зэрыхущытыр. Тхыдэ къэхъугъэхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ художественнэ тхыгъэм щаубыд увыпІэр. Зауэр зыхуэдэр зыгъэунэхуа тхакІуэр абы и бийуэ къызэрыувыр. КъуэкІыпІэ Жыжьэм щекІуэкІа зауэм теухуами, адыгэ лъахэр, абы и цІыхухэм я псэукІэр, я хабзэ-	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		зэхэтыкIэр образ нэхъыщхьэу романым зэрыхэувэр. Романым хэт персонажхэр: гурыхь, мыгурыхь образхэр, абыхэм я сурэтхэр щищIкIэ, тхакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр. КIэрэф Залымджэрий, Анзор Къербэч, шэшэн щIалэ Тэсмэхьил сымэ бгырысхэм пашэ, узэщIакIуэ зэрахуэхъуар, а образхэм романым щагъэзащIэ къалэнхэр. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр романым къызэрыхэщыр. Романым и ухуэкIэр, и бзэр.		
4.	Мэлбахъуэ Елберд	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» романыр. Лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэ нэхъ инхэм ящыщ зыуэ романыр зэрыщытыр. Адыгэ тхыдэм лIыгъэкIэ гъэнщIа и напэкIуэцIхэм ящыщ зыр – я щхьэхуитыныгъэм папщIэ XVIII лIэщIыгъуэм къэбэрдей адыгэхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр – романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Адыгэ лIакъуэлIэшхэм, мэкъумэшыщIэхэм я зэхущытыкIэхэр тхыгъэм къызэрыхэщыжыр. Романым и гъэпсыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: тхакIуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэрызэришалIэр, «IуэрыIуатэ къупхъэр» къызэнэкIыным ехьэлIауэ къэхутэныгъэ Iэмалхэр къызэригъэсэбэпыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
5.	КIыщокъуэ Алим. ТхакIуэмрэ зэманымрэ	**Прозэ тхыгъэхэр.** ТхакIуэм и творческэ гъуэгуанэм и лъэхъэнэхэр: и япэ усэ тхылъхэр, тхыдэ-революцэ романхэр. КIыщокъуэм и дуней лъагъукIэ щхьэхуэр, цIыхур гъэлъэпIэныр, абы и пщIэр къэIэтыныр а дунейм щынэхъыщхьэу зэрыщытыр. Совет литературэм 60–80 гъэхэм зауэ темэм щигъуэт къэгъэлъэгъуэкIэщIэр, *«лейтенант щIэблэкIэ» зэджэ тхакIуэхэм я гупсысэкIэм, IуэхуеплъыкIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр.* Литературэм хабзэ щыхъуауэ зауэлIым и гъащIэр, и хьэл-щэныр къырагъэлъагъуэу щыIа жыпхъэм къытекIыныр, абы къиша зэныкъуэкъухэр. «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» роман-трилогиер. Зауэм теухуауэ 40–50 гъэхэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкIхэр къазэрыщхьэщыкIыр. Адыгэм и тхыдэр художественнэ IэмалхэмкIэ къигъэлъэгъуэжыну еувэлIа тхакIуэм и лэжьыгъэшхуэм и етIуанэ Iыхьэу роман-трилогиер зэрыщытыр. Зауэм Iутхэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэмрэ я гупсысэ-хъуэпсапIэкIэ, гурылъ-гурыщIэкIэ тхакIуэм зэрызэпищIэр. Локотош, Апчарэ, Дотий, Хьэбибэ, Бекъан сымэ я образхэр: ахэр сыт щыгъуи «гъуэгу зэрытетыр», гъащIэм и купщIэр, цIыхум абы щигъэзащIэ къалэныр къызэIухыным и дамыгъэу тхакIуэм къызэригъэлъагъуэр. Художественнэ и лъэныкъуэкIэ КIыщокъуэм и тхыдэ-зауэ (военно-историческэ) романхэмрэ тхакIуэм и япэ тхыдэ-революцэ романхэмрэ («Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ») зэщхьэщыкIыныгъэу яIэр. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа «Мазэ къыщIэкIыгъуэ» романыр: тхыгъэр зытеухуар, тхакIуэм абы къыщиIуатэ гупсысэхэр. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щекIуэкI политикэ-жылагъуэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэр зэреплъу щытар (и хъыбархэмрэ новеллэхэмрэ тегъэщIапIэ щIын). **«Лъапсэ»** романыр. Романыр зытеухуамрэ щIэлъ философие гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Адыгэм и блэкIа жыжьэмрэ и блэкIа гъунэгъумрэ зэпызыщIэж тхыгъэу ар зэрыщытыр. ТхакIуэм лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтезыгъанэ нэщэнэ нэхъыщхьэу къилъытэр, «лъапсэ» псалъэм абы ирит	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		мыхьэнэр. Романым и художественнэ гъэпсыкIэр: тхыгъэм и сюжет къудамитIым лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнитI зэрызэпащIэр. Тхыгъэм тхыдэ мыхьэнэ яIэу къыхэщыж теплъэгъуэхэр: Хэку зауэшхуэм и зэманым, 60 гъэхэм Къэбэрдейм къыщыхъуа Iуэхугъуэ гукъинэжхэм тхакIуэр зэрахущытыр. Адыгэ цIыхубзыр пасэ зэманымрэ ди нобэрей гъащIэмрэ: Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ Дэфэрэдж Шагировнэрэ я образхэр. Романым хэт гурыхь персонажхэмрэ (Дэфэрэдж, Аннэ Павловнэ, Салимэ, Барчо, н.) гурымыхьхэмрэ (ЛатIифэ, Нартыху Къазбэч, Пыжьынэ, Раисэ Муратовнэ, н.). Романымрэ тхакIуэм и ущие псалъэхэмрэ. Лъэпкъым и къэкIуэнум теухуа гупсысэхэр тхакIуэм къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр. Дэфэрэдж и доклад-уэсятым и мыхьэнэр, адыгэ щIэблэм ехьэлIауэ абы къыщыхьа псалъэ Iущхэр. Романыр тхакIуэм адыгэ лъэпкъым къыхуигъэна уэсяту зэрыщытыр. Романымрэ иджырей лъэхъэнэмрэ.		
6.	КIыщокъуэ А. и усыгъэр	КIыщокъуэ Алимрэ лъэпкъ поэзиемрэ. УсакIуэм и творчествэм и лъэхъэнэ щхьэхуэхэр. Абы и усыгъэр цикл щхьэхуэурэ бгуэш зэрыхъур. УсакIуэм и граждан лирикэр («Мывэ хуабэ», «Си деж хьэщIапIэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Усэхэр» усэ тхылъхэр). Лъэпкъ гупсысэхэр усакIуэм и художественнэ дунейм зэрыхиухуанэ щIыкIэхэр. ГущIэм къыщыуш хъуэпсапIэ лъагэхэр, къэзыухъуреихь дунейм хуиIэ щытыкIэ хэхар усакIуэм къызэригъэлъагъуэ художественнэ Iэмалхэр. КIыщокъуэ А. и лирикэм езым и дамыгъэ зэрытелъыр, лIыгъэр, пэжыгъэр, ныбжьэгъугъэр абы къызэригъэлъагъуэ образхэр («СыкIуэнт нэхъ псынщIэу», «Уузыншэм!» – сэ жызоIэ», «Насып», «Хыр си шакъалъэу» усэхэр, нэгъуэщIхэри тегъэщIапIэ щIын). Хэкур, лъахэр, цIыхухэр фIыуэ лъагъуным, укъызыхэкIа лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлэжьэным укъыхуезыджэ усэхэр («Кхъужьей къудамэ», «Адыгэ хэку», «Iуащхьэмахуэ», «Зеич лантIэ», н.), абыхэм къаIуатэ гупсысэхэр, яIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. IэнатIэ пэрыт, зи гуащIэкIэ псэуж цIыхур гъэлъэпIэным, и IэщIагъэм къыпыкI фIыгъуэмкIэ цIыхубэм хьэлэлу ядэгуашэ лэжьакIуэ гуащIафIэхэр зыIэт усэхэр («МакIуэр щIалэр ауз гъуэгукIэ», «КъебжэкI», «Мэл гуартэ», «А пщыхьэщхьэм бжьыхьэ пшагъуэу», н.). КIыщокъуэм адыгэ лирикэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, абы и гъуэгум ирикIуа усакIуэхэр. УсакIуэм и поэмэхэр («Адэ», «Тисей», «Зэшиблымрэ зы псыкъуиймрэ ятеухуа индийскэ поэмэ»; сабийхэм яхуитхахэр: «Елбэздыкъуэ», «Бажэ пшынауэ»). Поэмэхэр зытеухуар, абыхэ усакIуэм къыщиIуатэ гупсысэхэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
7.	КIыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэмрэ публицистикэмрэ	Лъэпкъым и блэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэм ухуэзыгъэIущ, и къэкIуэнум кууэ уезыгъэгупсыс статьяхэр, документальнэ тхыгъэхэр. Лъэпкъхэм я литературэхэм, я псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа лэжьыгъэхэр («Созвездие литератур», «По родной стране», «Шаги по континентам» тхылъхэр). «Вид с белой горы» повестыр. Тхыгъэм автобиографие къалэн игъэзащIэми, адыгэм и гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ къызэщIиубыдэу зэрыщытыр. Абы хэлъ художественнэ щэнхэр. КIыщокъуэ А. и гъуэгуанэ тхыгъэхэр («Сирием къикI письмо», «Борунда», «Гъуэгум телъ хьэдзэхэр»,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		«Іуащхьэхэм щыхуарзэ ныпхэр», «Алжирым и псэр зыхэлъыр», «Мылыр Іуехри Іуфэр къонэж», нэгъуэщІхэри). ТхакІуэм и набдзэгубдзаплъагъэр, зытетхыхь Іуэхугъуэхэм фІыуэ зэрыхищІыкІыр тхыгъэхэм къызэрыхэщыр. КІыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэр («Алъхъо», «Гъуэгуанэ», «Тепщэч къэзылъэтыхь») зытеухуамрэ къаІуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. «Алъхъо», «Гъуэгуанэ» драмэхэм я гъэпсыкІэр, хэт образхэр, ахэр гукъинэж зыщІ Іуэхугъуэхэр. «Тепщэч къэзылъэтыхьыр» лъэпкъ драматургием и япэ водевилхэм ящыщу зэрыщытыр, абы и мыхьэнэр. КІыщокъуэ Алим и творчествэм урысей лъэпкъыбэ литературэм щиубыд увыпІэр, тхакІуэм къэралым, республикэм къыхуащІа пщІэр.		
8.	ЦІыхугъэм, щІалэгъуэм, гурыщІэм (лирикэ) теухуа прозэр.	*Хэзыгъэгъуазэ.* Лиризмэр прозэм зэрыщызэфІэувэр, ар повесть жанрым нэхъ зэрыхэплъагъуэр. 60–80 гъэхэм публицистикэм и щэнхэр жанрым нэхъ мащІэ зэрыщыхъуар, ар цІыхум, абы и гурыгъу-гурыщІэхэм нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Повестым и лІэужьыгъуэхэм а лъэхъэнэм зэрызаужьар: *повесть-автобиографие, повесть-гукъэкІыж, повесть-ущие*, нэгъуэщІхэри. Лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэхэр хъумэнымрэ щІэблэр гъэсэнымрэ ехьэлІауэ зэманым къигъэщІ лъэпощхьэпохэр къызэнэкІыным и Іуэхум лъэпкъ прозэр зэрыбгъэдыхьэ щІыкІэхэр. А мурадым хуэлажьэ художественнэ тхыгъэхэр (ЩоджэнцІыкІу І. и «Уэлбанэ дыгъэ» повестыр, ХьэхъупащІэ Хь. и «Гъуэгу», «Гур зыщІэхъуэпсыр» повестхэр, Журт Б. и «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр, КІэрэф М. «Адэ щІэин мылъку хъурэ?», «Сэфар» повестхэр, КІуантІэ І. и «Гъуэгурыкіуэ», «Гуэл Іуфэм», «Лъэмыж» повестхэмрэ рассказхэмрэ, Къэрмокъуэ М. «Щихухэр иджыри мэкІ» и повестыр, Мысачэ П. и «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэ гуащэ» повестхэр, КхъуэІуфэ Хь. «Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ» и повестыр, ШэджыхьэщІэ Хь. и «Уи пщэдджыжь фІыуэ, Тэрч!», «Мазизэ» повестхэр, н.). **ЩоджэнцІыкІу Іэдэм Угъурлы и къуэр** (1916–1995). ТхакІуэмрэ лъэхъэнэмрэ. НыбжьыщІэхэм я хъуэпсапІэхэмрэ я мурадхэмрэ, балигъ гъащІэм ахэр зыІуигъащІэ гугъуехьхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ. «ЦІыхубэ насыпым хущІэкъуным» къыхуезыджэ литературэм зи щхьэзакъуэ насыпым щІэбэн персонажхэм бжьыпэр зэрыщаубыдыр. **«Уи цІэр фІэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху»** повестхэр. Ахэр «Софят и гъатхэ» повестым тхакІуэм къыщиІэта Іуэхугъуэм пызыщэу зэрыщытыр. Повестищми лІыхъужь зэщхьхэр зэрыхэтым, ныбжьыщІэхэм я гурыщІэм зэрытеухуам, лэжьыгъэ хьэлэлыр насыпым и хэкІыпІэу къызэрыщыгъэлъэгъуам ахэр зы художественнэ тхыгъэу къызэрыпщагъэхъур. Лъэхъэнэмрэ повестхэм щызэфІэгъэува гурыхь, гурымыхь образхэм я системэмрэ. Залинэрэ Мусэбийрэ, Лэуцэрэ Мысхьудрэ я лъагъуныгъэм папщІэ ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр 60–70 гъэхэм щІалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъуауэ зэрыщытар. «Уи цІэр фІэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэм тхылъеджэ нэхъыбэ дыдэ зэраІар, ноби абыхэм къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я мыхьэнэр зэрымыкІуэдар. Повестхэм я ухуэкІэр, тхакІуэм и бзэм и къулеягъыр. «Уи цІэр фІэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэм лъэпкъ литературэ критикэр зэрыІущІар, абы тэмэму гу зылъитахэмрэ идеологием и нэпкъыжьэ зытелъхэмрэ. ЩоджэнцІыкІу І. и **усэхэр.** ЦІыхугъэм, мамырыгъэм, лэжьыгъэ хьэлэлым, ныбжьэгъугъэм укъыхуезыджэу ахэр	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		зэрыщытыр. УсакIуэм и сонетхэр. Лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэщIэу ахэр зэрыщытыр. ЩоджэнцIыкIу I. зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытар. Абы Шекспир, Лопе де Вегэ сымэ я пьесэхэр («Гамлет», «Ерыщыр къызэрагъэIэсар», «ПсыефапIэ»), Навои, Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, украин, осетин усакIуэхэм я усэ куэд адыгэбзэм къызэрыригъэтIэсар. Лъэпкъ литературэмрэ литературэбзэмрэ заужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр. **Дыгъужь Къурмэн Бахъсит и къуэр** (1941–1984). ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. 60–70 гъэхэм къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я IуэхущIафэу, зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэу яIахэр **«ТехьэпщIэ»** повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. НыбжьыщIэхэм я щыуагъэхэр, ахэр зыIууэ щытыкIэ гугъухэм повестым щаубыд увыпIэр. Жэмалдин зыхэхуа гугъуехьым къикIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуар. Лъагъунытъэм и къарур. Повестым къыхэхыпхъэ дерсхэр. 60–80 гъэхэм дунейм къытехьа лирикэ повестхэм зэщхьыныгъэу яхэлъыр, ахэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр (ЩоджэнцIыкIу I., Къэрмокъуэ М., Дыгъужь Къу. сымэ я повестхэр зэгъэпщэн).		
	РАЗДЕЛ II. АДЫГЭ УСЫГЪЭР 60-80 ГЪЭХЭМ: КЪЭЛЪЫХЪУЭНЫГЪЭЩIЭХЭР, ГЪУНАПКЪЭЩIЭХЭР.			
9.	50-70 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр	50–70 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр (Тхьэгъэзит З., ЩоджэнцIыкIу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., Елгъэр К., Балъкъэр Ф., Къэжэр П., Мысачэ П., Тут М., Гъуэзджэщ Хъ., Шорэ Хь., Къэбэрдей Ф., Жаным Б., Гъубжокъуэ Л., Хьэх С., Бахъуэ Б., Брай А., КIэщт М., н.). Лъэпкъ усыгъэм щызэфIэува хабзэхэмрэ («ЩоджэнцIыкIу Алий иубзыхуа гъуэгур») усакIуэ щIалэхэм я къэлъыхъуэныгъэхэмрэ. Усэ хабзэкIэ гъэпса публицистикэм, жылагъуэр зыхущIэкъупхъэ образу парт идеологием игъэкъабылам къыпыкIыу, щхьэ закъуэм и гухэлъхэмкIэ цIыхубэм и хъуэпсапIэхэр къэIуэтэным хуэунэтIа лъэбакъуэхэр. Лъэпкъ усыгъэм къыхыхьа темэщIэхэр, схематизмэм и жыпхъэм къикIын папщIэ, къызэринэкIын хуей хъуа лъэпощхьэпохэр. Жанрхэм ягъуэта зыужьыныгъэр. Мардэ убзыхуа гуэрхэр къызэнэкIыныр, гурыщIэр, гуащIэдэкI хьэлэлыр, лэжьакIуэ пэрытыр гъэлъэпIэныр натурализмэм и жыпхъэм къишауэ романтизмэм и хьэлщэнхэмкIэ «хуэпэныр» зэрекIуэкIар. **Нало Заур.** «Бзухэм я бзэр», «Усэхэр» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм теухуа усыгъэхэр, апхуэдэхэр 60–70 гъэхэм утыку къихьэным иIа мыхьэнэр. **Гъубжокъуэ Лиуан.** «Шэрэдж толъкунхэр», «Насыпгуэш», «Жэщ гупсысэхэр» усэ тхылъхэр; **Нэхущ Мухьэмэд** «Адыгэ нэпсхэр» тхылъыр, нэгъуэщIхэри. Лъэхъэнэмрэ цIыхумрэ, зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лэжьыгъэ текIуэныгъэщIэхэмрэ пэджэжыныр поэзием къалэн зэрыхуэхъур. УсэкIэ тха публицистикэр фIым, зыужьыныгъэм хуэгъэлэжьэныр лъэпкъ усыгъэм къызэрыхыхьар. **Къагъырмэс Борис.** «ФIэхъус апщий!», «ЛIэщIыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпскI къудамэ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Лэскэн пшыналъэ» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Пейзаж лирикэм адыгэ усыгъэм щигъуэта зыужьыныгъэр. Дунейм и теплъэ е и къэхъукъащIэ къызэрыгуэкIыр тхылъеджэм щIэщыгъуэ щыщIыныр, псэкIэ зыхегъэщIэныр усакIуэхэм къазэрехъулIэр. **Къэжэр Петр.** «Шыхулъагъуэ», «Джулатыщхьэ», «Гулъытэ» усэ	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. «Iущыгъэр» (интеллектыр) зи гъуазэу ялъытэ усыгъэр. Лъэпкъ философиемрэ лъэпкъ Iущыгъэмрэ щызэхэухуэна поэзиер, усэ гъэпсыкIэм игъуэт щытыкIэщIэхэр. **Къэжэр Хьэмид.** «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», нэгъуэщIхэри; **Сокъур М.** «ЩIыщIэжь», «Нэпкъыжьэ» усэ тхылъхэр. Эстетикэ купщIэшхуэ зыхэлъ дамыгъэхэр и щIэгъэкъуэну адыгэ усыгъэр идеологие къупхъэм ибэкъукI зэрыхъуар, усэбзэм и стилистикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. **IутIыж Борис.** «Си Дахэнагъуэ» усэ тхылъыр, и сонетхэр. Автобиографие усыгъэр. Зы цIыхум и гъащIэмрэ и нэгу щIэкIахэмкIэ лъэпкъым, лъахэм и тхыдэ гъуэгуанэр къэгъэлъэгъуэжыныр. **Хьэх Сэфарбий.** «Усэхэр», «Пщэдджыжьыпс бзыгъэ», «Си гъэмахуэ», «Бжьыхьэ макъамэхэр» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.		
10.	Балъкъэр Фоусэт	УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ лирикэр зэрыщыувар, абы и лIэужьыгъуэхэм зэрыхэхъуар зи фIыщIэ усакIуэхэм Балъкъэр Ф. зэращыщыр. Жылагъуэ гъащIэм, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр къэгъэлъэгъуэным, идеологие хэгъэщхьэхукIар гъэлъэпIэным къыпыкIыу, цIыхум и гурыщIэр, ар зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей IуэхугъуэхэрапэУ зи творчествэм лъабжьэ хуэзыщIа адыгэ усакIуэу Балъкъэр Ф. зэрыщытыр. КъызэрыгуэкI цIыхум, и лъэхъэнэгъум и гурыщIэхэмкIэ зэщIэузэда усэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа усэ тхылъхэр: «Нэхущ» (1958), «ЗэгуакIуэр дахэщ» (1963), «Уафэр хызодыкI» (1967), «Гугъэм и лъэрыгъ» (1968), «Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу» (1970), «КъысхуэгуфIэ» (1972), «Усыгъэхэр» (тхылъитIу, 2001), «Си уэрэдым къыдежьу» (2004). Балъкъэр Ф. и усыгъэм хэлъ щIэщыгъуагъыр, и усэ гъэпсыкIэ щхьэхуэр. Лъэпкъ литературэм бзылъхугъэ усакIуэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр, абы и мыхьэнэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
11.	Тхьэгъэзит Зубер	УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. УсакIуэмрэ поэзиемрэ я зэхущытыкIэр, абы и гъащIэр, и дуней еплъыкIэр. Тхьэгъэзитым и «лирикэ щабэр»: усакIуэмрэ лъахэмрэ, усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ, усакIуэмрэ лъагъуныгъэмрэ, усакIуэмрэ гъащIэмрэ, усакIуэмрэ ажалымрэ («Бгым сыдокI», «Тэрч макъамэхэр», «Усэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «ГукъэкIыж: усэхэмрэ балладэхэмрэ» усэ тхылъхэр, н.) УсакIуэм къигъэщI образхэр, цIыхугъэ лъагэм и нэщэнэхэу абыхэм яхэплъагъуэхэр. Поэзием и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм – дыкъэзыухъуреихь дунейм, лъагъуныгъэм, гъащIэм, уахътыншагъэм, нэгъуэщIхэми – усакIуэр зэрабгъэдыхьэр, къигъэщI образыщIэхэр, жыIэкIэщIэхэр. Тхьэгъэзитым зэридзэкIа тхыгъэхэр (В. Жуковскэм, К. Батюшковым, А. Фет, Б. Пастернак, А. Ахматовэм, О. Мандельштам, нэгъуэщIхэми я усэхэр; Ш. Руставели и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» тхыгъэ цIэрыIуэр, А. Пушкиным и «Евгений Онегин» романыр, и поэмэхэмрэ усэхэмрэ). УсакIуэм и бзэр, и усэ гъэпсыкIэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
12.	Бещтокъуэ Хьэбас	УсакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Бещтокъуэм и лирикэ усэхэм я тематикэр, усэ циклхэр. Хэкум, адыгэ тхыдэм, анэдэлъхубзэм теухуа	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии;

		усэхэр. УсакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэр. Гухэлъ къабзэм сыт щыгъуи цIыхугъэшхуэрэ зэхэщIыкIрэ зэрагъусэр, гурыщIэ куур зэрыдахэр икIи зэрымыужьыхыр апхуэдэ усэхэм я купщIэу зэрыщытыр. Бещтокъуэ Хь. и тхыгъэхэу лирэ-эпикэ жанрым хыхьэхэр. УсэбзэкIэ тха **«Мывэ лъэхъэнэ»** романыр. Языныкъуэ литературэдж щIэныгъэлIхэр «роман-притчэкIэ» абы щIеджэр. Романым иIэ унэтIыныгъэхэр: ар философие усыгъэу, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ (природэмрэ) яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэнахуэу, цIыхум и хьэл-щэныр къызэрапщытэ гъэунэхуныгъэу, мыхъумыщIагъэм нэлат езых тхыгъэу зэрыщытыр. Тхыгъэр нобэ дызэIууэ гугъуехьхэм зэрапэджэжыр, цIыхугъэмрэ цIыхугъэншагъэмрэ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ я зэныкъуэкъур абы къызэрыщыгъэлъэгъуар. Тхыгъэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэр. Мифым и малъхъэдисым къыIэщIихыу Ану и щхьэ закъуэ зэфIэкIыр япэ иригъэщыну усакIуэр зэрыхущIэкъур, абы и мыхьэнэр. Роман-мифым пейзажым щигъэзащIэ къалэныр, псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я образхэр къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэр. «Мывэ лъэхъэнэ» романымкIэ лъэпкъ литературэ къупхъэм икIыу дунейпсо гъуазджэм къыпэщыт къалэн гугъухэр зэфIэхыным усакIуэр яужь зэрихьэр. Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщIэм хэзыша тхыгъэу романыр зэрыщытыр. Романыр зэрытха бзэр, усакIуэм къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.		презентации
	РАЗДЕЛ III. ЛЪЭХЪЭНЭМ И НЭЩЭНЭХЭМРЭ ЛЪЭПКЪ ЛИТЕРАТУРЭМ И ЖАНР КIЭЩIХЭМРЭ			
13.	Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ лъэпкъ литературэм и жанр кIэщIхэмрэ	Жанр кIэщIхэр (хъыбар-притчэ, рассказ, новеллэ) адыгэ литературэм нэхъ псынщIэу зыщызыужь лIэужьыгъуэу зэрыщытыр. Жанр кIэщIхэм я лъабжьэр лъэпкъ литературэм щызыгъэтIылъахэр, абыкIэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм зэфIагъэкIар. 60–80 гъэхэм абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр. Лъэпкъ прозэм цIыхугъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, психологизмэр тепщэ зэрыщыхъуар. ЦIыхумрэ щIыуэпсымрэ, цIыхумрэ жылагъуэмрэ, цIыхумрэ тхыдэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр зэфIэхыныр жанр кIэщIхэм къалэн нэхъыщхьэу я пащхьэ къызэриувар (Журт Б., Елгъэр К., КIэрэф М., Хьэхъупащ Iэ Хь., Щхьэумэжь Б., КхъуэIуфэ Хь., Хьэх С., Къагъырмэс Б., Гъэунэ Б., Ацкъан Р., Мыжей М., Дэбагъуэ М., БакIуу М., Шорэ А., Нэхущ М., Абазэ Л., Гъут А., Тхьэмокъуэ Б., Щауэ Къ., ХьэIупщы М., Мыз А., нэгъуэщIхэми я рассказхэр). *Автобиографие тхыгъэхэр*. **Нало Заур.** Рассказхэр щызэхуэхьэса «Къру закъуэ» тхылъыр. Зи Iэзагъыр IэщIагъэ къызэрыгуэкIым икIыу гъуазджэм и щапхъэхэм нэса цIыхухэм я образхэр «Къру закъуэ», «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ», «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр», «ТIытIу и дыгъэ шыщIэ» новеллэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. ТхакIуэм и рассказхэм я бзэр, гъэпсыкIэ щхьэхуэр, IуэрыIуатэм и хабзэхэр абыхэм къызэрыщыгъэсэбэпар. **Мэзыхьэ Борис.** ФIэкIыпIэ зимыIэ гъащIэ лъэпощхьэпохэм цIыхум и псэм къытринэ дыркъуэхэр къызытещ лъэпкъ прозэр. *Экзистенциализм гъуазджэ унэтIыныгъэмрэ лъэпкъ литературэмрэ.* ЦIыхум и псэкупсэ дунейр зэрыхузар, и зэфIэкI псор къызэIуихыну Iэмал зэримыгъуэтыр, «гъащIэм къыщылъыс мащIэм» арэзы техъуэн фIэкIа нэгъуэщI къызэрыхуэмынэжыр	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		нэпкъыжьэу тхакIуэм и тхыгъэхэм зэрателъыр («Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «Мазэхэ жэщ», «Къуажэ пшыхьхэр» рассказ сборникхэр). ТхакIуэм и повестхэр («Бжьыхьэр пщIащэ пыщэщыжыгъуэщ», «Мыл джанэ», «ПцIащхъуэ хужь», н.). Дуней зытетымрэ къэзыухъуреихь цIыхухэмрэ гъэдэхэным, гъэлъэпIэным хуэлажьэ, хуэпсэу образ щыпкъэхэр (Кургъуокъуэ, Муса, Лылэ, н.) лъэпкъ литературэм къыхэзыша тхакIуэу Мэзыхьэр зэрыщытыр.		
	РАЗДЕЛ IV. ДРАМАТУРГИЕМРЭ ЗЭМАНЫМ И ПЛЪЫФЭХЭМРЭ			
14.	Лъэпкъ драматургием и лъэхъэнэщIэ	Революцэ, зауэ темэхэм къыпыкIыу унагъуэм исхэм, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм драмэ лэжьыгъэхэр теухуа зэрыхъуар. Лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэм и хьэл-щэным и пщалъэ абы и фIэщхъуныгъэр, зэхэщIыкIыр лъабжьэ хуэщIыныр, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къишэ щыуагъэхэр. Лъэхъэнэгъум и образым пьесэхэм щагъуэт зыужьыныгъэр, IэпкълъэпкъкIи псэкIи къэщIэрэщIэжьым ар зэрыхущIэкъур (Шортэн А., Къардэнгъущ I З., Акъсырэ З., Дудар Хь., Журт Б., Дэбагъуэ М., нэгъуэщIхэми я драмэ лэжьыгъэхэр).	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
15.	IутIыж Борис	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ. IутIыжым и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэр зытеухуамрэ къаIэт гупсысэхэмрэ. Лъэпкъ литературэм и хабзэхэмрэ дунейпсо драматургием и классикэ унэтIыныгъэхэмрэ тхакIуэм и тхыдэ драмэ лэжьыгъэхэм Iэзэу зэрыщызэхиухуанэр («Тыргъэтауэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Кхъужьеибэ», «Эдип», н.). УсэбзэкIэ тха пьесэхэм яхэлъ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ комедиографием IутIыжым хуищIа хэлъхьэныгъэр («Шамхьун и фызышэ», «ГушыIэ махуэ апщий!» комедиехэр, «Ажэгъафэ джэгухэр» циклым хыхьэ комедиехэр, «Гуащэмыдэхьэблэ» водевилыр, Хьэцацэ дахэ» фарсыр, «Хьэпэщыпхэ», «Жьэмыгъуэ Африкэм», «Жьэмыгъуэ Америкэм» пьесэхэр, н.). **«Тыргъэтауэ»** драмэр. Лъэпкъым и тхыдэ жыжьэм теухуа пьесэр иджырей ди гъащIэм къыпэджэжу зэрыщытыр. Драмэм къыщиIуэтэж тхыдэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэм и персонажхэр зэрыхишэ щIыкIэр, абыкIэ къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр. «Тыргъэтауэ» пьесэр лъэпкъ драматургием и хэлъхьэныгъэ ину зэрыщытыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
16.	Дэбагъуэ Мухьэмэд	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. **«Анэр нэм хуэдэщ»** пьесэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. Къалэмрэ къуажэмрэ щыпсэухэм я гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар, зыр адрейм хуэныкъуэу зэрыщытыр драмэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. НыбжьыщIэхэр зыIууэ гугъуехьхэр, ахэр къызэнэкIыным хуэунэтIауэ яч лъэбакъуэхэр, абыхэм я пэжагъыр. Драмэм хэт цIыхубз образхэр: Сэчинат, Зое, Хужьэ сымэ. Пьесэм къыхэхыпхъэ дерсхэр; и гъэпскIэр, диалогымрэ монологымрэ я къэгъэсэбэпыкIэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
	РАЗДЕЛ V. ЛЪЭПКЪ ЛИТЕРАТУРЭ ЩIЭНЫГЪЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭ КРИТИКЭМРЭ. АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭР 80 ГЪЭХЭМ - ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭХЭМ (ПЕРЕСТРОЙКЭМ) - Я ИЛЪЭСХЭМ			
17.	Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ	Адыгэ литературэм и зыужьыкIэр, жанрхэр, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэр, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэр, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри къэхутэным, джыным хуэунэтIауэ литературэ щIэныгъэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр. Адыгэ литературэ	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуэхъуа лэжьыгъэхэр, ахэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа еджагъэшхуэхэмрэ критикхэмрэ: Шэвлокъуэ П. («ТхакIуэмрэ гъащIэмрэ», «ГъащIэм и пшыналъэ»), Сокъур М. («Литературэм и бакъуэкIэ»), ХьэкIуащэ А. («Япэ адыгэ тхакIуэхэр», «ЩоджэнцIыкIу Алий», «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр», «Адыгэ усэ гъэпсыкIэ»), Нало З. («Къэбэрдей поэзиер зауэ нэужьым», «ДжэгуакIуэмрэ усакIуэмрэ», «Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ», «Адаб Баксанского культурного движения»), Бэчыжь Л. («Нарт эпосым икIыу романым хуэкIуэу», «Псалъэм и пщIэр»), Хъупсырокъуэ Хъ. («Шэрджэс литературэм реализмэм зэрызыщиужьар»), КIурашын Б. («Хасэ», «Упсэу: литературэм, искусствэм теухуа тхыгъэхэр»), Къэрмокъуэ Хь. («Дэрэжэгъуэ», «ТхакIуэмрэ зэманымрэ»), Мусукаевэ А. («Поиски и свершения», «Ответственность перед временем», «Северокавказский роман»), Къэжэр Хь. («Ди прозэм и лъэбакъуэщIэ», «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ»), КхъуэIуфэ Хь. («В зеркале социальной жизни»), Шэвлокъуэ П. («ТхакIуэмрэ гъащIэмрэ», «ГъащIэм и пэж», «ГъащIэм и пшыналъэ»), Сэкий С. («Лъэпкъ литературэм и гъэпсыкIэм теухуауэ»), Тхьэгъэзит Ю. («Адыгэ роман», «Зы къуэпскIэ зэпхащ»), нэгъуэщIхэри.		
18.	Адыгэ литературэр 80 гъэхэм я иужьрей (зэхъуэкIыныгъэхэм) илъэсхэм	Лъэпкъ литературэр лъэхъэнэщIэм хуэзыгъэхьэзыра жылагъуэ, политикэ Iуэхугъуэхэр. А лъэхъэнэм адыгэ литературэр гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкIыу гъуэгущIэ зэрытехьар, художественнэ унэтIыныгъэщIэхэр, методыщIэхэр къызэрищтар, лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм щIэрыщIэу ириплъэжыныр, блэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэр игъэбелджылын хуей зэрыхъуар. Лъэпкъ литературэр зэрыкIуэну гъуэгур убзыхунымкIэ тхакIуэхэм я съездхэм яIа мыхьэнэр, абыхэм къыщащта унафэхэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я илъэсхэм дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр: ехъулIэныгъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

6-й семестр
«ИСТОРИЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ. ПОСТСОВЕТСКИЙ ПЕРИОД»

№	Наименование раздела/темы	Содержание раздела	Код контролируемой компетенции (или ее части)	Наименование оценочного средства
1	**2**	**3**	**4**	**5**[4]
	РАЗДЕЛ I. СОВЕТ НЭУЖЬ ЛЪЭХЪЭНЭМ АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ КЪЫЩЫХЪУА ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭХЭР			
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Совет нэужь лъэхъэнэм адыгэ литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр	XX лIэщIыгъуэм и 80–90 гъэхэмрэ XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIитIымрэ къэралым, жылагъуэм къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: художественнэ унэтIыныгъэхэр, методыщIэхэр. Литературэр социалист методым къигъэув гъунапкъэхэм ибэкъукI зэрыхъуар. Лъэпкъ тхакIуэхэм я хуитыныгъэр абы къызэриIэтар. ***Реализмэмрэ (неореализмэмрэ) постмодернизмэмрэ***. *Постреализм – реализмэмрэ*	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

[4] В графе 5 приводятся планируемые формы текущего контроля: защита лабораторной работы (ЛР), выполнение курсового проекта (КП), курсовой работы (КР), расчетно-графического задания (РГЗ), домашнего задания (ДЗ) написание реферата (Р), эссе (Э), коллоквиум (К), рубежный контроль (РК), тестирование (Т) и т.д.

		постмодернизмэмрэ я лъабжьэхэр зэзышалIэ художественнэ дунейр. Шэч къызытрамыхьэжу къекIуэкIа эстетикэ лъапIэныгъэхэм нэгъуэщIу бгъэдыхьэныр, цIыхур зыхэпсэукI щэнхабзэ къэухьу дунейр къэлъытэныр. Апхуэдэ литературэ унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр, литературэ щIэныгъэр абыхэм зэрахущытыр. Литературэм и теплъэм зэрызихъуэжар, ар плъыфэбэ зэрыхъуар. Литературэмрэ рынокымрэ. *«ЕджэгъуафIэ (массовэ) литературэкIэ» зэджэр, абы и поэтикэм и щэн нэхъыщхьэхэр.* 90 гъэхэм я япэ илъэсхэм адыгэ литературэр зэрыта щытыкIэ гугъур; художественнэ тхыгъэщIэу а зэманым къыдэкIар мащIэ дыдэ зэрыхъугъар, абы и щхьэусыгъуэхэр. Гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкIыу литературэр гъуэгущIэ зэрытехьар. Ар убзыхунымкIэ 80–90 гъэхэм къыдэкIыу щыта литературэ-художественнэ, щIэныгъэ журналхэм ягъэзэщIа къалэнхэр («Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Зэкъошныгъ», «Псалъ», «Гъуазэ», «Адыгэ хэку», «ЩIэплъыпIэ», «Вопросы кавказской филологии», н.). Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ. 90 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкIа съездхэр, лъэпкъ литературэхэм зегъэужьыным теухуауэ абыхэм къыщащта унафэхэр. Адыгэ (адыгей, къэбэрдей-шэрджэс) литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIыным ехьэлIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм хэхэс адыгэ литературэ гъэщIэгъуэныр къазэрыхэувэжар. Хэхэс адыгэхэм я художественнэ дунейм хэкурысхэр щыгъуазэ хуэщIыным ехьэлIауэ а лъэхъэнэм къыдэкIыу щыта напэкIуэцI щхьэхуэхэр: «Си дуней», «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым» («Адыгэ псалъэ»), «Ди лъэпкъэгъухэм я деж» («Iуащхьэмахуэ»), «Хэхэс адыгэхэр» («Адыгэ макъ»), нэгъуэщIхэри. Адыгей, къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэхэр зэщхь щIыным, алыфбейхэмрэ пэжырытхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм къарикIуахэр. **Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр** Эстетикэ гъунапкъэщIэхэр къэгъэIурыщIэныр, псалъэм и къарур, и купщIэр къэIэтыныр, лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыныр адыгэ прозэм къалэн нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. ТхакIуэхэм къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм зэрызаубгъуар: тхыгъэхэм психологизмэмрэ лиризмэмрэ ебэкI зэрыхъуар, абы щыгъуэми тегъэщIапIэ ящI документхэм я пщIэр къэIэтауэ. Я IэдакъэщIэкIхэр жанркIи, тематикэкIи зэмылIэужьыгъуэ щIыным къыдэкIуэу, художественнэ фIагъыр къэIэтыным, езы лъэпкъым къигъэщIыжа гупсысэ куухэмрэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэмрэ (абы пыщIауэ нэщэнэхэмрэ дамыгъэхэмрэ къэгъэсэбэпыныр, IуэрыIуатэ, миф хъыбархэр художественнэ тхыгъэм и пкъым хэгъэзэгъэныр) лъабжьэ хуэщIыныр тхакIуэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэп зэрыхъуар. Прозэ тхыгъэхэм къыщаIэт гупсысэри и художественнэ фIагъри а Iэмалхэм къызэраIэтар. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа тхыгъэхэр, абыхэм яIэ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщI гугъуехьхэм тхакIуэхэр гуитIщхьитI ищIауэ зэрыщытар. Ар наIуэу къызытещыж тхыгъэхэр: Гъубж М. («Iущым хешыр езым и		

		«Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитI»), ХьэхъупащIэ Хь. («ГущIэгъуншэ»), Журт Б. («Гъуэжькуий») сымэ я романхэр; Хьэх С. («Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ!»), МафIэдз С. («Мыхъур»), Нало З. («ПхъащIэр Iэзэмэ, мэзри благъэщ»), Елгъэр К. («ШейтIан къафэ»), Бозий Л. («Гъуэгу нашэкъашэ») сымэ я повестхэр, нэгъуэщIхэри. *80–90 гъэхэм* ***«къалэ»*** *литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: «купщIэншэ гъащIэмрэ» «купщIэншэ тхыдэмрэ» терминхэр, абыхэм ехьэлIауэ литературэ щIэныгъэм иIэ Iуэху еплъыкIэхэр. Роман-гукъэкIыж, роман-ущие лIэужьыгъуэхэр. Iуэхугъуэ хэха гуэрым темыухуа (сюжетыншэ), новеллэ щхьэхуэурэ зэхэт тхыгъэм и нэщэнэхэр.*		
2.	Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ	ЦIыхубэм, лъэпкъым къадекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр адыгэ прозэм тепщэ щыхъуныр: цIыхумрэ тхыдэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ. Адыгэм и блэкIа жыжьэм теухуа тхыгъэхэр. ЦIыху щхьэ закъуэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щигъэзащIэ къалэныр: апхуэдэ къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм къыхэхутэ лIыхъужьым и зэхэщIыкIым зэрызиузэщIыр, и жыджэрагъым зэрыхэхъуэр, къэзыухъуреихьхэм я пащхьэ щихь жэуапыр нэхъ ин зэрыхъур прозэщIэм къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэр. Тхыдэ Iуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар. Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ, «политикэ залымыгъэм и илъэсхэмрэ» Хэку зауэшхуэмрэ, къэралыр «и пIэм щиуджыхьа лъэхъэнэмрэ» зэхъуэкIыныгъэхэмрэ (перестройкэмрэ), адыгэм и блэкIа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр: КIыщокъуэ А. «Лъапсэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытIэ В. «ЩIакIуэр зи унапIэ», «Нэпс шыугъэ», Кхъуэхъу Ц. «ФатIимэт», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», БакIуу М. «МафIэ лыгъей», Мэлбахъуэ Е. «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ», Вэрокъуэ В. «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу», Жылэтеж С. «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ», романхэр, Щамырзэ I. «Махуэ лъапIэр къэсыпат», Мыз А. «Щожэх аддэ жыжьэу Урыху», ХьэIупщы М. «Хуэрэджейр мэгъагъэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
3.	ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ШэджыхьэщIэм и прозэ тхыгъэхэр, абыхэм я къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. XX лIэщIыгъуэм икухэм адыгэхэм я псэукIар, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр «Гум псори къонэ» романым зэфIэха зэрыщыхъуар, тхакIуэм и IуэхуеплъыкIэхэр. Романым иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. ЛъэпкъIуэрыIуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ. **«ЛъыщIэж»** романыр. XVIII лIэщIыгъуэм адыгэхэр пщыгъуэ-пщыгъуэкIэ гуэшауэ зэрыпсэуар, лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, «Шэрджэс къэралыгъуэ» къызэгъэпэщыным апхуэдэ псэукIэмрэ зэхущытыкIэмрэ я зэран къызэрекIар романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. IуэрыIуатэм къыхэщыж ЕщIэнокъуэ зэшхэмрэ романым хэт образхэмрэ. Гурыхь персонажхэмрэ мыгурыхьхэмрэ. ЛъыщIэж хабзэ Iейм лъэпкъым зэраныгъэу къыхуихьу щытар, абы адыгэхэр зэкъуиуду, цIыхухэр бий зэхуищIу къызэрекIуэкIар. Адыгэ хабзэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ романым щаубыд увыпIэр. Романым и ухуэкIэм, и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

4.	МафIэдз Сэрэбий	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ. ТхакIуэм и тхыдэ прозэр: «ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Шыдыгъу» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр, нэгъуэщIхэри. КъэхъукъащIэхэмрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэмрэ тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэр. ТхакIуэм и творчествэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр: жанр нэхъ цIыкIухэр къигъэсэбэпу зэгуэр итхыгъа тхыгъэхэр иужькIэ и романхэм Iыхьэ щхьэхуэу зэрыхигъэувэжыр (псалъэм папщIэ, «ХьэщIэ махуэ» повестым и сюжетыр «Гъыбзэ хуэфащэт» романым зэрыхигъэхьэжар, нэгъуэщIхэри). **«Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ»** дилогиер: тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжа тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ лъэхъэнэмрэ. ТхакIуэм и образ къэгъэщIыкIэ щхьэхуэр. Зауэр зымыдэ, лъэпкъым и зэIузэпэщ псэукIэм папщIэ езым и гъащIэри и унагъуэм ис дэтхэнэм и гъащIэри шапэIудз хуищIыну хьэзыр, мамырщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ япэу адыгэ литературэм тхакIуэм къызэрыхишар («Мыщэ лъэбжьанэ» роман). Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагърэ, зэхэщIыкIрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр МафIэдзым и прозэм и дерс нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Лъэпкъым и блэкIам и пэжымрэ МафIэдзым и художественнэ дунеймрэ.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
5.	Тыуаршы Аслъэн	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Тыуаршы А. и прозэ тхыгъэхэр: «Сэтэнейр къэгъагъэмэ», «Нобэ е зэи» романхэр, «Дыщэ бгырыпх» повестыр, рассказхэр. Тхыдэ къэхъукъащIэ дыджхэмрэ гурыщIэ щабэмрэ щызэхэухуэна тхыгъэхэр. **«Псыкъелъэм и макъамэхэр»** романыр. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ романым быдэу зэрыщызэпыщIар. Урыс пащтыхьым и лIыкIуэ флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщым ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэр романым купщIэ зэрыхуэхъуар. «Псыкъелъэм и макъамэм дежьууэ Нэт жиIэ уэрэдыр» гъыбзэкIэ иухыжыным хуэзышэ щхьэусыгъуэхэр. Кавказ зауэжьым тхакIуэр зэрыхущытыр, абы ехьэлIа и гупсысэхэр къызэриIуатэ щIыкIэр. Дал-Джэрий, Зед, Тенджыз, Нэт сымэ я образхэр. Тхыдэм зи цIэхэр (фIыкIи IейкIи) къыхэна дзэзешэхэм я образхэр. ФIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэж цIыхум и психологиер, и псэм щекIуэкI зэдауэр, и гурыщIэр тхакIуэм къызэригъэлъэгъуар.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
6.	Къэрмокъуэ Мухьэмэд	ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ТхакIуэм и документальнэ, лирическэ повестхэр: «ЛIыхъужьым и гъуэгу», «Щихухэр иджыри мэкI», «ЦIыхухъу нэпс», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», нэгъуэщIхэри. **«Азэмэт», «Къоджэм угъэжейркъым»** роман-дилогиер. Романхэм къагъэлъэгъуэж лъэхъэнэр, абыхэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр. Тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ езы тхакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэмрэ тхыгъэм зэрыщызэхэухуэнар. ТхакIуэм зэрыжиIэщи, «гъащIэ зэхэзэрыхьам дыхуэзыша лъэхъэнэм» цIыхухэм я псэукIэр, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я хъуэпсапIэхэр романхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Адыгагъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм романхэм	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		къащылъыс щІыпІэр (Азэмэтрэ Алихъанрэ я образхэмкІэ къэгъэлъэгъуэн). 50–90 гъэхэм къэралым, республикэм къыщыхъуа тхыдэ Іуэхугъуэхэм тхакІуэр зэрабгъэдыхьэр, абыхэм къахэхыпхъэ дерсхэр къызэриІуатэ художественнэ Іэмалхэр. Лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм зи цІэ къыхэна цІыхухэр (КІуащ Б., Бабич В., Бэрбэч Хь., нэгъуэщІхэри) тхыгъэм къыхэша зэрыхъур, абыхэм романым щагъэзащІэ къалэнхэр. Бзэр хъумэным, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлІауэ Къэрмокъуэм къиІуатэ гупсысэхэр. Езы тхакІуэм и образыр романхэм къазэрыхэщыр. ТхакІуэм и хъэтІ щхьэхуэр, и бзэр.		
7.	ЦІыхухэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэм, я псэукІэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр	Лъэпкъ прозэм и пащхьэ къиува Іуэхугъуэщіэхэр: зэриухынур псоми ящІэ тхыдэ, тхыдэ-революцэ тематикэ жэбзэжам къыпыкІыныр, цІыхупсэм и къэхутакІуэ-гъэунэхуакІуэ къалэныр и пщэ дилъхьэжыныр, цІыхухэм я гупсысэр зыунэтІ, я псэкупсэ дунейр къэзыгъэщІ жылагъуэ Іуэхугъуэхэр сэтей къэщІыныр, нэгъуэщІхэри. ♦ Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр, зэгуэр ІэщІэщІа щыуагъэм и фэбжьыр зи псэм телъ, зи гъащІэ гурыгъыр ижа цІыхум и дунейр къызэІухыныр лъэпкъ литературэм зэрыщекІуэкІар. **Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр** (1935–2023). ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. Елгъэрым и прозэр: «Жэщ дыгъэ», «Мэз бгъуэщІым», «Лъагъунытъэм и бзэ», «ШейтІан къафэ», нэгъуэщІхэри. ТхакІуэм и повестхэр зытеухуамрэ абыхэм къыщигъэщІ образхэмрэ. Лъэхъуэщ (пенитенциар) прозэм и щэнхэр къызэтещ тхыгъэхэр адыгэ литературэм нэхъыбэрэ къыхэхуэу зэрыхуежьар. Абы и лІэужьыгъуэхэр. Напэм и гъэрэщым ихуа цІыхум и дунейр **«Щыуагъэ»** романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Щыуагъэм и гъэру псэу, и напэр и хеящІэу тезыр зытезылъхьэжа цІыхум (МыващІэ Хьэжбэтыр) и образыр лъэпкъ прозэм тхакІуэм къызэрыхишар. ТхакІуэм и романым щІилъхьа гупсысэм, психологизмэм, художественнэ дерсым я кууагъыр. Романым и гъэпсыкІэр, и сюжетыр (Хьэжбатыр и къекІуэкІыкІар зэрыт тетрадыр), и бзэр. Тхыгъэм тхыдэ къэхъукъащІэхэм щаубыд увыпІэр. ♦ ХХ лІэщІыгъуэм и кІэух илъэсхэмрэ «гъащІэм и гъуазэр» зыфІэкІуэда цІыхухэмрэ, абыхэм я образхэр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр. *ФІэщхъунытъэмрэ фантастикэмрэ* литературэм нэхъыбэрэ къыхэша зэрыхъуар. **Къанкъул Заур Мухьэмэд и къуэр** (1967–1992). ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ТхакІуэ щІалэм **«Къалэм дэгъуэщыхьа»** и повестыр. *ГъащІэм и пэжымрэ нэкъыфІэщІ дунеймрэ (мистикэмрэ)*, *фІэщхъунытъэмрэ фантастикэмрэ* тхыгъэм щызэшэлІэныр. Автопсихологическэ лІыхъужьым и образым Къанкъулым и прозэм (и рассказхэри хэту) щиубыд увыпІэр. НыбжьыщІэм и псэр гугъу езыгъэхь, «гупсэхугъуэ» къезымыт, и псэр зыхуз Іуэхугъуэхэр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Миф хъыбархэмрэ нэкъыфІэщІ Іуэхугъуэхэмрэ повестым и сюжетым тхакІуэм къызэрырипх щІыкІэр, къигъэсэбэп художественнэ Іэмалхэр. ♦ *Іуэху еплъыкІэ зэхьэлІэгъуейхэр (эклектизм)* зэшэлІэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщІыныр. Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КІэрэф М., ШэджыхьэщІэ Хь., КхъуэІуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэІупщы	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		М., Мыз А. сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ. ЦІыхум и хъуэпсапІэмрэ ар зыхэпсэукІ дунеймрэ зэрызэпэІэщІэр, абы цІыхум и псэм къыщигъэхъу зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр. **КІэрэф Мухьэмэд** и повестхэмрэ («Лъэужь е лІэужь», «Сэфар», «Адэ щІэин мылъку хъурэ?») рассказхэмрэ («ЛІыжь хъыбархэр» тхылъым ихуахэр). ТхакІуэм и образхэр къыщигъэщІкІэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ къызэригъэсэбэпыр. ГурыщІэ хэІэтыкІахэмкІэ гъэнщІа тхыгъэхэр, апхуэдэ лІэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкІыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, нэгъуэщІхэри). Нало З., Брат Хь., Хьэх С., Тхьэмокъуэ Б., Гъэунэ Б., Шыбзыхъуэ М., Адзын М., Шорэ А., Жылэтэж С., ГъущІо З., Бозий Л., КІэбышэ Л., Щоджэн Хь. сымэ я повестхэр. Жылагъуэм, цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэр, гъащІэ теплъэгъуэ щхьэхуэхэр зи лъабжьэ тхыгъэ кІэщІхэр (рассказ, новеллэ, автор зиІэ хъыбар-притчэ), абыхэм ягъуэта зыужьынытъэр.		
	РАЗДЕЛ II. ЛЪЭПКЪ УСЫГЪЭР XX ЛІЭЩІЫГЪУЭМ И КІЭУХЫМ – XXI ЛІЭЩІЫГЪУЭМ И ПЭЩІЭДЗЭМ			
8.	Иджырей лъэпкъ усыгъэр	80–90 гъэхэм адыгэ усыгъэм и унэтІынытъэ нэхъыщхьэхэр, нэхъыбэрэ къиІэта темэхэр, гупсысэхэр. Идеологие зэхуэмыдэхэмрэ зэман зэблэкІыгъуэмрэ Іэнкун ящІа усыгъэм и щытыкІар (ЩоджэнцІыкІу Н., Нало З., Къагъырмэс Б., КІэмыргуей Т., нэгъуэщІхэми 90 гъэхэм къыдагъэкІа усэ тхылъхэр тегъэщІапІэ щІын). ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, КІуащ БетІал сымэ зи лъабжьэр ягъэтІылъа адыгэ «усэ гъэпсыкІэ хабзэхэм» зезыгъэужьа усакІуэхэм я творчествэр (Тхьэгъэзит З. «УзэщІакІуэ», Бещтокъуэ Хь. «Дуней телъыджэ», «Бжьыхьэ дыщафэ», Балъкъэр Ф. «Си уэрэдым къыдежьу», Ацкъан Р. «Тхыгъэхэр», КІэщт М. «Къыпхузогъанэ», Къагъырмэс Б. «Щыхьэт», АбытІэ Хъ. «Нэхулъэ», Сонэ А. «Іэгу махуэ-Іэгу нэщІ», Пхъэш М. «Гъуэгуанэ», Нэхущ М. «Адыгэ нэпсхэр», Тхьэгъэпсэу У. («Дуней гущэ»), н.). ЗэхъуэкІынытъэхэм къыздахьа псэукІэ-зэхэтыкІэмрэ хабзэщІэхэмрэ я пэжагъым, захуагъэм шэч къатехьэныр, абыхэм къагъэщІа гъащІэ лъэпощхьэпохэр, Іуэхугъуэ зэфІэхыгъуейхэр, хэкІыпІэншагъэмрэ фІэщмыхъунытъэмрэ лъэпкъ усыгъэм темэ нэхъыщхьэ щыхъуныр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
9.	Ацкъан Руслан	♦ *«Усыгъэ ІущкІэ (интеллектуальнэкІэ)»* зэджэр, абы и нэщэнэхэр. Философие гупсысэ куухэм тещІыхьа поэзием и гъунапкъэхэм совет нэужь лъэхъэнэм зэрызахъуэжар. **Ацкъан Руслан**. «ЩхьэегъэзыпІэ», «Усэхэр», «Къэгъэзэжыгъуэ», «Уэшх нэужьым» усэ тхылъхэр. ЦІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэмрэ теплъэгъуэ, къэхъукъащІэ гъэщІэгъуэнхэмрэ щызэхэжыхьа художественнэ дунейр. ЦІыхум къыдекІуэкІ лъапІэныгъэхэм усакІуэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр, ахэр сэтей къызэрищІ художественнэ Іэмалхэр. Ацкъан Р.Хь. и зэдзэкІынытъэ лэжьыгъэр. М.Ю. Лермонтовым и кавказ поэмэхэу («Уи хамэу зэи сыщытакъым». Налшык, 1999) усакІуэм адыгэбзэм къригъэтІэсахэр лъэпкъ зэдзэкІынытъэ лэжьыгъэм и нэхъыфІхэм зэращыщыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
10.	Бицу Анатолэ	♦ Лирикэ нэсым, *граждан лирикэм* и щапхъэхэр: цІыхугъэр, пэжыгъэр, лъагъунытъэр мотив нэхъыщхьэу зиІэ лъэпкъ поэзиер. **Бицу Анатолэ.** Абы и усэхэр зэманым	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии;

		зэрыпэджэжыр, яІэ ущиныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Бицум и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Усыгъэхэр», «Псэм и дуней», «КІуэцІырыкІыбжэ» тхылъхэр. ГъащІэм акъыл жанкІэ пхырыплъыф усакІуэм и къэгъэщІынытъэ нэхъыщхьэу ахэр зэрыщытыр. УсакІуэмрэ лъэпкъ макъамэмрэ. Лирикым и псалъэхэр щІэлъу композиторхэм уэрэд куэд зэратхар.		презентации
11.	Бемырзэ Мухьэдин	♦ Лъэпкъым хуэпэжыным, хуэлэжьэным, абы и бзэр, и хабзэр, лъэхъэнэ кІыхькІэ зэригъэпэща лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным къыхуезыджэ *(патриотыгъэ зыхэлъ)* адыгэ усыгъэр. **Бемырзэ Мухьэдин.** УсакІуэм и усэ тхылъ нэхъыфІхэр: «Уэрэду сиІэр уэрщ», «ДыгъафІэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр. И лъэпкъымрэ, зыужьыныгъэм хуэлажьэ абы и цІыху пэрытхэмрэ усакІуэм зэриІэт зэгъэпщэныгъэхэр. УсакІуэм и лъагъунытъэ, пейзаж лирикэр. Ахэр лъэпкъ усыгъэм фІыпІэу зэрыщытыр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
11.	Уэрэзей Афлик	♦ Адыгэ литературэбзэм зэрызиужьам и щапхъэхэр щынэралъагъу, лъэпкъым и хъуэпсапІэ нэхухэр бзэм и дахагъэмкІэ, и ІэфІагъымкІэ зыхозыгъащІэ усыгъэр. **Уэрэзей Афлик.** ЩІыуэпсымрэ цІыхум и гъащІэмрэ быдэу зэрызэпыщІар, щІыуэпсыр хъумэнымкІэ абы и пщэм къыдэхуэ къалэнхэр зэрыиныр *(пейзаж лирикэр)* усакІуэм и творчествэм къызэрыхэщыр («ЛІэщІыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Іуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ», «Гъуэгущхьибл» усэ тхылъхэр). ЦІыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ зэхуэфащэу, щІэщыгъуэу къызэрызэдекІуэкІын хуейм усакІуэм къызэрыхуриджэр. Уэрэзей А. и сонетхэмрэ сонет Іэрамэхэмрэ. УсакІуэм лъэпкъ усэ гъэпсыкІэм зэрызригъэхъуэжар, абы хуищІа хэлъхьэныгъэхэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
12.	Мыкъуэжь Анатолэ	♦ Я псэукІэкІэ цІыхухэр зэхуэмыдэныр *(социальнэ мотивхэр)* нэхъ куу зэрыхъур, цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэр абы зэрихъуэжыр, цІыхумрэ ар къэзыухъуреихьхэмрэ теухуа лъэпкъ усыгъэр. **Мыкъуэжь Анатолэ.** ГъащІэ гъуэгуанэ гугъу къэзыкІуа адыгэмрэ иджырей зэманымрэ теухуа усэхэр («Дунеижь», «Адэжь щІэин», «Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь», «Си лІэщІыгъуэр» усэ тхылъхэр). Лей зытехьэ, дэкъуза цІыхум къыщхьэщыжыныр Мыкъуэжь А. и усыгъэм нэщэнэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. ЦІыхур фІыуэ лъагъуным, и пщІэр къэІэтыным ехьэлІауэ абы и усэхэм хэлъ пафосыр, лиризм куур, Іущыгъэ-ущиныгъэр. Нэхугъэм, цІыхугъэм ухезыджэу усакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэм къахэІукІ хъуэпсапІэ лъагэхэр. УсакІуэм и творчествэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ абыхэм теухууэ щыІэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
13.	Сонэ Абдулчэрим	♦ Лъэпкъ тхыдэм *(адыгэм и блэкІам теухуа гукъэкІыжхэр)*, абы и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуа усыгъэр. **Сонэ Абдулчэрим** и «Іэгу махуэ-ІэщІ жэщ» усэ тхылъыр**.** УсакІуэм тхыдэр къызэригъэлъагъуэ образхэр, лъэпкъым и блэкІам хуиІэ щытыкІэр, и гурылъхэр къиІуэтэн щхьэкІэ, тегъэщІапІэ ищІ щапхъэхэр. УсакІуэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр, абыхэм я мыхьэнэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
14.	Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа	УсакІуэ щІалэхэр нэхъ зыхуэусэ, ягъэлъапІэ темэхэр: цІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэр, и нобэрей псэукІэр, ар зыгъэпІейтей е зыгъэгуфІэ Іуэхугъуэхэр,	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии;

	усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ	лъэпкъхэм, унагъуэхэм, благъэ-Iыхьлыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр, адыгэм и къэкIуэнум зэреплъыр, нэгъуэщIхэри. УсакIуэхэу ХьэIупэ Дж. («Iэгуауэншэ пшыхь»), Хьэту П. («Псэгъэкъабзэ», «Бжьыхьэ удж»), Жыкъуэ Гъу. («Къурухэм я уэрэд»), МахуэлI Н. («Гум и пшыналъэ», «Мывэм сопсалъэ»), Шорэ А. («Си усыгъэхэр»), ГъущIо З. («Шэху уэздыгъэ»), Лъостэн М. («Нэхущ гупсысэхэр»), Къаныкъуэ З. («Уэрэ сэрэ»), Бэлагъы Л. («ГъэунэхупIэ»), Лыкъуэжь Н. («КъапщIийхэр»), Багъэтыр Н. «Си усэ – си уэрэд»), Бемырзэ З. («Хужьрэ фIыцIэрэ»), Аброкъуэ Б. («Купсэ»), Мыжей М. («Сыхуейщ уи нитIым сыщIэплъэну»), ПщыукI Л. («Си гум и IэпапIэ», «Губгъуэ зэрыджэ»), Хьэвжокъуэ Л. («Гухэлъ налъэ»), Гугъуэт З. («Хьэуа Iубыгъуэ»), Шорэ М. («Си усэхэр»), Къэзан (Гъыдэ) Ф. («ВагъуэщIэ»), Кумыщ М. («Псэм и щэху»), нэгъуэщIхэри езыхэм я дуней еплъыкIэ хэха яIэу лъэпкъ поэзием къызэрыхьар, зыужьынигъэ зэрагъуэтар. Абыхэм я лирикэм лъагъунигъэ, гуапагъэ, дахагъэ темэхэр ебэкIыу, я псалъэхэр щIэщыгъуэу, «псэлъэкIэ (сленг) щхьэхуэ» яIэу зэрыщытыр.		презентации
	РАЗДЕЛ III. АДЫГЭ САБИЙ ЛИТЕРАТУРЭР			
15.	Адыгэ сабий литературэр	ЩIэблэр псэкIэ къулейуэ, дунейм и пIалъэ ищIэу, гъащIэм и дахагъэмрэ и лъапIагъымрэ къыгурыIуэу къэгъэтэджынымкIэ сабий литературэм игъэзащIэ къалэныр. Лъэпкъ сабий литературэр зэрызэфIэувар, абы къикIуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм сабийхэм псэемыблэжу хуэлэжьа тхакIуэ пажэхэр. Дахагъэр, анэдэлъхубзэм и IэфIыр ныбжьыщIэм зыхегъэщIэным хуэгъэпсауэ иужь илъэсхэм къыдэкIа сабий тхылъхэр: Нало З. «Нанэ и псэ-дадэ и бзэ», «Щэнгъасэ»; Щоджэн Л. «Уэрэдхэр», «Лэгъупыкъу», «Мэдэ цIыкIу», «Еджэрей цIыкIухэр»; АфIэунэ Л. «НэщIэпкIэ», «Псынэ цIыкIу», «Хъыринэ», Вындыжь М. «Сабиигъуэ гъуэгу», Хьэх С. «Дадэкъуапэ», Балъкъыз Б. «Хьэндыркъуакъуэ космонавт», Шыбзыхъуэ М. «ГъащIэ», Къагъырмэс Б. «Мыщэжьыкъуэ», Брай А. «Зэмыжьа зэIущIэхэр», ПхытIыкI Ю. «Iэбэдзыуэ», Щхьэгъэпсо С. «Линэ и удз гъэгъахэр», Тау Н. «НэкIуху», «Мэшбэв», Къэзан (Гъыдэ) Ф. «Уэс нэжэгужэ», нэгъуэщIхэри. Адыгэ сабий литературэм и нобэрей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
	РАЗДЕЛ IV. ЛЪЭПКЪ ДРАМАТУРГИЕМРЭ ИДЖЫРЕЙ ЛЪЭХЪЭНЭМРЭ			
16.	Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ	Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургием къыхэхъуа лэжьыгъэщIэхэр, ахэр нэхъыбэу зытеухуар, жанрхэм ящыщу нэхъыбэрэ ди тхакIуэхэм къагъэсэбэпыр. Лъэпкъ комедиографием зыужьынигъэ нэхъ щIигъуэтам и щхьэусыгъуэхэр. ДызыхэпсэукI гъащIэм и теплъэгъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа драмэ лэжьыгъэхэр: IутIыж Б. «ГушыIэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Трагедиехэр» тхылъхэм ихуа пьесэхэр; Дэбагъуэ М. «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэхэр; Журт Б. «Къалэн хьэлъэ», «Малъхъэ хъарзынэ»; Къаныкъуэ З. «Нагъуэ и унагъуэр», Думэн М. «Уэлий и парашют», Тут Т. «ТIуанэ», «Зэи жумыIэ зэи», нэгъуэщIхэри.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
	РАЗДЕЛ V. ЛИТЕРАТУРЭР ИДЖЫРЕЙ ЛЪЭХЪЭНЭМ			
17.	ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ	Лъэпкъ литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIынымкIэ, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэрыщIэнымкIэ зэдзэкIыныгъэ	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э;

	иджырей лъэпкъ литературэмрэ	лэжьыгъэм иІэ мыхьэнэр. ТхакІуэ-зэдзэкІакІуэ нэхъыжьхэм я щапхъэхэр, ахэр зи гъуазэ ди зэдзэкІакІуэ нэхъыфІхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ (Тхьэгъэзит З., Нало З., Къагъырмэс Б., Къэрмокъуэ Хь., Ацкъан Р., Уэрэзей А., Мэремкъул Л., Мэзыхьэ Б., Хьэх С., ТІымыжь Хь., Алъхъэс С., нэгъуэщІхэри). ХамэбзэхэмкІэ хэхэс адыгэхэм къагъэщІа художественнэ хъугъуэфІыгъуэр хэкурыс адыгэхэм я щэнхабзэм къыхэлъхьэжыныр совет нэужь лъэхъэнэм къалэн хэха зэрыхъуар, абыкІэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зыщІа зэдзэкІакІуэхэр (Къэрмокъуэ Хь., ХьэфІыцІэ М., ТІымыжь Хь., Къалмыкъ А., Уэрэзей А., Къумыкъу М., Дыгъужь Ф., Едыдж Н., нэгъуэщІхэри). Хэхэс адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэхэу ди деж къыщыдэкІахэр (Къандур М. «Кавказ» романыр (ЗэзыдзэкІар Къэрмокъуэ Хь.); Іэпщацэ З. «Сосрыкъуэ и кІуэдыкІар» (ЗэзыдзэкІар Къалмыкъ А.); «ЩІэин» (хэхэс адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэхэр, зэзыдзэкІар Къэрмокъуэ Хь.); «Хэхэс дуней» (хэхэс адыгэхэм я тхыгъэ къыхэхахэр, зэзыдзэкІар ТІымыжь Хь., Едыдж Н.); Къумыкъу М. хьэрыпыбзэкІэ зэридзэкІыу къыдигъэкІа тхылъхэр), нэгъуэщІхэри. ЗэдзэкІынытъэ лэжьыгъэм пыщІа Іуэхугъуэ гугъухэр, ахэр зэфІэха хъунымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр.		дискуссии; презентации
18.	Иджырей литературэ щІэныгъэмрэ критикэмрэ	Адыгэ литературэм и зыужьыкІэр, иджырей литературэмрэ ІуэрыІуатэмрэ я зэхущытыкІэр, Урысейм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэр зыдж литературэ щІэныгъэр. Иужьрей зэманым абы щІэуэ къыхэхъуа лэжьыгъэхэр, унэтІакІуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн абыхэм зэрагъэзащІэр. Лъэпкъ литературэдж-щІэныгъэлІхэмрэ критикхэмрэ: ХьэкІуащэ А., Нало З., Бэчыжь Л., Хъупсырокъуэ Хъ., БакІуу Хъ., БакІуу М., Гъут І., Мусукаевэ А., КхъуэІуфэ Хь., Къэжэр Хь., Тхьэгъэзит Ю., Къэрмокъуэ Хь., Къэжэр Хь., ТІымыжь Хь., Абазэ А., Бакъ З., Къудей З., ХьэкІуащэ М., Хэжь Л., Бозий Н., Къэжэр И., Хьэвжокъуэ Л., нэгъуэщІхэри.	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
19.	ХамэбзэхэмкІэ тхэ тхакІуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ	ХамэбзэкІэ художественнэ тхыгъэхэр къэгъэщІыным и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ литературэ щІэныгъэр апхуэдэ тхыгъэхэм зэрыбгъэдыхьэ щІыкІэхэр. XIX лІэщІыгъуэм псэуа адыгэ узэщІакІуэхэмрэ нэгъуэщІыбзэкІэ (урысыбзэкІэ, тыркубзэкІэ, иджылызыбзэкІэ, хьэрыпыбзэкІэ) тхэ иджырей тхакІуэхэмрэ. Зыщыщ лъэпкъкІэ адыгэу, ауэ урысыбзэкІэ тхэ тхакІуэхэм я тхыгъэ нэхъыфІхэр: Къущхьэунэ А. («Унаут» повестыр, «Сауна» романыр); Адыгэ Т. («Щит Тибарда» романыр); Емкъуж М. («Всемирный потоп», «Ночь Кадар» романхэр); Вэрокъуэ В. («Прощающие да простят» романыр), ХьэкІуащэ М. («Возвращение домой» романыр), Къэжэр Л. («За стеной дождя», «Радость, не грусти»), Мэкъуауэ А. и рассказхэмрэ и повестхэмрэ, нэгъуэщІхэри. **Хэхэс адыгэ литературэм** и лІыкІуэхэр, абыхэм я тхыгъэ нэхъыфІхэр. ХьэрыпыбзэкІэ, тыркубзэкІэ, нэгъуэщІ хамэбзэкІэ тхэхэр: Къандур М., Хъуэст Н., Уэтэр С., ГъуэгулІ (Четин) О., Чынт (Уйсал) М., Хьэрэтокъу С., Іэпщацэ (Омер) З., Хьэхъуратэ У., нэгъуэщІхэри. Адыгэбзэр къэзыщтэжахэр: Къумыкъу М., Инэмыкъуэ (Аталай) М., Хъунэгу Н., Тхьэгъэзит Р., Дыгъужь Ф., Абазэ И., Бабыгу Э., Къандур М., Чурей А., Шурдым Къу., нэгъуэщІхэри. Абыхэм я художественнэ ІэдакъэщІэкІхэм лъэпкъым и дуней лъагъукІэ щхьэхуэр	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		къызэрыщыгъэлъэгъуар, хамэ тхылъеджэр а дунейм щыгъуазэ хъунымкIэ апхуэдэ тхыгъэхэм яIэ мыхьэнэр.		
20.	«ЕджэгъуафIэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкIэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащIэ къалэнхэр	ХХ лIэщIыгъуэм и кIэхэм литературэр лIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкI зэрыхъуар, абы и плъыфэхэр. Литературэмрэ рынокымрэ. Социалист реализмэм и кхъупхъэм къикIа литературэм и къуэпсхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызадзар. «Массовэ литературэм» и поэтикэм хэлъ къыщхьэщыкIынигъэ нэхъыщхьэхэр. Беллетристикэмрэ иджырей литературэ щIэныгъэмрэ. АбытIэ В. («Тенджызищым я тхьэгуащэ», «Хамэ фыз», «КIуакIужь», «Дыгъужьынэ» романхэр, «Ламэ», «Индыл и зы щэху» повестхэр, нэгъуэщIхэри), Къанкъул ФI. («Гум и уэрэдхэр», «Ар си Заремэщ» усэ тхылъхэр), Пщыгъусэ А. («Аникет», «Путь к вершине», «Меоты», «Царь хатти Анитта», «Царь хатти Питхана»), Сэрахъэ А. («Расплата», «Опознание», «Дело-Табак», «Война», «Роковая тайна» повестхэр, «Схватка с призраком» романыр), Фырэ А. «Хьэтхэр» тхыдэ романыр, нэгъуэщIхэри) сымэ я художественнэ прозэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр, иджырей тхылъеджэр апхуэдэ къэгъэщIынигъэм зэрыхущытыр. Къэбэрдей-шэрджэс литературэм **детектив** жанрым зэрызыщиужьар. КIыщокъуэ Р. («Къарэбэир и лъэужьхэмкIэ», «Щихъ лIыжьым и Iэлъыныр» романхэр), Журт Б. («Шыдыгъу» повестыр), Сасыкъ Б. («Следователыр си къуэ?» повестыр, «Инспекторым къегъуэт», «Следствиер щекIуэкIым», «Ныбжьэгъум и къарур» рассказхэр) сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр. Фантастикэм, нэкъыфIэщI (мистикэ), фIэщщIыгъуей литературэ лIэужьыгъуэхэм я нэщэнэхэр зыхэт тхыгъэхэр адыгэ литературэм къызэрыхьхьар. Нало З. («Жыг Хъурсанэ» рассказыр), Лыкъуэжь Н. («Шырэ» рассказыр), Мэкъуауэ А. («Сыкъегъэл, си мелыIыч», «Псэ зыхэт сурэт», «ЦIыкIужьей и хытIыгу» рассказхэр), Къанкъул З. («КIэгъуасэ хужь» рассказыр), нэгъуэщIхэри. Абыхэм литературэм къыхалъхьэ щIэщыгъуагъхэр, а IэмалхэмкIэ тхакIуэхэм зэфIах художественнэ Iуэхугъуэ гугъухэр..	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации
21.	Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ. Курсыр къызэщIэзыкъуэж кIэух псалъэ	Лъэпкъ литературэм къикIуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIынигъэхэр. Литературэмрэ гъуазджэмрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр. ГъащIэр образхэмкIэ къэгъэлъэгъуэныр абыхэм я зэхуэдэ къалэну зэрыщытыр. Художественнэ образымрэ литературэм и зыужьыкIэмрэ. Хэкум, лъэпкъым, цIыхубэм быдэу пыщIауэ ар къызэрыгъуэгурыкIуэр. Сыт хуэдэ лъэхъэнэми ар зей лъэпкъым хуэпэжу, абы и хъуэпсапIэ лъагэхэм я гъуазэу къызэрекIуэкIыр. Адыгэ литературэр дунейпсо щэнхабзэм зэрыхэувэр, абы хуищI хэлъхьэныгъэр. Адыгэ литературэмрэ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэхэмрэ. Ахэр зэрызэпыщIар, зэдзэкIынигъэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ а литературэхэр зэрызэлъэIэсыр, нэхъ къулей зэрыхъур. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зиужьынымкIэ абы иIэ мыхьэнэр. Лъэпкъ тхыбзэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэр. Абы и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэр. Адыгэ тхыбзэ литературэр хамэбзэхэмкIэ къежьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр, лъэпкъым и зэхэщIыкIым зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр. А къэхъугъэ гъэщIэгъуэным ехьэлIауэ литературэдж-щIэныгъэлIхэм яIэ Iуэху еплъыкIэхэр. Иджырей зэманым лъэпкъ литературэм и пащхьэ къиувэ къалэн нэхъыщхьэхэр. Хэкум, адыгэм я къэкIуэнумкIэ, я лъэпкъэгъухэм я зэхэщIыкIым зегъэужьынымкIэ, мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ лъахэм илъынымкIэ, дахагъэм щIэблэр къыщIэгъэтэджэнымкIэ	ОПК-3	К; Т; Р ДЗ, УО; Э; дискуссии; презентации

		адыгэ литературэм, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм яхь жэуаплыныгъэ иныр. Лъэпкъ литературэм къиIэт темэхэмрэ зэпкърих Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ (цIыхур гъэлъэпIэныр: абы и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныр; къэкIуэнум цIыхубэр щIэгъэхъуэпсыныр; тхыдэр къэзыгъэщI къарухэм ялъысыпхъэ пщIэр художественнэ псалъэкIэ етыныр; щэнхабзэм зиужьыным, цIыхум и зэхэщIыкIым зиузэщIыным зэран хуэхъу къарухэм, залымыгъэхэм ебэныныр). Къэбэрдей-шэрджэс литературэм, зэрыщыту адыгэ литературэшхуэм (кIахэ адыгэхэми, хэхэс адыгэхэми я литературэхэр хэту) и тхыдэр джынымкIэ къэув къалэныщIэхэр. Мы курсым щыгъэбелджыла мурадхэмрэ къалэнхэмрэ программэр зэрыпэлъэщыр, гулъытэ игъуэтын хуейуэ къанэ Iуэхугъуэхэр.		

На изучение курса отводится 540 ч. (15 з.е.), из них:

контактная работа 255 ч., в том числе лекционных – 119 ч.; практических (семинарских) – 136 ч.; самостоятельная работа студента 204 часов; контроль - 81 ч.;

Структура дисциплины (модуля) «История кабардино-черкесской литературы»

Таблица 2. Общая трудоемкость дисциплины составляет 15 зачетных единиц (540 ч.)

Вид работы	**Трудоемкость, часы**					
	2 семестр	**3 семестр**	**4 семестр**	**5 семестр**	**6 семестр**	**Всего**
Общая трудоемкость (в часах)	***108***	***72***	***72***	***144***	***144***	***540***
Контактная работа (в часах):	***51***	***51***	***34***	***51***	***68***	***255***
Лекционные занятия (Л)	*17*	*34*	*17*	*17*	*34*	*119*
Практические занятия (ПЗ)	*34*	*17*	*17*	*34*	*34*	*136*
Самостоятельная работа (в часах), в том числе контактная внеаудиторная работа:	***57***	***21***	***38***	***93***	***76***	***285***
Реферат (Р)	*2*	*1*	*3*	*3*	*3*	*12*
Эссе (Э)	*2*	*1*	*3*	*3*	*3*	*12*
Контрольная работа (КР)	*3*	*3*	*3*	*3*	*3*	*15*
Самостоятельное изучение разделов	*5*	*7*	*20*	*57*	*40*	*129*
Курсовой проект (КП), курсовая работа (КР)	*36*	-	-	-	-	*36*
Подготовка и прохождение промежуточной аттестации	*9*	*9*	*9*	*27*	*27*	*81*
Вид промежуточной аттестации	**диф.зач зачет**	**зачет**	**зачет**	**экзамен**	**экзамен**	

Таблица 3. Лекционные занятия

2-й семестр

№ п/п	Тема
1.	Хэзыгъэгъуазэ.
2.	Тхыбзэу щымыт япэ литературэ къэгъэщIыныгъэхэр
3.	УсакIуэхэр. УсакIуэ-джэгуакIуэхэр: Выкхъэ Шухьиб. Абазэ Къамбот. Агънокъуэ Лашэ. Мэсей Исуп. Мыжей Сэхьид. Сыжажэ Къылъшыкъуэ. Адыгэ зэчырхэр
4.	Тхыбзэ литературэм и къежьапIэм. АдыгэбзэкIэ тхэуэ щыта лъэпкъ узэщIакIуэхэр:

	Нэгумэ Шорэ. ЩэрэлIокъуэ Нэутокъуэ. Берсей Умар. ХьэтIохъущокъуэ Къазий. Тамбий Пагуэ.
5.	УрысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэхэр: Къаз-Джэрий СулътIан. Хъан-Джэрий СулътIан. Къуэдзокъуэ Лэкъумэн. КIашэ Адэлджэрий. Ахъмэтыкъуэ Къазбэч
6.	Иджырей адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и япэ лъэбакъуэхэр
7.	Бахъсэн узэщIакIуэхэр: Дым Iэдэм. Цагъуэ Нурий
8.	ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэхэр. АдыгэбзэкIэ тхауэ абыхэм къагъэна художественнэ тхыгъэхэр: Куп Исмэхьил». Уэкъуо. Гуанэ Зулкъарнен. КIурашын Мухьэмэд.
9.	ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан
10.	ЩэрэлIокъуэ Талъостэн. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
11.	ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
12.	Къылышбий Исмэхьил и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
13.	КъызэщIэзыкъуэж псалъэ

3-й семестр

№ п/п	Тема
1.	Адыгэ литературэр 20 гъэхэм. ТхыбзэщIэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщIэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр
2.	ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
3.	ХьэхъупащIэ Амырхъан и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
4.	Адыгэ литературэр 30 гъэхэм
5.	Лъэпкъ прозэр. Политикэ залымыгъэр, абы лажьэншэу хэкIуэда адыгэ тхакIуэхэр
6.	30 гъэхэм къигъэщIа драматургие лэжьыгъэхэр: абыхэм я сюжетхэр, художественнэ конфликтхэр, ягъэзащIэ къалэнхэр.
7.	Лъэпкъ усыгъэм 30 гъэхэм щIэлъа пафос нэхъыщхьэр. Адыгэ лирикэм и япэ лъэбакъуэхэр, абы и зыужьыныгъэр зи фIыщIэ усакIуэхэр
8.	ЩоджэнцIыкIу Алий
9.	Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм
10.	Адыгэ литературэр 1945-1950 гъэхэм
11.	Лъэпкъ прозэр. Шортэн А., ЩоджэнцIыкIу I., Къашыргъэ Хь., Уэхъутэ А., Къущхьэ С.
12.	Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. 50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр. КIуащ БетIал
13.	Лъэпкъ драматургиер. Акъсырэ Залымхъан
14.	Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ

4 семестр

№ п/п	Тема
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Лъэпкъ прозэм игъуэта зыужьыныгъэр
2.	60-80 гъэхэм «къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар
3.	Лъэпкъ тхыдэмрэ адыгэ литературэмрэ
4.	КIэрашэ Тембот. ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ

5.	Нало Ахьмэдхъан и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
6.	Мэлбахъуэ Елберд и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
7.	КIыщокъуэ Алим. ТхакIуэмрэ зэманымрэ

5 семестр

№ п/п	Тема
1.	КIыщокъуэ Алим и усыгъэр
2.	КIыщокъуэ Алим и поэмэхэр
3.	КIыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэмрэ публицистикэмрэ
4.	ЦIыхугъэм, щIалэгъуэм, гурыщIэм (лирикэ) теухуа прозэр
5.	ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ
6.	Дыгъужь Къурмэн и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
7.	Адыгэ усыгъэр 60-80 гъэхэм: къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, гъунапкъэщIэхэр
8.	Тхьэгъэзит Зубер и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
9.	Бещтокъуэ Хьэбас и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
10.	Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ лъэпкъ литературэм и жанр кIэщIхэмрэ
11.	Лъэпкъ драматургием и лъэхъэнэщIэ
12.	IутIыж Борис и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
13.	Дэбагъуэ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
14.	Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ. Адыгэ литературэр 80 гъэхэм я иужьрей (зэхъуэкIыныгъэхэм) илъэсхэм

6-й семестр

№ п/п	Тема
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ
2.	Тхыдэ къэхъукъащIэхэр зи лъабжьэ прозэр. МафIэдз Сэрэбий
3.	ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
4.	Тыуаршы Аслъэн и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
5.	Къэрмокъуэ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
6.	ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр
7.	Иджырей лъэпкъ усыгъэр
8.	Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ
9.	Адыгэ сабий литературэр
10.	Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ
11.	ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ
12.	Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ
13.	ХамэбзэкIэ тхэ тхакIуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ

14.	«ЕджэгъуафIэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкIэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащIэ къалэнхэр. Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ. Курсыр къызэщIэзыкъуэж кIэух псалъэ

Таблица 4. Практические занятия

№ п/п	Тема
	2 семестр
1.	Хэзыгъэгъуазэ.
2.	Тхыбзэу щымыт япэ литературэ къэгъэщIыныгъэхэр
3.	УсакIуэхэр. УсакIуэ-джэгуакIуэхэр: Выкхъэ Шухьиб. Абазэ Къамбот. Агънокъуэ Лашэ. Мэсей Исуп. Мыжей Сэхьид. Сыжажэ Къылъшыкъуэ. Адыгэ зэчырхэр
4.	Тхыбзэ литературэм и къежьапIэм. АдыгэбзэкIэ тхэуэ щыта лъэпкъ узэщIакIуэхэр: Нэгумэ Шорэ. ЩэрэлIокъуэ Нэутокъуэ. Берсей Умар. ХьэтIохъущокъуэ Къазий. Тамбий Пагуэ.
5.	УрысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэхэр: Къаз-Джэрий СулътIан. Хъан-Джэрий СулътIан. Къуэдзокъуэ Лэкъумэн. КIашэ Адэлджэрий. Ахъмэтыкъуэ Къазбэч
6.	Иджырей адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и япэ лъэбакъуэхэр
7.	Бахъсэн узэщIакIуэхэр: Дым Iэдэм. Цагъуэ Нурий
8.	XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэхэр. АдыгэбзэкIэ тхауэ абыхэм къагъэна художественнэ тхыгъэхэр: Куп Исмэхьил». Уэкъуо. Гуанэ Зулкъарнен. КIурашын Мухьэмэд.
9.	ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан
10.	ЩэрэлIокъуэ Талъостэн. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
11.	ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
12.	Къылышбий Исмэхьил и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ
13.	КъызэщIэзыкъуэж псалъэ
	3 семестр
1.	Адыгэ литературэр 20 гъэхэм. ТхыбзэщIэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщIэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр. ПащIэ Бэчмырзэ. ХьэхъупащIэ Амырхъан.
2.	Адыгэ литературэр 30 гъэхэм. Лъэпкъ прозэр. Драматургиер
3.	Адыгэ усыгъэр 30 гъэхэм. ЩоджэнцIыкIу Алий.
4.	Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм. Адыгэ литературэр 1945-1950 гъэхэм
5.	Лъэпкъ прозэр. Шортэн А., ЩоджэнцIыкIу I., Къашыргъэ Хь., Уэхъутэ А., Къущхьэ С.
6	Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. 50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр. КIуащ БетIал
7.	Лъэпкъ драматургиер. Акъсырэ Залымхъан
	4 семестр
1.	Хэзыгъэгъуазэ. 60 – 80 гъэхэм адыгэ литературэм иIа щытыкIэр
2.	Лъэпкъ прозэм игъуэта зыужьыныгъэр. Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60-80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар
3.	60-80 гъэхэм адыгэ литературэм зыщызыужьу хуежьа литературэ унэтIыныгъэхэр. Теунэ Хьэчим, Анзор Мухьэмэд. Я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ
4.	«Къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар. Къэрмокъуэ М., Мысачэ П., Ахъмэт М. сымэ я повестхэр
5.	КIэрашэ Тембот. ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ
6.	Нало Ахьмэдхъан. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
7.	Мэлбахъуэ Елберд. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
8.	КIыщокъуэ Алим. ТхакIуэмрэ зэманымрэ. «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» роман-трилогиер
9.	КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр

5 семестр	
1.	КІыщокъуэ А. и усыгъэр
2.	КІыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэмрэ публицистикэмрэ
3.	ЦІыхугъэм, щІалэгъуэм, гурыщІэм (лирикэ) теухуа прозэр
4.	ЩоджэнцІыкІу Іэдэм
5.	Дыгъужь Къурмэн
6.	Адыгэ усыгъэр 60-80 гъэхэм: къэлъыхъуэныгъэщІэхэр, гъунапкъэщІэхэр
7.	Тхьэгъэзит Зубер
8.	Бещтокъуэ Хьэбас
9.	Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ лъэпкъ литературэм и жанр кІэщІхэмрэ
10.	Лъэпкъ драматургием и лъэхъэнэщІэ
11.	Лъэпкъ литературэ щІэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ. Адыгэ литературэр 80 гъэхэм я иужьрей (зэхъуэкІыныгъэхэм) илъэсхэм
6 семестр	
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр
2.	Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ
3.	Тхыдэ къэхъукъащІэхэр зи лъабжьэ прозэр. МафІэдз Сэрэбий
4.	ШэджыхьэщІэ Хьэмыщэ
5.	Тыуаршы Аслъэн
6.	Къэрмокъуэ Мухьэмэд
7.	ЦІыхухэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэм, я псэукІэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр
8.	Иджырей лъэпкъ усыгъэр
9.	Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакІуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ
10.	Адыгэ сабий литературэр
11.	Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ
12.	ЗэдзэкІыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ
13.	Иджырей литературэ щІэныгъэмрэ критикэмрэ
14.	ХамэбзэкІэ тхэ тхакІуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ
15.	«ЕджэгъуафІэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкІэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащІэ къалэнхэр. Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ. Курсыр къызэщІэзыкъуэж кІэух псалъэ

Таблица 5. Лабораторные работы по дисциплине (модулю) – не предусмотрены

Таблица 6. Самостоятельное изучение разделов дисциплины (модуля)

№ п/п	Вопросы, выносимые на самостоятельное изучение
2-й семестр	
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Тхыбзэпэ лъэпкъ литературэр
2.	Тхыбзэ литературэм и къежьапІэм
3.	Адыгэ литературэр къэунэхунымкІэ, зэфІэувэнымкІэ XIX лІэщІыгъуэм псэуа лъэпкъ усакІуэ-джэгуакІуэхэмрэ узэщІакІуэхэмрэ я лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иІар
4.	Иджырей адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и япэ лъэбакъуэхэр
5.	XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм псэуа адыгэ тхакІуэхэр
3-й семестр	
1.	Адыгэ литературэр 20 гъэхэм. ТхыбзэщІэ литературэм усыгъэм нэхъ псынщІэу зэрызыщиужьар, абы и щхьэусыгъуэхэр. ПащІэ Бэчмырзэ. ХьэхъупащІэ Амырхъан
2.	Адыгэ литературэр 30 гъэхэм. Лъэпкъ прозэр. Драматургиер

3.	Адыгэ усыгъэр 30 гъэхэм. ЩоджэнцIыкIу Алий
4.	Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм. Адыгэ литературэр 1945-1950 гъэхэм
5.	Лъэпкъ прозэр. Шортэн А., ЩоджэнцIыкIу I., Къашыргъэ Хь., Уэхъутэ А., Къущхьэ С.
6.	Адыгэ усыгъэр. Зауэ нэужь илъэсхэм абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. 50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэр. КIуащ БетIал
7.	Лъэпкъ драматургиер. Акъсырэ Залымхъан
4-й семестр	
1.	Хэзыгъэгъуазэ. 60 – 80 гъэхэм адыгэ литературэм иIа щытыкIэр
2.	Лъэпкъ прозэм игъуэта зыужьыныгъэр. Зауэ темэр, абы и Iэужьхэр 60-80 гъэхэм лъэпкъ прозэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар
3.	60-80 гъэхэм адыгэ литературэм зыщызыужьу хуежьа литературэ унэтIыныгъэхэр. Теунэ Хьэчим, Анзор Мухьэмэд. Я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ
4.	«Къуажэ» прозэм и лъэр адыгэ литературэм зэрыщигъэбыдар. Къэрмокъуэ М., Мысачэ П., Ахъмэт М. сымэ я повестхэр
5.	КIэрашэ Тембот. ТхакIуэмрэ лъэхъэнэмрэ
6.	Нало Ахьмэдхъан. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
7.	Мэлбахъуэ Елберд. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ
8.	КIыщокъуэ Алим. ТхакIуэмрэ зэманымрэ. «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» роман-трилогиер
9.	КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр
5-й семестр	
1.	КIыщокъуэ А. и усыгъэр
2.	КIыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэмрэ публицистикэмрэ
3.	ЦIыхугъэм, щIалэгъуэм, гурыщIэм (лирикэ) теухуа прозэр.
4.	ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. Дыгъужь Къурмэн
5.	Адыгэ усыгъэр 60-80 гъэхэм: къэлъыхъуэныгъэщIэхэр, гъунапкъэщIэхэр
6.	Тхьэгъэзит Зубер. Бещтокъуэ Хьэбас
7.	Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ лъэпкъ литературэм и жанр кIэщIхэмрэ
8.	Лъэпкъ драматургием и лъэхъэнэщIэ
9.	Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ. Адыгэ литературэр 80 гъэхэм я иужьрей (зэхъуэкIыныгъэхэм) илъэсхэм
6-й семестр	
1.	Хэзыгъэгъуазэ. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр
2.	Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ
3.	Тхыдэ къэхъукъащIэхэр зи лъабжьэ прозэр. МафIэдз Сэрэбий
4.	ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ
5.	Тыуаршы Аслъэн
6.	Къэрмокъуэ Мухьэмэд
7.	ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр
8.	Иджырей лъэпкъ усыгъэр
9.	Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ
10.	Адыгэ сабий литературэр
11.	Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ
12.	ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ
13.	Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ
14.	ХамэбзэкIэ тхэ тхакIуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ
15.	«ЕджэгъуафIэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкIэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэр,

	абыхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащIэ къалэнхэр. Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ. Курсыр къызэщIэзыкъуэж кIэух псалъэ

5. Оценочные материалы для текущего и рубежного контроля успеваемости и промежуточной аттестации

Конечными результатами освоения программы дисциплины являются сформированные когнитивные дескрипторы «знать», «уметь», «владеть», расписанные по отдельным компетенциям. Формирование этих дескрипторов происходит в течение всего семестра по этапам в рамках различного вида занятий и самостоятельной работы.

В ходе изучения дисциплины предусматриваются ***текущий, рубежный контроль и промежуточная аттестация.***

5.1. Оценочные материалы для текущего контроля. *Цель текущего контроля* – оценка результатов работы в семестре и обеспечение своевременной обратной связи, для коррекции обучения, активизации самостоятельной работы обучающегося. Объектом текущего контроля являются конкретизированные результаты обучения (учебные достижения) по дисциплине.

Текущий контроль успеваемости обеспечивает оценивание хода освоения дисциплины «История кабардино-черкесской литературы» и включает: ответы на теоретические вопросы на практическом занятии, выполнение заданий на практическом занятии, самостоятельное выполнение индивидуальных домашних заданий (например, выполнения заданий в рабочей тетради) с отчетом (защитой) в установленный срок, написание рефератов, эссе, дискуссии.

Оценка качества подготовки на основании выполненных заданий ведется преподавателем (с обсуждением результатов), баллы начисляются в зависимости от сложности задания.

5.1.1 Вопросы по темам дисциплины «История кабардино-черкесской литературы» **(контролируемые компетенции ОПК-3):**

Вопросы по темам дисциплины представлены в программе курса. *Детализация вопросов содержится в издании:*

1. Тимижев Х.Т., Бозиева Н.Б. История кабардино-черкесской литературы: программа дисциплины. Учебное пособие. Министерство науки и высшего образования Российской Федерации, Кабардино-Балкарский государственный университет им. Х.М. Бербекова. – Нальчик: Каб.-Балк. ун-т, 2023. – 122 с.

Критерии формирования оценок (оценивания) устного опроса

Устный опрос является одним из основных способов учёта знаний обучающегося по дисциплине. Развёрнутый ответ студента должен представлять собой связное, логически последовательное сообщение на заданную тему, показывать его умение применять определения.

В результате устного опроса знания, обучающегося оцениваются по следующей шкале:

3 балла выставится, если обучающийся:

1) полно излагает изученный материал;
2) обнаруживает понимание материала, может обосновать свои суждения, применить знания на практике;
3) излагает материал последовательно и правильно с точки зрения норм литературного языка.

2 балла выставится, если обучающийся даёт ответ, удовлетворяющий тем же требованиям, что и для балла «1», но допускает 1-2 ошибки, которые сам же исправляет, и 1-2 недочёта в последовательности и языковом оформлении излагаемого.

1 балл выставится, если обучающийся обнаруживает знание и понимание основных положений данной темы, но:

1) излагает материал неполно и допускает неточности в определении понятий;
2) не умеет достаточно глубоко и доказательно обосновать свои суждения и привести свои примеры;
3) излагает материал непоследовательно и допускает ошибки в языковом оформлении излагаемого.

0 баллов, ставится, если обучающийся обнаруживает незнание большей части соответствующего раздела изучаемого материала, допускает ошибки в формулировке.

5.1.2. <u>Оценочные материалы для самостоятельной работы обучающегося (практические задания)</u>(контролируемые компетенции* ОПК-3*):

Перечень типовых заданий для самостоятельной работы сформирован в соответствии с тематикой практических занятий по дисциплине «История кабардино-черкесской литературы».

Полный комплект заданий по темам содержится в изданиях:

1. Тимижев Х.Т., Бозиева Н.Б. История кабардино-черкесской литературы Х1Х – нач. ХХ в.: программа для самостоятельной работы студентов. Нальчик: КБГУ, 2014. - 30 с.
2. Тимижев Х.Т., Балова Л.Ф. История кабардино-черкесской литературы 60 – 90-х гг.: программа для самостоятельной работыв студентов. Нальчик: КБГУ, 2014. - 43 с.
3. Тимижев Х.Т. История кабардино-черкесской литературы постсоветского периода. Нальчик: КБГУ, 2014. – 3.5 п.л. – 61 с.
4. Тимижев Х.Т., Бозиева Н.Б. История кабардино-черкесской литературы 20–80-х годов ХХ в: практикум. Нальчик: КБГУ, 2015. – 63 с.

Задания

Тема: ЩоджэнцIыкIу Алий.

1. И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ теухуа къэпсэлъэныгъэ гъэхьэзыр компьютер гъэлъэгъуэныгъэхэр дэщIыгъуу.

2. ЩоджэнцIыкIу Алий теухуауэ щIэныгъэлIхэм, усакIуэхэм, тхакIуэхэм жаIа псалъэхэр тхы.

3. УсакIуэ ныбжьыщIэм и япэ усэхэр:

«Тырку хадэм», «Жынгызмэ я ныпфIыцIэжьыр»

1) Усэхэм я темэр къыжыфIэ.

2) Усэхэр зэрытха жыпхъэхэр вгъэбелджылы.

3) Лирическэ лIыхъужьхэр сыт хуэдэ цIыхухэми къыжыфIэ.

4) Усэхэм хэт тропхэр вгъэбелджылы. Щапхъэхэр къыхэфтхыкI.

«Нанэ»

1) Усэр дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар къыжыIэ.

2) Усэм псалъэ гурыIуэгъуейуэ къыпщыхъухэр къыхэтхыкI, абыхэм я мыхьэнэр псалъалъэхэмкIэ гъэбелджылы.

3) Лирикэ лIыхъужьыр уэ къызэрыпщыхъур тхы.

4) Мы псалъэхэр къызэрыбгурыIуэр тхы. Литературэм и троп мы сатырхэм къыщыхьар гъэбелджылы.

Къуршыжьхэм ар къыхуэбанэу -
Гызыжу кхъухьхэр къепщылIэу -
Апхуэдэхэм я Iэгухэр пхъашэми, -
Си щхьэфэм щабэ къохъуэкIыр, -
Анэбгъэм си Iэр пэжыжьэми -
Сыт къуаншагъэу, Тхьэ, уэзлэжьауэ
Дунейм пцIанэу сыщIытебдзар?
Ныбэизхэр щыбгъэдыхьэшхыу?
ЛIы ищIынщ уи къуэр IэштIымым -

5) И хэкум и теплъэу лирикэ лIыхъужьым и нэгу щIэтыр тхы.

6) Усэм и сыт хуэдэ сатырхэм ноби плъагъу Іуэхугъуэхэр къыхэщрэ?
7) Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр.
8) Усэр зэрытха жыпхъэр.
9) Рифмэм и гъэпсыкІэр.
10) Макъхэм я лэжьэкІэр.
11) Усэр гукІэ зэгъащІэ.

4. Лъэпкъым и нобэрей махуэм усакІуэр зэригъэпІейтейр, абы и къэкІуэнум зэрыщыгугъыр.

5. Адыгэм гъуазэу иІэпхъэу усакІуэм къилъытэхэр.

6. Романтизмэм и жьауэм щІэту тха усэхэм тхылъеджэр зыхураджэр, зыщІагъэхъуэпсыр.

7. Анэмрэ лъахэмрэ усакІуэм яхуиІэ гурыщІэр, ар къызэриІуатэ литературэ Іэмалхэр.

8. ЩІагъыбзэр усакІуэ ныбжьыщІэм къызэригъэсэбэпыр, ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм а Іэмалым тырку, хьэрып усакІуэхэр хуекІуэу зэрыщытар.

9. ЩоджэнцІыкІум и япэ усэхэр лъэпкъ лирикэм и къежьапІэу къызэрылъытапхъэр, абыкІэ тегъэщІапІэ щІыпхъэхэр.

Тема: **Ахъмэтыкъуэ Къазбэч** (Хьэжылъашэ Мухьэмэд-Бэч).

1. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа къэпсэлъэныгъэ гъэхьэзыр компьютер гъэлъэгъуэныгъэхэр дэщІыгъуу.

2. *«Азэн джапІэм и щэху» рассказыр*

1) Уэркъ щІалэ Джэфар и образым характеристикэ етын.
2) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

3. *«Жэнэт пщащэ» рассказыр*

1) Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр къэфІуатэ.
2) Жамбулэт и образыр зэпкърых.
3) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

4. *«ЩІыхьым папщІэ» рассказыр*

1) Рассказыр зытеухуар къэІуатэ.
2) Хуснияр и образыр зэпкърых.
3) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

5. *«Патриоткэ» рассказыр*

1) Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр къэфхутэ.
2) Зазив и образым характеристикэ ефт.
3) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

6. *«Гъуэгу зэхэкІыпІэ» рассказыр*

1) Рассказыр зытеухуамрэ къиІуатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ фтхы.
2) Индрис и образыр зэпкърых.
3) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

7. *«Пэжым и лъыхъуакІуэ» рассказыр*

1) Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр тхы.
2) Рассказым хэлъ щІагъыбзэр уэ къызэрыбгурыІуэр къэІуатэ.
3) Рассказым фыкъеджи къыхэфтхыкІ Хьэджымыкъуэрэ Гуэщхужьрэ сыт хуэдэми къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр, я ІуэхущІафэхэр.

Хьэджымыкъуэ

И теплъэр	И хьэл-щэнхэр

Гуэщхужь

И теплъэр	И хьэл-щэнхэр

4) Рассказым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

8. *«Къалэн хьэлъэ» драмэр*

1) Бгырысхэм къадекІуэкІыу щыта лъыщІэж хабзэмрэ драмэм и сюжетымрэ зэрызэхуэкІуэр уэ къызэрыбгурыІуэм хуэдэу тхы.

2) Пьесэм и ухуэкІэр, зы Іуэхугъуэ шэщІам нэхъ пасэу къэхъуа Іуэхугъуэ зыбжанэ тхакІуэм зэрыхиухуанэр къэгъэлъагъуэ.

3) Хьэжмырзэрэ Уэсмэнрэ я образхэр, абыхэм ягъуэт зыужьыныгъэр зэпкърых.

4) Пьесэм узыщрихьэлІэ нэгъуэщІ образхэм я характеристикэ ет.

5) Увжыкъуэ и образыр зэпкърых. И адэжь щІыналъэм абы лъагъунытъэ хуиІэр езым къызэриІуатэ псалъэхэр текстым къыхэтхыкІ.

6) Реализмэм и хабзэхэм тету адыгэ мэкъумэшыщІэхэм я псэукІар пьесэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, абы и щапхъэхэр.

9. Ахъмэтыкъуэ Къ. и гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ очеркхэмрэ («Континент фІыцІэм», «Тыркум теухуа очеркхэр», «Иджырей Тыркур», «Зэман хьэлъэхэр», «Бгыхэм я хъуэпсапІэр», нэгъуэщІхэри) еджи нэхъ гукъинэж пщыхъуа зы зэпкърых.

Тема: **КІыщокъуэ А. и «Лъапсэ» романыр.**

1. Адыгэ лъэпкъ тхыдэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэхэр къыщыгъэлъэгъуа романым?
2. Романым сыт хуэдэ ухуэкІэ иІэ?
3. Лъэпкъ кІуэдыр къызэрыкІ сыт хуэдэ Іуэхугъуэ мыхъумыщІэхэр къыщыхъуа тхыгъэр зытепсэлъыхь зэманитІми:

- адыгэхэм езыхэм я лажьэкІэ:
- лъэпкъ цІыкІухэм теухуауэ щыІа политикэм и зэранкІэ.
- бзылъхугъэм гулъытэ имыгъуэтым и щхьэусыгъуэкІэ.

Жэуапхэр тхыгъэм хэт щапхъэхэмкІэ щІэвгъэбыдэж.

4. Дэфэрэдж бзылъхугъитІым я образхэм щхьэхуэу фытепсэлъыхь. Сыт хуэдэ къалэн щагъэзащІэрэ а образхэм мы тхыгъэм? Сыт ахэр зыгъэгузавэр, сыт хуэдэ лъэкІынытъэ къалъыкъуэкІрэ абыхэм?
5. «Лъапсэ» романым фыкъеджэ. Абы хэт сюжетхэм щхьэхуэ щхьэхуэу фытепсэлъыхьыж. Дэтхэнэ зы сюжетми романым щигъэзащІэ къалэныр зэхэвгъэкІ.
6. Сыт хуэдэ зэпэщІэувэныгъэхэм (конфликтхэм) фащыхуэза романым? Зэпкърыфх:

- лъэпкъ зэпэщІэувэныгъэхэм я щхьэусыгъуэр;
- Дэфэрэдж Шагировнэрэ ЛэтІифэрэ, Дэфэрэдж Шагировнэрэ Нартыху Казбекрэ я зэхущытыкІэр къызыхэкІар.

Жэуапхэр тхыгъэм щыщ щапхъэхэмкІэ щІэвгъэбыдэж.

7. Сыт хуэдэ зэхущытыкІэ яІэ:

- Дэфэрэдж нэхъыжьымрэ ар гъащІэм зыщыхуэзахэу Хьэкурынэ, Гуащэ, Барчо, Дэрбэкъу, Чыхуэ сымэ;
- Дэфэрэдж нэхъыщІэмрэ абы къыдэлажьэхэу Аннэ Павловнэ, Варварэ Романовнэ; Салимэ, Тамарэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

8. Нартыху Казбек, Раисэ Муратовнэ, абыхэм я ІупэфІэгъухэм я гъащІэм, я дуней тетыкІэм фазэрыхущытым фытепсэлъыхь. Фи псэлъэр тхыгъэм къыхэха щапхъэхэмкІэ щІэвгъэбыдэж.

9. Лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтезыгъанэ нэщэнэ нэхъыщхьэу сыт къалъытэр Дэфэрэдж сымэ, Барчо? «Лъапсэ» псалъэм абыхэм сыт хуэдэ мыхьэнэ иратыр?
10. Тхыгъэм къыхэфха дерсхэм теухуа зэпсэлъэныгъэ евгъэкІуэкІ.
11. Романым и ухуэкІэм, абы къыщыхьа сюжетхэм, композицэм фытепсэлъыхь.
12. Романым къыщыгъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр вгъэбелджылы.

Темэ: **КІуащ БетІал и усэхэмрэ и лирэ-эпическэ тхыгъэхэмрэ**

«Уэр мыхъуам сыбгъэ дамэншэт» усэм ехьэлІа упщІэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Усэм и фIэщыгъэцIэр дауэ къывгурыIуэрэ?
2. Сыт хуэдэ художественнэ IэмалхэмкIэ къигъэлъэгъуа усакIуэм лирикэ лIыхъужьым и хэкум хуиIэ лъагъунытъэр?

«Си Хэку» усэм теухуа упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Усэм и темэр вгъэбелджылы.
2. Лирикэм и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэм щыщ усэр? Сыт апхуэдэу къыщIэфлъытэр?
3. Лирикэ лIыхъужьым и хэкум хуиIэ лъагъунытъэр къыщиIуатэ строфахэр усэм къыхэвджыкI. Адрей строфахэр зытеухуар сыт?
4. Адыгэ лъэпкъым и сыт хуэдэ хьэл-щэнхэр къыщыгъэлъэгъуа усэм?
5. Сыт хуэдэ сатырхэм къаIуатэрэ усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр?
6. Усэм и бзэр, и гъэпсыкIэр вгъэбелджылы.
7. «Сыт сызыщышынэр?» усэм фыкъеджэ. «Си хэку», «Сыт сызыщышынэр?» усэхэр сыткIэ зэщхьми, сыткIэ зэщхьэщыкIми вгъэбелджылы.

«Индыл» усэм теухуа упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Усэм и темэр къыжыфIэ.
2. Фэ дауэ феплърэ, усэм зи цIэ къыщиIуа псыхэм авторым Индыл щIытригъакIуэр сыт? Абыхэм теухуауэ интернетым, справочникхэм итхэм фыкъеджэ, я сурэтхэм феплъ, тхыдэм щыщ Iуэхугъуэу псыхэм «я нэгу щIэкIахэм» зыщывгъэгъуазэ. Дэтхэнэ псыми усакIуэм трижыIыхьым и щхьэусыгъуэр вгъэбелджылы.
3. Индыл и щытыкIэр и теплъэр сыт хуэдэ художественнэ IэмалхэмкIэ къигъэлъагъуэрэ усакIуэм? Сыт хуэдэ къалэн щагъэзащIэрэ абыхэм усэм?
4. Сыт усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр?
5. Сыт хуэдэ усэ лIэужьыгъуэу къэфлъытэрэ мы усэр, сыт апхуэдэу фыщIегупсысыр?

«СфIэфIкъым, хуейми ирепсэу» усэм теухуа упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Усэм и темэмрэ и гупсысэмрэ вгъэбелджылы.
2. Сыт хуэдэ лъэпкъ щэнхэр щигъафIэрэ усакIуэм и усэм?
3. Сыт хуэдэ псалъэжьхэр къыхуэпхь хъуну къэфлъытэрэ мы усэм и едзыгъуэхэм?
4. Сыт цIыхур усакIуэм и дежкIэ?
5. Дауэ усэм къызэреджэн хуейр?
6. Сыт хуэдэ усэм и бзэр, и гъэпсыкIэр?

«Къытехьэ бгыпэм» усэм ехьэлIа упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Лъагъунытъэм теухуа усэ къэс къызэрыфщыхъуар къыжыфIэ.
2. «Лъагъунытъэ – сыт и уасэ?» щыжеIэ Сыт лирикэ лIыхъужьым и дежкIэ лъагъунытъэр? Дауэ къиIуатэрэ абы и гурылъхэр?
3. Усэхэр зыщыщ лирикэ лIэужьыгъуэхэр вгъэбелджылы.
4. Усэ къэс усакIуэм къыщигъэсэбэпа художественнэ IэмалхэрэкъыжыфIэ, абыхэм усэм щагъэзащIэ къалэнхэр вгъэбелджылы.

* * *

1. Авторым и образыр и усэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар къыжыфIэ.
2. «БетIал и пщэм къалэнышхуэ зэрыдэлъыр зыхищIэу, ар зэщIа зэрыхъуным и къарур хуиунэтIауэ псэуащ, и гуащIэ щеблэжа къэхъуакъым» - итхащ Къэрмокъуэ Хьэмид. Мы усхэхэм къахэвгъуатэ КIуащ БетIал гъащIэм къалэн нэхъыщхьэу къыщилъытэр къэзыIуатэ псалъэхэр.
3. Сыт КIуащ БетIал и усэхэм нэхъ щигъэлъапIэу гу зылъыфтар?

«Нэху» поэмэм теухуа упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. Тхыдэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэ поэмэр зытеухуар?
2. Фэ дауэ феплърэ, сыт усакIуэм поэмэм «Нэху» щIыфIищар?

3. Къуажэм дэлъа тхьэмыщкIагъэр, бзылъхугъэм и гъащIэ гугъур, лъэпкъыр щIэныгъэншагъэм зыхуишэр поэмэм дауэ къыщыгъэлъэгъуа?
4. Нэху и образым фытепсэлъыхь.
5. Поэмэм и ухуэкIэр вгъэбелджылы.
6. Поэмэм и гъэпсыкIэр фыубзыху.
7. «Лъэпкъ IуэрыIуатэр зэрихутэн щIэныгъэм и закъуэкъым КIуащ БетIал бгъэдэлъар. Куууэ иджауэ БетIал щыгъуазэт адыгэ тхыдэм, адыгэ хабзэхэм, адыгэ культурэм. … Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым: къалэмыр зыIэщIэлъым (тхакIуэм, усакIуэм) и гуащIэдэкIым къарурэ мыхьэнэрэ щиIэнур, абы зэманым хуэфащэ щIэныгъэ куу бгъэдэлъмэщ. – и лъэпкъ тхыдэмрэ и лъэпкъ культурэмрэ куууэ иджауэ»- итхащ Къэрмокъуэ Хьэмид.
8. Поэмэм къыщыгъэлъэгъуа тхыдэ лъэхъэнэхэм теухуауэ интернетым, тхылъхэм, справочникхэм итым фыкъеджэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр, хабзэр художественнэ литературэм и IэмалхэмкIэ усакIуэм и поэмэм къызэрыщигъэлъэгъуам теухуауэ къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
9. КIуащ БетIал и усыгъэхэр къозыгъэцIыхуу, адрей усакIуэхэм я творчествэм хэзымыгъэгъуащэу яIэ нэщэнэхэр къыжыфIэ.

Фи бзэм зевгъэужь.

1. «КIуащ БетIал ди бзэм и синтаксисыр иудынышIэри къигъэщIэрэщIэжащ, япэм къемызэгъыу къалъытэу щыта жыIэкIэхэр хабзэ ищIащ, ар дыдэмкIи ди бзэм и лъэкIыныгъэр игъэбэгъуащ» - итхащ Нало Заур. Сыт хуэдэ жыIэкIэхэра усакIуэм хабзэ ищIар? Абы и щапхъэхэр «Нэху» поэмэм, адрей и усэхэм къыхэвгъуати щапхъэу къэфхь.
2. И купщIэм тепщIыхьмэ, КIуащ БетIал и «ДжонитI», «Нэху» поэмэхэр, и усэхэм языныкъуэхэр нобэ тIорысэ хъуауэ жызыIэнкIэ хъун щыIэщ. КIуащым и дэтхэнэ усыгъэми теухуауэ фэ сыт пэвгъэувыфын апхудэ еплъыкIэм, сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэу къэфлъытэрэ ди зэманым КIуащ БетIал и творчествэм?

Темэ: Къашыргъэ ХьэпащIэ и прозэ тхыгъэхэр. «Насыпым и хэкIыпIэ» романыр

УпщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ:

1. «Насыпым и хэкIыпIэ»романым и темэмрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ вгъэбелджылы.
2. Тхыдэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэ романым къыхэщыжыр? А лъэхъэнэм республикэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэмтеухуауэтхыдэтххэм къаIуэтэжым фыкъеджэ. Тхыдэм и пэжыр романым къызэрыщыгъэлъэгъуам теухуа къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
3. Дызэрыт зэманымрэ зауэ нэужь зэманымрэ республикэм и гъащIэр зэфлъыт: политикэм, экономикэм, культурэм, цIыхухэм я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм, я дуней еплъыкIэм, я хабзэ зехьэкIэм, я зэхущытыкIэм, нэгъуэщIхэми теухуауэ. СыткIэ зэщхь, сыткIэ зэщхьэщыкIрэ?
4. Романым хэт персонажхэр сыт хуэдэ гупхэу бгуэш хъуну? Дэтхэнэ гупми щхьэхуэу фытепсэлъыхь.
5. Романым хэт персонажхэм къалэн ягъэзащIэхэр вгъэбелджылы. Дэтхэнэ зы лIыхъужми и образыр зэпкърыфх.
6. Фэ дауэ феплърэ, сыт насыпым и хэкIыпIэр? Сыту пIэрэ тхакIуэм «Насыпым и хэкIыпIэ» романым щIыфIищар?
7. ЗэгуэкIуахэм я лъагъуныгъэр дауэ къыщыгъэлъэгъуа романым?
8. Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуам теухуауэ къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
9. Романым щыщ пычыгъуэхэр къызэрыщIидзэ Мурат и къуэм зэрепсалъэмрэ романыр зэриух Болэт и къуэрылъхум жриIэ псалъэхэмрэ зэфлъыт. Сыт абыхэм къалъытэр насыпым и хэкIыпIэу? дауэ къыщыгъэлъэгъуа романым нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ яIэ зэпыщIэныгъэр?
10. Дауэ къыщыгъэлъэгъуа романым цIыхубэмрэ къулыкъущIэхэмрэ я зэхущытыкIэр?
11. Дауэ къыщыгъэлъэгъуа зэпэщIэуэныгъэр романым?

12. Романым ныкъусэныгъэ зыбжанэ иІэу критикхэм къалъытауэ щытащ. Фэ дауэ феплърэ, сыт хуэдэу пІэрэт ахэр?

13. Политикэ ухуэкІэм ди зэманым зихъуэжами, нэгъуэщІ дуней еплъыкІэ, гупсысэкІэщІэ къэунэхуами, блэкІар лъэпкъ гъащІэм и тхыдэщ. Дэ псори а тхыдэм дрибынщ. Ар Іэмал имыІэу щІэн, джын хуейщ. Сыт щхьэкІэ?

14. «Къашыргъэм художественнэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къегъэсэбэп. Абы образхэр зэриухуэ щІыкІэм, и лІыхъужьхэм я теплъэр зэриубзыхум, дунейм, природэм и теплъэр къызэригъэлъагъуэ щІыкІэм, тхакІуэм и зэгъэпщэныгъэхэм, шэрыуэу къигъуэта эпитетхэм, метафорэхэм, и тхыгъэхэм я ухуэкІэм, гъэпсыкІэм теухуауэ щапхъэ куэд къэпхь хъунущ» -итхащ Шэвлокъуэ Петр. Шэвлокъуэм и псалъэхэр щІэзыгъэбыдэ щапхъэхэр романым къызэрыщыгъэсэбэпар къыжыфІэ.

Темэ: **Нало Заур и новеллэхэр**

Тхыгъэхэм ехьэлІа лэжьыгъэхэмрэ упщІэхэмрэ:

«Къру закъуэ» новеллэр:

1. «Къру закъуэ» новеллэм и темэр фыубзыху, гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыІуатэ псалъэхэр текстым къыхэвгъуатэ.

1. Новеллэ жанрым и нэщэнэу сыт хуэдэхэм уащыхуэзэрэ «Къру закъуэ» тхыгъэм? Абы и сюжетым сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтрэ?
2. Сыт хуэдэ цІыхуу фи нэгу къыщІэувэрэ Къэжэр ХьэкІашэ: и теплъэрэ хьэл-щэнкІэ, и щІэныгъэрэ ІэщІагъэкІэ? ГъукІэм ищІа «къру закъуэм» езыр сыткІэ ещхь?
3. «Къру закъуэ» новеллэм дауэ щызэпха лъэпкъ ІэщІагъэм, адыгэ хабзэм, диным, цІыхум и гугъапІэ-хъуэпсапІэхэм, щІэныгъэм, тхыдэм теухуа Іуэхугъуэхэр?
4. Фегупсысыт, «къру закъуэ» хужыпІэ хъуну зэгуэр адыгэхэм къахэкІауэ е нобэ яхэту къыфщыхъурэ? Яхэтмэ, апхуэдэу жывэзыгъэІэр сыт?
5. Литературэ Іэмалхэр тхакІуэм къызэригъэсэбэпам щыгъуазэ зыхуэфщІ.

«Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ» новеллэр:

1. Новеллэр зытеухуар, абы щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр къыщыхъу лъэхъэнэр, къыхэщыж лъэпкъ ІэщІагъэхэр наІуэ къэфщІ.
2. Тхыгъэм хэт персонажхэр - Мусэрэ БлутІрэ - зэвгъапщэ. «Лъэпкъыпсэ зиІэкІэ» уеджэ хъуну а ІэщІагъэлІхэм? Хъунумэ, сыт апхуэдэу жозыгъэІэр?
3. ГъукІэ ІэщІагъэм и щэхухэм епхауэ сытым фыщигъэгъуазэрэ тхакІуэм? Сыт хуэдэ къалэн щагъэзащІэрэ абыхэм рассказым?
4. Рассказым и ухуэкІэр вгъэбелджылы. Къэвгъэлъагъуэ:

- экспозицэм хыхьэ пычыгъуэр;
- тхыгъэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ псори къызэрыкІ къэхъугъэр – ублапІэр (завязкэр);
- тхыгъэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр ткІийуэ шэщІа щыхъур – кульминацэ щІыпІэр;
- тхыгъэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр щиухыр – ухыпІэр (развязкэр);
- персонажым и гъащІэр зыкъом дэкІыжа иужь зэрыхъуар къэзыгъэлъагъуэр – эпилогыр.

5.Дауэ фегупсысрэ, сытым и дамыгъэу (символу) тхакІуэм къихьауэ къыфщыхъурэ новеллэр зытеухуа дыдыр?

6. Тхыгъэм и бзэр къулей ищІу тхакІуэм къигъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэр къыхэвгъэщ.

«ТІытІу и дыгъэ шыщІэр» новеллэр:

1. «ТІытІу и дыгъэ шыщІэ» новеллэм и темэмрэ щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ вгъэбелджылы.

2. Тхыгъэм къыхэщыж лъэхъэнэр фыубзыху, абы щыгъуэ ди лъахэм щекІуэкІа лэжьыгъэхэм, цІыхухэм яІа псэукІэм, яку дэлъа зэхущытыкІэхэм теухуауэ фызыщыгъуазэхэр зэхуэфІуатэ. Ахэр новеллэм къызэрыхэщыжыр къыжыфІэ.

3. Юрэрэ Мэдрэ я хъуэпсапІэхэр тхыгъэм къыщывгъуэти фыкъеджэ. Сытым фрагъэгупсысрэ абыхэм?

4. Новеллэр зэрызэхэт сюжет щхьэхуэ цIыкIухэр къыхэвгъэщ, абыхэм тхыгъэм щагъэзащIэ къалэныр (фэ фызэрегупсысымкIэ) къэфIуатэ. Сюжетхэр Iэзагъ хэлъу тхакIуэм зэрызэригъэуIуам фыкIэлъыплъ, новеллэм и композицэм фытепсэлъыхь, IуэрыIуатэм и щэну хэлъхэр къыхэвгъэщхьэхукI.
5. И напэмрэ акъылымрэ зэригъэзэгъыну яужь иту ТIытIу гукIэ зэригъэзахуэ гупсысэхэм фэ дауэ феплърэ?
6. АдыгэлIым хэлъын хуей хьэл-щэну лъэпкъ хабзэм къигъэувхэр тхакIуэм къигъэлъэгъуэн зэрыхузэфIэкIам гу лъыфтэ.
7. ТхакIуэм и творчествэр щывджкIэ, мы новеллэм и гъэпсыкIэмрэ и бзэмрэ теухуа къэпсэлъэныгъэ кIэщI вгъэхьэзыр. Нало З. адрей и рассказхэм «ТIытIу и дыгъэ шыщIэ» новеллэр къащхьэщызыгъэкIыу къэфлъытэхэр фи къэпсэлъэныгъэхэм къыхэвгъэщ.

«Хьэбалэ и пхъэ гуащэр» новеллэр:

1. Новеллэм къыщыхъу IуэхугъуэхэрзэвгъэуIуи абыхэмкIэ тхакIуэм къыджиIэну зыхуейр вгъэбелджылы.
2. Диным епхауэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэмфыщигъэгъуазэрэ новеллэм? Абы и кIэухым сыт хуэдэ философие гупсысэ щIилъхьауэ къыфщыхъурэ тхакIуэм?
3. Щапхъэхэр къэфхьурэ Хьэбалэ и псэм и къабзагъыр къэвгъэлъагъуэ. Фэ дауэ фегупсысрэ, зылъэгъуахэм Хьэбалэ и пхъэ гуащэр апхуэдизу гурыхь, гукъинэж ящызыщIыр сытыт?
4. Текстыр тегъэщIапIэ фщIыурэ фи гупсысэхэр къэфIуатэ: сыту пIэрэт Хьэбалэ зыщIигъэкIуэдар икIи дэнэ здэкIуар?
5. ЦIыхум и гъащIэм къыщыдэгъуэгурыкIуэ сыт хуэдэ IуэхугъуэхэрзэвгъэуIуа мы новеллэм. Сыт хуэдэ IэмалхэмкIэ зыхывигъэщIа икIи дауэ къехъулIа ахэр тхакIуэм?
6. Новеллэм и ухуэкIэм, и гъэпсыкIэм, и бзэм студентхэр фызэгъусэу фытепсэлъыхь.

«Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр» новеллэр:

1. Фэ дауэ феплърэ, сыт новеллэм «Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр» тхакIуэм щIыфIищар? Сыт Исмел дежкIэ а бригантинэр?
2. Сыт къэзыкъутар Исмел и хъуэпсапIэ дахэр?
3. Исмелрэ Мысострэ я образхэр зэфлъыт. «Исмел къылъысар игъэври и напэ къабзэу тIысыжауэ щыст, мыдрейр... Мысостщ жыхуэсIэр... мыдрейр, ищIар ищIэри, шыгъушыпсыпIэм гъуэлъауэ хэлът, къыхэкI имыIэу». Мы псалъэхэм къаIуатэ гупсысэхэр къызэрывгурыIуэр къыжыфIэ.
4. Къэралым и тхыдэм и сыт хуэдэ IуэхугъуэшынагъуэИсмел лей къытезыгъэхьар? Ар сыт хуэдэ илъэсхэра щекIуэкIар? Фэ сыт хэфщIыкIрэ а Iуэхум. БлэкIа зэманым теухуа новеллэр ди зэманым сыткIэ щхьэпэми къыжыфIэ.
5. Къуажэдэсхэм я псэукIэм, я зэхущытыкIэм, жылэм дэлъ хабзэ-нэмысым тхакIуэм хуищI гулъытэм фыкъытеувыIэ. Фэ абыхэм фазэрыхущытыр къыжыфIэ.
6. Новеллэм и лIыхъужьхэм тхакIуэр зэрахущытыр нэхъ наIуэу къыщыгъэлъэгъуа пычыгъуэхэм фыкъеджэ.

Творчествэу щыт лэжьыгъэхэр

Тхыгъэхэр:

1. «ГъащIэм щыхэпсэ псори ууейщ...» Нало Заур и новеллэхэм укъызыхураджэр.
2. Зи IэпщIэлъэпщIагъэр гъуазджэм и щапхъэхэм нэса адыгэлIхэм я образхэр («Къру закъуэ», «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ», «Исмел и бригантинэ ныкъуэщIыр» новеллэхэмкIэ).

Къэпсэлъэныгъэхэр:

1. IуэрыIуатэмрэ Нало З. и творчествэмрэ.
2. Дунейр мыхъумыщIагъэхэм къазэребгъэлын Iэмалу тхакIуэм къилъытэхэр.
3. Нало Заур и тхыгъэхэм къахэтэджыкIауэ нобэ къыддэгъуэгурыкIуэ лIыхъужьхэр.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр:

Нало Заур тхакIуэщ, усакIуэщ, щIэныгъэлIщ икIи философщ. (Статья).

Темэ: **Адыгэ лъэпкъ усыгъэр 60 – 90 гъэхэм. Тхьэгъэзит Зубер**

1. XX лIэщIыгъуэм и 60 – 90 гъэхэм къралым къыщыхъуа политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ зэхъуэкIынытъэхэр;
2. «IувыкIыжыгъуэкIэ» зэджэ лъэхъэнэм и нэщэнэхэр, ахэр лъэпкъ литературэм къызэрытещыр;
3. Адыгэ литературэм дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм нэхъыбэрэ къиIэту щыта темэхэр, ахэр къызэрагъэлъагъуэ художественнэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ;
4. 60 – 90 гъэхэм лъэпкъ усыгъэм игъуэта зыужьынытъэр.

«УсакIуэм и мурад нэхъыщхьэ» усэр:

1. Усэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыIуатэ сатырхэр къыхэвгъэщ.
2. Псалъэм и къарур, адыгэм абы хуищI пщIэр дауэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэм?
3. УсакIуэм и псэр зэрипсыхь щIыкIэхэу усэм къыхэщхэм теухуауэ фызыщыгъуазэхэр къывдеджэ студентхэм яхуэфIуатэ.
4. Усэр и гъэпсыкIэр «Адыгэ усыгъэм и ухуэкIэ» курсым щыгъуазэ фызыхуащIахэм тету зэпкърыфх.

«Хэку» усэр:

1. Усэр лирикэм и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэм хыхьэми вгъэбелджылы, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр фигу къэвгъэкIыж.
2. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр вгъэнаIуэ. АбыкIэ тегъэщIапIэ фщIы усэм къыхэфха щапхъэхэр.
3. Хэкум хуиIэ лъагъунытъэр усакIуэм къызэриIуатэ сатырхэр усэм къыхэвгъэщ. АбыхэмкIэ усакIуэм и лъэхъэнэгъухэр къызыхуриджэм нэгъуэщI тхыгъэхэри къэвгъэсэбэпурэ фытепсэлъыхь.

«ЦIыхур и закъуэ мыгупсысэ» усэр:

1. ЦIыхур къэзыухъуреихь дунейм къуэпс быдэкIэ зэрыпыщIар дауэ къыщыгъэлъэгъуа усэм?
2. Сыт хуэдэ дахэгъэпс (эстетикэ) Iэмалхэр къигъэсэбэпа усакIуэм? Сыт хуэдэ къалэн щагъэзащIэу къэфлъытэрэ абыхэм мы тхыгъэм?
3. Усэр и ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIэ зэпкърыфх.
4. Усэм и кIэух едзыгъуэр къызэрывгурыIуэр къэфIуатэ.

«Лъахэ уэрэд» усэр:

1. СыткIэ пэджэжрэ мы усэр «УсакIуэм и мурад нэхъыщхьэ», «ЦIыхур и закъуэ мыгупсысэ» тхыгъэхэм?
2. ПащIэ Бэчмырзэ и «Псалъэгъэпсахэм» къахэтха мы псалъэхэм сыткIэ пэджэжрэ Тхьэгъэзит Зубер и «Лъахэ уэрэд» усэр?

Уэрэд щевгъэускIэ,
Нэсу пкърывгъэплъ:
Пшыналъэр бгъунлъэм,
Лъэпкъыр мэукIытэ.

3. Тхьэгъэзит Зубер и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэм зэгъусэу федаIуэ. Фэ дауэ къэфлъытэрэ, сыт а уэрэдхэр цIыхухэм гурыхь ящызыщIыр? Макъамэмрэ усэмрэ зэрызэкIум, уэрэдыр жызыIэм ар къедаIуэхэм я псэм зэрызыхигъэщIэфым теухуа фи гупсысэхэр зэхуэфIуатэ. Уэрэдхэм фи нэгу къыщIагъыхьэ теплъэгъуэхэр сурэтыщI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщыфлъыхъуи мультимедийнэ Iэмэпсымэхэр къэвгъэсэбэпурэ «Лъахэм и уэрэд» зи фIэщыгъэцIэ семинар евгъэкIуэкI.
4. «Къэбэрдей усэм и антологие» тхылъым ит усэхэм фыкъеджи мы сатырхэм къыщыIуэта гупсысэр зэпхьэлIэ хъунухэм я цIэхэмрэ ахэр зыусахэмрэ къыхэфтхыкI:

«Куэд щIауэ илът усакIуэм игуми
Щалъхуа щIыналъэм хуэусэн, –
ГурыщIэр ину
Псалъэр мащIэу
ЛъэкIащ и лъахэм епсэлъэн».

Апхуэдэу фезыгъэгупсысыр къыжыфIэ.

5. Мы псалъэхэр хужыпIэ хъуну фызыщыгъуазэ адыгэ уэрэдхэм зэреджэхэр къэфIуатэ:

«Хыхьати я гум а уэрэдыр
Хъуащ цIыкIуми инми яIурылъ...
Щым я гурылъыр бэм иратри
А тыгъэр хъуащ лъэпкъ псо гурылъ!»

Сыт а уэрэдхэр гурыхь зыщIауэ фэ къэфлъытэр?

«Мамэ» усэр:

1. Лирикэ лIыхъужьым и анэм хуиIэ лъагъунытъэм и инагъыр къэзыIуатэ псалъэхэр усэм къыхэвгъуатэ.
2. IутIыж Борис и «Анэпсэ» усэм сыткIэ пэджэжрэ мы усэр?
3. Анэм теухуауэ адыгэ усакIуэхэм яусауэ фызыщыгъуазэхэм фыкъеджи фэ езым фи гупсысэхэр нэхъыфIу къыщыIуэтауэ къэфлъытэхэр семинар дерсхэм деж къыщыжыфIэ.
4. Усэр и ухуэкIэкIэ зэпкърыфх, усакIуэм и бзэм и къулеягъыр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэхэр къыхэфтхыкI.

«Си адэм и фэеплъу» усэр:

1. Усэр зыхыхьэ лирикэ лIэужьыгъуэр фыубзыху. Сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ къигъэлъагъуэрэ усакIуэм и псэр зыгъэхыщIэ гуауэм и хьэлъэгъыр?
2. Усэм хэт лIыхъужьыр езы усакIуэрауэ зэрыщытыр сыт къозыгъащIэр? Къуэм и адэм хуищI пщIэм и инагъыр сыт хуэдэ псалъэхэм нэхъ къаIуатэу къыфщыхъурэ?
3. Лирикэ лIыхъужьым и щытыкIэм дауэ зыщахъуэжрэ усэм? Абы и щхьэусыгъуэр усэм къыхэфха щапхъэхэмкIэ къэвгъэлъагъуэ.
4. Фэ дауэ фегупсысрэ, сыт мы псалъэхэмкIэ усакIуэм къыджиIэну зыхуейр:

«Си адэр зытелъа а кхъаблэм
Нэхъ хьэлъи зэи къэсIэтакъым»?

5. УсакIуэм и гурыгъу-гурыщIэхэм нэмыщI сыт иджыри мы тхыгъэм къыхэщу къэфлъытэр?

«Щхьэусыгъуэншэ гуфIэгъуэ» усэр:

1. Усэм и фIэщыгъэцIэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щIэлъу къэфлъытэрэ? Лирикэ лIыхъужьыр зэрыт щытыкIэм хуэдэ фэ фыхэхуауэ фщIэжрэ?
2. Къэзыухъуреихь дунейм кърит гукъыдэжыр къэгъэлъэгъуэнымкIэ усакIуэм щIэгъэкъуэн къищI художественнэ Iэмалхэр вгъэбелджылы.
3. Усэм уи нэгу къыщIигъэхьэ теплъэгъуэхэр щIыуэпсым къыщыфлъыхъуэ, сурэттехкIэ е жып телефонкIэ сурэт ятефх. Ахэр компьютерым ифлъхьэжи сурэт гъэлъэгъуэныгъэ къызэвгъэпэщ, «Дахагъым и дунейм» фIэщыгъэцIэр иIэу.

«Гущэ» усэр:

1. Гущэр зищIысым, унагъуэм и дамыгъэу ар зэрыщытым фытепсэлъыхьи мы упщIэхэм я жэуапхэр Тхьэгъэзит Зубер и «Гущэ» усэм къыхэфх:

- Сыт гущэр жьыщхьэ махуэ хъуахэм я дежкIэ?
- ЗэрышагъащIэхэм я дежкIэ?
- УсакIуэм и дежкIэ?

2. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр вгъэбелджылы, ар фыубзыхунымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыфхуэхъуа псалъэхэр къыжыфIэ.
3. Усэм фыкъеджа нэужь, сыт хуэдэу зихъуэжа унагъуэм илъын хуей лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм фазэрыхущытыр? Сыт ар къызыхэкIар?
4. Сыт мы усэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар – акъылыра хьэмэрэ псэра? Сыт апхуэдэу фезыгъэгупсысыр?

«Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ» усэр:

1. Мы усэхэр сыт хуэдэ лирикэ лIэужьыгъуэм хыхьэрэ?
2. Усэхэм ящыщу дэтхэнэм сюжет иIэ, дэтхэнэм лирикэ лIыхъужьым и гущIагъщIэлъхэр къиIуатэрэ? УсакIуэм и образыр дауэ къыхэщрэ мы усэхэм?

3. Усэхэм щIагъыбзэ щIэлъу къэфлъытэрэ? Сыт апхуэдэу жывэзыгъэIэр?
4. Мы усэхэм дахэгъэпс Iэмалхэр дауэ къызэрыщыгъэсэбэпар?
5. Усэхэр къызэрыфщыхъуам, зыхывагъэщIам, фи дуней еплъыкIэр зэрызихъуэжам теухуа зэпсэлъэныгъэ евгъэкIуэкI.
6. Гъатхэр, дахагъэр, лъагъунытъэр сыт хуэдэ псалъэм и синониму къыщыкIуэу къэфлъытэрэ мы усэхэм, ахэр дунейм темытам сыт къэхъуну къыфщыхъурэ?

«Адыгэ къафэ» усэр:
1. Лъэпкъ гъащIэм сыт хуэдэ мыхьэнэ къафэм щиIэу къыщыгъэлъэгъуа усэм?
2. Сыт мы усэмкIэ Тхьэгъэзит Зубер цIыхухэм яжриIэну зыхуейр?
3. Лирикэ лIыхъужьым и образыр дауэ къыщыгъэлъэгъуа усэм?
4. «Кабардинка» къэрал академическэ ансаблым игъэзащIэу «Уэркъ къафэм» феплъ. Усэм и лирикэ лIыхъужьым гурыщIэ къиIуатэмрэ фызэплъа къафэм зыхывигъэщIамрэ зэфлъыт. Къафэм къывита гукъыдэжым фытепсэлъыхь.
5. Адыгэ къафэ макъамэ екIум щIэту усэм фыкъеджэ. ЗыхэфщIар фи псалъэхэмкIэ къэфIуэтэж.

«КъызжаIэр хъуркъым сэ си фIэщ» усэр:
1. Усэм и темэмрэ и гупсысэмрэ къэфхутэ.
2. Лирикэ лIыхъужьыр сыт хуэдэ цIыхуу къэфлъытэрэ?
3. Мы псалъэхэмкIэ усакIуэм къиIуатэм фэ фи гупсысэхэмкIэ зевгъэужь:

Зэшыгъуэ къыстеуэну жаIэ,
Сигу мафIэ илъщи – мыхъу си фIэщ.
Сэ жьыгъэ къысхуэкIуэну жаIэ,
Ар – сиIэщ къуэи – мыхъу си фIэщ.

4. Сыт хуэдэ философскэ гупсысэ щIэлъ мы псалъэхэм:

«СылIэну куэдым сэ къызжаIэ,
Ар – слъэкI солэжьри – мыхъу си фIэщ»?

Фэ дауэ фегупсысрэ, сыт гъащIэу е ажалу лирикэ лIыхъужьым къилъытэр?

«Лъыхъуэ уи насыпым» усэр:
1. Сыт усэм хэт лирикэ лIыхъужьхэм насыпу къилъытэр?
2. УсакIуэм и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщу усэм игъэзащIэр къэфхутэ.
3. ГупсысэкIэ мы усэм къыпэджэж Тхьэгъэзит З. и IэдакъэщIэкIхэм къыхэвгъуати фыкъеджэ. Сыт укъызыхураджэр, узыщIагъэхъуэпсыр абыхэм?
4. НэгъуэщI лъэпкъхэм я поэзием, адыгэ литературэм мы темэр къызэрыщыгъэлъэгъуам зыщывгъэгъуази Тхьэгъэзит З. и гупсысэхэр абыхэм гъунэгъу яхуэзыщIыр е къащхьэщызыгъэкIыр къэфхутэ.

Темэ: Къэжэр Пётр и усэхэр. УсакIуэм и граждан лирикэр

«Си щIыналъэм и псэм щыщ сэ схэлъщ» усэр:
1. Усэм и темэмрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ вгъэбелджылы.
2. Дауэ къывгурыIуэрэ мы псалъэхэр:

«Си щIыналъэм и псэм щыщ сэ схэлъщ.
ЩIылъэм сэ къызет къару мыкIуэщIыр»?

3. Усэм хэт хъуэхъу псалъэхэр зыхуэгъэзар къыжыфIэ.
4. Лирикэ лIыхъужьым и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэриIуатэ псалъэхэр усэм къыхэвгъэщ.
5. Усэм и рифмэм, ритмэм, и бзэм фытепсэлъыхь.

«Адыгагъэ» усэр:
1. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр къэфIуатэ.
2. Фэ сытым фригъэгупсысрэ мы псалъэхэм:

1) «Уадыгэну
Зэрыгугъур сощIэ.
Ар –

Хабзэ –
бзыпхъэщ,
Ехьэжьа
нэмысщ!»

2) «Си адыгагъэрщ
Гъуэгу пкIэлъейуэ
сиIэр»?.

3. Бемырзэ Мухьэдин «Адыгэу ущытыныр нобэ гугъущ» и усэм фыкъеджэ. Къэжэр П. и усэр сыткIэ пэджэжрэ абы?

4.Усэм и гъэпсыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэвгъэлъагъуэ. Урыс усакIуэшхуэу хэт и усэ гъэпсыкIэр фигу къигъэкIыжрэ абы?

«Жьэгу мафIэ» усэр:

1. Сыт жьэгу мафIэр лIыхъужьым дежкIэ, сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ къыщыIуэта ар усэм? Сыт зи нэщэнэр адыгэ жьэгур?
2. Адыгэм и сыт хуэдэ хьэл-щэнхэр къыхэщрэ усэ сатырхэм?
3. Сыт гу зылъыуагъатэр мы псалъэхэм:

«Ди гъунэгъум къаплъэт, –
Я Iугъуэ уркъым,
ТщIэркъыми къытхуейм...»?

4. Дауэ къывгурыIуэрэ усакIуэм мы сатырхэм щIилъхьа гупсысэр**:**

«Жьэгупащхьэ,
Жэщи махуи къаблэ,
Схъумэнщ уи гуащIэ
Сытетыху дунейм...»?

«ЩIалэгъуэ» усэр:

1. Нэхъыжьым и ущие псалъэу усэр зэрыщытым гу лъыфтэ. Абы къыхэхыпхъэ дерсхэр зыхуэдэр вгъэнаIуэ.
2. НыбжьыщIэм и хьэл-щэнхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэм щхьэхуэу фыкъеджэ, ахэр фэ езыхэм зэфлъыт.
3. Мы псалъэхэр къызэрывгурыIуэр къэфIуатэ:

1) «ЗэплъэкI, щIалэгъуэ,
ЗэплъэкIыж,
КъыпщIэлъыр гугъуми тыншми пщIэнум».

2) «Нэхъ мащIэ хъухукIэ сызыхуейр,
Нэхъыбэ мэхъур сигу щIэныкъуэр!»

4. Усэр и гъэпсыкIэкIэ зэпкърыфх.

«Пасэрей» усэр:

1. Усэм нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхущытыкIэр къызэрыщы-гъэлъэгъуар къэфIуатэ.
2. Усэм хэт ущие псалъэхэр къыхэвгъэщ, ахэр къызэрывгурыIуэр къыжыфIуэ.
3. Мы псалъэхэмкIэ лирикэ лIыхъужьым къывжиIэну зыхуейр дауэ къывгурыIуэрэ:

«Гупсыси –
псалъэ...
Iэгъу!
Хэт зыщIэр
Зэгуэр ухъунум
пасэрей»?

4. Усэм и рифмэм, ритмым, тхыгъэр усакIуэм гурыхь, еджэгъуафIэ зэрищIа Iэмалхэм фытепсэлъыхь.

«Гугъэ» усэр:

1. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыIуатэ сатырхэр къыхэвгъэщ.

2. Мы тхыгъэр Нало З. и «Гугъэ» усэм зэрыпэджэжыр къэфхутэ.
3. Мы сатырхэм къаІуатэр къызэрывгурыІуэр къыжыфІэ:

«Тхыдэм хуэдэу,
КІыхьщ ди гъащІэ гъуэгур,
Ауэ, гъащІэм хуэдэуи,
Ар кІэщІщ...»

4. Сыт хуэдэ художественнэ Іэмалхэр къыщыгъэсэбэпа усэм?

«Мы дунеишхуэм и дахагъэм…» усэр:

1. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр вгъэнаІуэ.
2. Усэм хэт лІыхъужьыр сыт хуэдэу къыфщыхъурэ?
3. Дауэ къывгурыІуэрэ мы псалъэхэр:

«СощІэж
Си махуэр кІэщІ зэрыхъури,
Си Іуэхум
Махуэр къомэщІэкІ»

«СогуфІэ нобэ Іыхьэлейуэ:
Нэхъыжь къызэплъмэ,
Сохъур плъыжь,
Солъагъу нэхъыщІи къыздэплъейуи,
Нэ лейкІи сэри сызоплъыж»?

Творчествэу щыт лэжьыгъэхэр

Тхыгъэхэр:

1. «Зэманым екІумэ, фІыщ уи псалъэ…» Къэжэр П. и граждан усэхэр я лъабжьэу.
2. «ГурыщІэу пхэлъу хъуамкІэ зэ къызэплъ». Къэжэр П. и лъагъунытъэ лирикэр.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр:

1. «БлэкІар – слъэкІарщ…» Къэжэр Петр и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. (Статья).

ЗэІущІэхэр:

1. «Уэ сыпхуэныкъуэщ…» Къэжэр Петр и усэхэмрэ и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэмрэ фІыуэ зылъагъухэм папщІэ пшыхь.

Темэ. **ІутІыж Борис и усыгъэр. «Тыргъэтауэ» драмэр**

Темэм ехьэлІа лэжьыгъэхэмрэ упщІэхэмрэ:

«Тхыдэ-лІыжь кхъахэр уанэ темыхщи…» усэр:

1. Усэр зытеухуар фыубзыху, щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр усакІуэм къызэриІуэта сатырхэр вгъэбелджылы.
2. «Уплъэмэ - пшагъуэ гу(ы)ихщи, / УзэплъэкІыжмэ, - щыхупІэ бзаджэщ…» псалъэхэмкІэ сыт лирикэ лІыхъужьым къыджиІэну зыхуейр?
3. Фэ дауэ фегупсысрэ, сыт лІыхъужьым и гур уафэм хуэзыІэтыр, сыт щІы къатиблкІэ гугъэр езыдзыхыр?
4. Иужьрей строфар зытепсэлъыхьыр сыт хуэдэ Іуэхугъуэ? Мыкъуэжь Анатолэ «Си лъэпкъэгъухэм деж» и усэр сыт хуэдэ гупсысэкІэ къыпэджэжрэ мы тхыгъэм?
5. Усэр и гъэпсыкІэкІэ зэпкърыфх

«Хьэдрыхэ напэлъагъу щыІэжкъым» усэр:

1. Фэ дауэ къывгурыІуэрэ мы псалъэхэр?

1) «Ауэ гъащІэр хьэчэхьэпсэ жагъэщ,
Насып благъэм щхьэщылыдыкІ хъуэпскІщ».
2) «ДунеягъкІэ дымыщІа гуапагъхэр
«Джатэ щІагъым» къыщыдопшыныж...»
3) «ЦІыхур Тхьэ Іэужьми, щІэтщ ШейтІан унафэм».

2. Фэ дауэ фегупсысрэ, сыт «ШейтІан унафэ» псалъэхэм усакІуэм щилъхьа щІагъыбзэр? ЦІыхухэр «а унафэм» щІэувэныр къызыхэкІыр сыту пІэрэ?
3. ГъащІэ жэрыгъэм цІыхур зэрылъэщІэлъэмыхьэр сыт хуэдэ псалъэхэмкІэ къиІуатэрэ усакІуэм?
4. Балэ Хьэзрэт-Алий и «УлІа нэужькІи ухуэныкъуэщ цІыху» усэр сыткІэ пэджэжрэ ІутІыж Борис и усэм? (Балэ Хь. «Сыкъыщалъхуа махуэр» усэ тхылъыр).
5. Усэр и гъэпсыкІэкІэ зэпкърыфх.

«Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ», «Къыхохуэ гъащІэм махуэ тхуэмыхьыж», «Сэ ныщхьэбэ уэ сыпщІогупсысыр» усэхэр сыт хуэдэ темэм зэрипхрэ?

2. Мы усэхэр лирикэм и лІэужьыгъуэу зыхыхьэр вгъэбелджылы.
3. Сыт хуэдэ мы усэхэм хэт лІыхъужьхэм я гурыщІэр?

4. Сыт хуэдэ лирикэ лІыхъужьхэм я щытыкІэр: нэщхъей, нэщхъыфІэ? Сыт ар къызыхэкІыр?

5.ЛІыхъужьым и гъащІэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щаІэ и гукъэкІыжхэм?
6. ІутІыж Борисрэ адыгэ усакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ я лъагъунытъэ лирикэр зэвгъапщэ. СыткІэ зэщхьэщыкІрэ ахэр, сыту пІэрэ ар къызыхэкІыр?

«Тыргъэтауэ» трагедиер:

1. Тхыдэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэ ІутІыж Б. и трагедиер зытеухуар? А лъэхъэнэм теухуауэ тхыдэтххэм ятхыжауэ фызыщыгъуазэхэр къыжыфІэ.
2. Пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр къызыхэщ теплъэгъуэхэр къэвгъуэти фыкъеджэ.
3. Сыт хуэдэу ди пащхьэ къригъэувэрэ драматургым Шупашэрэ Джэгъэтейрэ? Абыхэм фащытепсэлъыхькІэ, къыхэвгъэщ ахэр сыт хуэдэ пщыми, адэми.
4. Зэлъэпкъэгъухэм я къару кІуэщІыныр сыт зыхилъагъуэр Тыргъэтауэ? Синдхэмрэ мэуэтхэмрэ зэгуригъэІуэн щхьэкІэ, сыт абы ищІэр?
5. Сыт хуэдэ цІыху, щхьэгъусэ, анэ Тыргъэтауэ?
6. Лъэпкъхэм я зэхуаку сыт зауэ къыщІыдэхъуэр? Абы и жэуапыр трагедием къыхэвгъуати фыкъеджэ.
7. Адисэ Джатэгъазэ къыхуищІа гурыщІэхэм лъагъунытъэкІэ уеджэ хъуну пІэрэ? Фи еплъыкІэр адрейхэм я фІэщ зэрыфщІын къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
8. Тыргъэтауэрэ Щатиррэ я зэпсэлъэныгъэм ноби щхьэпэу сыт хуэдэ гупсысэ къыщиІуэтэрэ Тыргъэтауэ. Фэ сыт фхужыІэну абыхэм я псалъэмакъым теухуауэ?
9. Сыт хуэдэ мыхьэнэ щагъэзащІэрэ трагедием Джэгъэтей и нэкъыфІэщІхэм?
10. Бицу Анатолэ «Псалъэжьым жеІэ, псы ущефэкІэ…» и усэм фыкъеджи абы щІэлъ гупсысэхэр мы трагедием сыткІэ пэгъунэгъуми къыжыфІэ.
11. Трагедием и ухуэкІэр вгъэнаІуэ, и гъэпсыкІэмкІэ зэпкърыфх.

Творчествэу щыт лэжьыгъэхэр

Тхыгъэхэр:

1. Емрэ фІымрэ я зэпэщІэтыныгъэр «Тыргъэтауэ» трагедием къызэрыщыгъэлъэгъуар.
2. ІутІыж Б. и сонетхэмкІэ лъэпкъ литературэм щІэуэ хилъхьахэр.
3. «БлэкІам и дерсхэр къэкІуэнум и гъуэгу гъуэмылэщ». ІутІыж Б. тхыдэр зи лъабжьэ и пьесэхэр .

Къэпсэлъэныгъэхэр:

1. «ГъащІэмрэ уахътымрэ». ІутІыж Б. и «ГущІагъщІэлъхэр» тхылъыр и лъабжьэу тхакІуэм и философскэ гупсысэхэм тепсэлъыхьын.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр:

1. ІутІыж Б. и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. (Доклад).
2. ІутІыж Б. и бзэм и къулеягъыр. (Реферат).

Критерии формирования оценок по заданиям для самостоятельной работы студента (практические задания):

«отлично» (3 балла) - обучающийся показал глубокие знания материала по

поставленным вопросам, грамотно, логично его излагает, структурировал и детализировал информацию, избегая простого повторения информации из текста, информация представлена в переработанном виде. Свободно использует необходимые термины при выполнении заданий;

«хорошо» (2 балла) - обучающийся твердо знает материал, грамотно его излагает, не допускает существенных неточностей в процессе выполнения заданий;

«удовлетворительно» (1 балл) - обучающийся имеет знания основного материала по поставленным вопросам, но не усвоил его деталей, допускает отдельные неточности при выполнении заданий;

«неудовлетворительно» (менее 0 баллов) – обучающийся допускает грубые ошибки в ответе на поставленные вопросы и при выполнении заданий.

5.1.3. Оценочные материалы для выполнения рефератов (контролируемые компетенции ОПК-3*):*

(Примечание: написание рефератов возможно с элементами презентации)

Тематика рефератов по дисциплине:

1. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ иджырей адыгэ литературэмрэ.
2. Тхыдэ Іуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар.
3. Адыгэм и блэкІа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр.
4. КІыщокъуэ А. и «Лъапсэ» романыр: адыгэ бзылъхугъитІым (Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ Дэфэрэдж-дохутырымрэ) я образхэмкІэ лъэпкъым и тхыдэ лъэхъэнитІыр зэпыщІа зэрыхъуар.
5. МафІэдз Сэрэбий и тхыдэ прозэр («Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр).
6. ШэджыхьэщІэ Хьэмыщэ. Иджырей лъэхъэнэмрэ цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэмрэ «Гум псори къонэ» романым зэфІэха зэрыщыхъуар, тхакІуэм и Іуэху еплъыкІэхэр.
7. Лъэпкъ ІуэрыІуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ.
8. Тыуаршы А. и прозэр: тхыдэ къэхъукъащІэрэ гурыщІэ къабзэкІэ гъэнщІа «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр.
9. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым» роман-дилогиер: лъэхъэнэм и лІыхъужьхэмрэ тхакІуэм и образхэмрэ.
10. 80-90 гъэхэм «къалэ» литературэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр: «гъащІэ купщІэншэмрэ» «тхыдэ купщІэншэмрэ» ехьэлІауэ гъуазджэм иІэ Іуэху еплъыкІэхэр.
11. ЦІыхухэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэм, я псэукІэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр (тхакІуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр зэпэлъытын).
12. Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр къэзыша щхьэусыгъуэхэр. Пенитенциар (лъэхъуэщ, щхьэхуимыт) литературэм и щэнхэмрэ Елгъэр К. и «Щыуагъэ» романымрэ.
13. «Зи гъащІэ гъуазэр» зыфІэкІуэда (гурыгъыр ижа) цІыхум и образыр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр. Къанкъул Заур «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр.
14. Іуэху еплъыкІэ зэхьэлІэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлІэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщІыныр. Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КІэрэф М., ШэджыхьэщІэ Хь., КхъуэІуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэІупщы М., Мыз А. сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.
15. ЦІыхум и хъуэпсапІэмрэ ар зыхэпсэукІ дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр.
16. ГурыщІэ дахэкІэ, хэІэтыкІакІэ гъэнщІа тхыгъэхэр, апхуэдэ лІэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкІыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, н.).

Методические рекомендации по написанию реферата

Реферат – продукт самостоятельной работы студента, представляющий собой краткое изложение в письменном виде полученных результатов теоретического анализа

определенной научной (учебно-исследовательской) темы, где автор раскрывает суть исследуемой проблемы, приводит различные точки зрения, а также собственные взгляды на нее.

Изложенное понимание реферата как целостного авторского текста определяет критерии его оценки: новизна текста; обоснованность выбора источника; степень раскрытия сущности вопроса; соблюдения требований к оформлению.

Требования к реферату: Общий объём реферата 20 листов (шрифт 14 Times New Roman, 1,5 интервал). Поля: верхнее, нижнее, правое, левое – 20 мм. Абзацный отступ – 1,25. Таблицы выполнять табличными ячейками Microsoft Word. Сканирование рисунков и таблиц не допускается. Выравнивание текста (по ширине страницы) необходимо выполнять только стандартными способами, а не с помощью пробелов. Размер текста в рисунках и таблицах – 12 кегль.

Обязательно наличие: содержания (структура работы с указанием разделов и их начальных номеров страниц), введения (актуальность темы, цель, задачи), основных разделов реферата, заключения (в кратком, резюмированном виде основные положения работы), списка литературы с указанием конкретных источников, включая ссылки на Интернет-ресурсы.

В тексте ссылка на источник делается путем указания (в квадратных скобках) порядкового номера цитируемой литературы и через запятую – цитируемых страниц. ***Уровень оригинальности текста – 70%***

Критерии оценки реферата:

«отлично» (***3 балла***) ставится, если выполнены все требования к написанию и защите реферата: обозначена проблема и обоснована её актуальность, сделан краткий анализ различных точек зрения на рассматриваемую проблему и логично изложена собственная позиция, сформулированы выводы, тема раскрыта полностью, выдержан объем, соблюдены требования к внешнему оформлению, даны правильные ответы на дополнительные вопросы. Обучающийся проявил инициативу, творческий подход, способность к выполнению сложных заданий, организационные способности. Отмечается способность к публичной коммуникации. Документация представлена в срок. Полностью оформлена в соответствии с требованиями.

«хорошо» (***2 балла***) – выполнены основные требования к реферату и его защите выполнены, но при этом допущены недочёты. В частности, имеются неточности в изложении материала; отсутствует логическая последовательность в суждениях; не выдержан объём реферата; имеются упущения в оформлении; на дополнительные вопросы при защите даны неполные ответы. Обучающийся достаточно полно, но без инициативы и творческих находок выполнил возложенные на него задачи. Документация представлена достаточно полно и в срок, но с некоторыми недоработками .

«удовлетворительно» (***1 балл***) – имеются существенные отступления от требований к реферированию. В частности, тема освещена лишь частично; допущены фактические ошибки в содержании реферата или при ответе на дополнительные вопросы; во время защиты отсутствует вывод. Обучающийся выполнил большую часть возложенной на него работы. Допущены существенные отступления. Документация сдана со значительным опозданием (более недели). Отсутствуют отдельные фрагменты.

«неудовлетворительно» (***менее 1 баллов***) – тема реферата не раскрыта, обнаруживается существенное непонимание проблемы. Обучающийся не выполнил свои задачи или выполнил лишь отдельные несущественные поручения. Документация не сдана.

5.1.4. <u>Оценочные материалы для выполнения эссе по дисциплине</u> (контролируемые компетенции* ОПК-3*):

Эссе представляет собой доклад на определенную тему, включающий обзор соответствующих литературных и других источников или краткое изложение книги, статьи, исследования, а также доклад с таким изложением.

Написание и защита эссе на аудиторном занятии используется в дисциплине «История кабардино-черкесской литературы» в целях приобретения обучающимся необходимой профессиональной подготовки, развития умения и навыков самостоятельного научного поиска: изучения литературы по выбранной теме страховой деятельности, анализа различных источников и точек зрения, обобщения материала, выделения главного, формулирования выводов и т. п.

С помощью эссе обучающийся глубже постигает наиболее сложные проблемы данной дисциплины, учится лаконично излагать свои мысли, правильно оформлять работу, докладывать результаты своего труда.

Темы эссе:

1. ГъащIэм щыхэпсэ псори ууейщ…» Нало Заур и новеллэхэм укъызыхураджэр.
2. Лъэпкъ журналистикэм адыгэхэм я гъащIэм щиIэ мыхьэнэр Къэрмокъуэ Мухьэмэд «Къоджэм уигъэжейркъым» и романым къызэрыщыгъэлъэгъуар.
3. «Дара гъатхэр? Пщащэр хэт? – СфIызэхуогъуэщэжыр». Тхьэгъэзит Зубер и лъагъунытъэ лирикэр.
4. ЩIыуэпсым и къарур Тхьэгъэзит Зубер и тхыгъэхэм» къазэрыхэщыр.
5. Гуапагъэр, гулъытэр Тхьэгъэзит З. и усэхэм.
6. Тхыдэм и пэжыр МафIэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ» романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар.
7. Жанхъуэт Кушыку и образыр «Мыщэ лъэбжьанэ» романым къызэрыхэщыр.
8. «Зэманым екIумэ, фIыщ уи псалъэ…» Къэжэр П. и граждан усэхэр я лъабжьэу.
9. «ГурыщIэу пхэлъу хъуамкIэ зэ къызэплъ». Къэжэр П. и лъагъунытъэ лирикэр.
10. «Псэм и пэ – напэ» адыгэ псалъэжьымрэ «Щыуагъэ» романым и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.
11. Адэмрэ къуэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр. ГъуэгулIрэ Елмырзэрэ я образхэр «Унагъуэ» романым къызэрыщыгъэлъэгъуар.
12. «Зи псэр къабзэ, зи бзэр дахэ». Адыгэ бзылъхугъэм и образыр лъэпкъ прозэм.
13. Хьэх С. и рассказ кIэщIхэр гъащIэм и дерсщ.
14. Хьэх С. и повестхэм хэт лIыхъужьхэмрэ ди лъэхъэнэгъухэмрэ.
15. «ЩIыхупсэр псыхьыным телажьэ усэхэр». Хьэх С. и поэзиемкIэ.
16. IутIыж Б. и бзэм и къулеягъыр.
17. «Зауэм лIыгъэ щызезыхьар лъэпкъым и напэщ…». Адыгэ литературэм зауэ тематикэм щиубыд увыпIэр.
18. «ЩIэблэ узыншэ уиIэмэ – ужьыщхьэ махуэщ…» Мы гупсысэм Мэзыхьэ Б. «Бжьыхьэр пщащэ пылъэлъыжыгъуэщ» и повестым щигъуэта зыужьынытъэр.
19. Дыгъужь Къурмэн и усэхэмрэ адыгэ усэ гъэпсыкIэмрэ
20. Лъэпкъым и блэкIам, и нобэм, и къэкIуэнум теухуа гупсысэхэм Бещтокъуэ Хьэбас и поэзием щаубыд увыпIэр.
21. «Зи усэр гъащIэ уэрэд…» Бещтокъуэ Хьэбас и усэ циклхэр.
22. «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифым и дерсхэр.
23. Нэхъыжьхэмрэ щIэблэмрэ я зэхущытыкIэхэр лъэпкъ драматургием къызэрыхэщыр.
24. Анэм и образыр Дэбагъуэ М. и «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.
25. «Анэпсэ». Апхуэдэ фIэщыгъэцIэ зыхуэпщI хъуну хъыбар фи нэхъыжьхэм къевгъэIуэтэж.
26. УсакIуэм и тхыгъэхэу нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэрадзэкIахэр. Лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр гъунэгъу зэхуэщIынымкIэ зэдзэкIынытъэ лэжьыгъэм иIэ мыхьэнэр.
27. Бемырзэ Мухьэдин и усэбзэ къулейр.
28. Хэкум и образыр Ацкъан Р. и усэхэмкIэ къызэрыгъэлъэгъуар
29. Мыкъуэжь Анатолэ и поэзием адыгэ бзылъхугъэм и образым щиубыд увыпIэр.
30. Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэ лIыхъужьым я хьэл-щэныр.
31. Хэкум зэманкIэ уикIмэ, ар уигу иримыгъэхуну, уеплъым къару къыпхилъхьэну сыт здипшынт?

32. «Къыр лъагъуэ цIыкIухэр зэхогъуащэ», «жьыр къэшэсауэ къуэм долъадэ», «бысымым хьэщIэр и нэм хуехьыр» усэм щыщ сатырхэр хэту текст кIэщI зэхэфлъхьи, зэрыхэзагъэм феплъ.
33. КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр адыгэ лъэпкъым и «дэп жьэражьэу» зэрыщытым теухуа къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
34. «Гъуэгу утетыныр ар дунейщ» темэр КIыщокъуэм и усэхэм къызэрыхэщым теухуа къэпсэлъэныгъэ вгъэхьэзыр.
35. «Адыгэ хабзэр романым къызэрыхэщымрэ ди зэманым адыгэ хабзэм щыхуащI гулъытэмрэ фытепсэлъыхь.
36. Къашыргъэ ХьэпащIэ теухуа «Тхыдэм и лъэужьхэр зи Iэужь» эссе фтхы.

Требования к эссе:

Подготовка и публичная защита эссе способствует формированию правовой культуры у будущего бакалавра, закреплению у него знаний, развитию умения самостоятельно анализировать многообразные общественно-политические явления современности, вести полемику.

Введение эссе необходимо для обоснования актуальности темы и предполагаемого метода рассуждения. *Основная часть эссе* содержит рассуждения по теме, то есть раскрытие темы, ответ на поставленные вопросы, аргументы, примеры и так далее. Все существенное содержание работы должно быть изложено в основной части. *Заключение эссе* должно содержать выводы и рекомендации по выбранной теме исследования. Эссе должно отвечать требованиям читабельности, последовательности и логичности.

Общий объём эссе 5-7 листов (шрифт 14 Times New Roman, 1,5 интервал). Поля: верхнее, нижнее, правое, левое – 20мм. Абзацный отступ – 1,25; Выравнивание текста (по ширине страницы) необходимо выполнять только стандартными способами, а не с помощью пробелов. Размер текста в рисунках и таблицах – 12 кегль

Обязательно наличие: содержания (структура работы с указанием разделов и их начальных номеров страниц), введения (актуальность темы, цель, задачи), основных разделов, заключения (в кратком, резюмированном виде основные положения работы), списка литературы с указанием конкретных источников, включая ссылки на Интернет-ресурсы.

В тексте ссылка на источник делается путем указания (в квадратных скобках) порядкового номера цитируемой литературы и через запятую – цитируемых страниц. Уровень оригинальности текста – 60%

Критерии оценки эссе

(2 балла) ставится, если обучающийся сформулировал цель, задачу, актуальность темы, подчеркнул новизну, обосновал выбор темы, использовал обширный список использованной литературы. Дан анализ различных точек зрения на проблему. Тема раскрыта полностью.Работа написана грамотно, логика изложения не нарушена.

(1 балл) ставится, если работа частично отвечает требованиям оформления. Допущены фактические ошибки. Литература использована некорректно. Имеются ошибки в формулировке целей, задач, методов исследования. Отмечены случаи неправильной интерпретации проблемы, неточности в передаче точки зрения автора (ов).

(0 баллов) ставится, если не раскрыта тема. Работа не имеет структурированности, оформлена не по требованиям. Нет опоры на научные источники или она переписана без указания на источник. Обучающийся не понял проблему. Имеются существенные нарушения логической последовательности, языка изложения.

5.2. Оценочные материалы для рубежного контроля. *Рубежный контроль* осуществляется по более или менее самостоятельным разделам – учебным модулям курса и проводится по окончании изучения материала модуля в заранее установленное время. Рубежный контроль проводится с целью определения качества усвоения материала учебного модуля в целом. В течение семестра проводится ***три таких контрольных***

мероприятия по графику.

В качестве форм рубежного контроля можно использовать тестирование (письменное или компьютерное), проведение коллоквиума или контрольных работ. Выполняемые работы должны храниться на кафедре в течении учебного года и по требованию предоставляться в Управление контроля качества. На рубежные контрольные мероприятия рекомендуется выносить весь программный материал (все разделы) по дисциплине.

5.2.1. <u>Оценочные материалы для коллоквиума:</u> (***контролируемые компетенции*** **ОПК-3*):***

Вопросы, выносимые на коллоквиум

2 семестр

Коллоквиум №1

1. Литературэмрэ лъэпкъ ІуэрыІуатэмрэ. Художественнэ литературэмрэ гъуазджэмрэ (искусствэмрэ).
2. Адыгэ литературэр къызэрежьар, абы хэкІыпІэ хуэхъуа щхьэусыгъуэхэр. Лъэпкъ литературэм и къуэпсхэм зыщадз лъахэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ. Къэбэрдей-шэрджэс литературэмрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэмрэ: зэщхьу яхэлъымрэ зэрызэщхьэщыкІымрэ.
3. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэр: я ехъулІэныгъэхэмрэ къапэщыт къалэнхэмрэ.
4. Лъэпкъ литературэхэм я зэпыщІэныгъэхэр: тэрмэш лэжьыгъэр, абы пыщІа гугъуехьхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ.
5. Адыгэ литературэм и ехъулІэныгъэхэмрэ къыпэщыт къалэнхэмрэ.
6. Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуа тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр.
7. Лъэпкъ литературэм и псыпэр ежьэным ІуэрыІуатэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар, а Іуэхум урыс классикэ литературэмрэ къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я художественнэ щэнхабзэ къулеймрэ зэрыхэлІыфІыхьар.
8. ІуэрыІуатэмрэ автор зиІэ усыгъэмрэ. Адыгэ усакІуэ-джэгуакІуэхэм я усыгъэхэр ІуэрыІуатэ усыгъэм къыхэзыгъэщхьэхукІ нэщэнэхэр. Литературэр къежьэнымкІэ, зиузэщІынымкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэр.
9. Автор (жьабзэ) усыгъэр тхыбзэ литературэм зэрыхуэкІуар. Лъэпкъ тхыбзэм и тхыдэр: япэ алыфбейхэмрэ ахэр зэхэзылъхьахэмрэ. Щхьэзакъуэ алфбейхэмкІэ (Нэгумэ Ш., Берсей У., ХьэтІохъущокъуэ Къ., Тамбий П., Цагъуэ Н., Дым І., ПащІэ Б., нэгъуэщІхэри) тхауэ къэна (художественнэ) тхыгъэхэр, ахэр иджырей лъэпкъ алфбеймкІэ тхыжыным (транслитерацэ) елэжьахэр, абы и мыхьэнэр.
10. Адыгэ литературэр къэунэхунымрэ зэтеувэнымрэ, ІуэрыІуатэм къыдэкІуэу, хэкІыпІэ хуэхъуа щэнхабзэ унэтІыныгъэхэр. Япэ адыгэ узэщІакІуэхэр: лъэпкъыр щІэныгъэм и гъуэгум тешэным, тхыбзэрэ литературэрэ къахузэгъэпэщыным ехьэлІауэ абыхэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэшхуэр.
11. Таукъуэ Лъэпщыкъу. Тхыдэ къэхъугъэхэмрэ ІуэрыІуатэмрэ. «Къэбэрдей жэщтеуэм и уэрэд». Уэрэдым и тхыдэр, и зэхэлъыкІэр, и бзэр.
12. Абазэ Къамбот. «Пхъэм и дауэр», «Дзыгъуэжьищым я пшыналъэ», «Къамбот и тхьэусыхэ», «Бызыгыжьым и усэ», «Къамбот и мэкъуауэгъухэр ауан ещІ» усэхэр.
13. Агънокъуэ Лашэ. ІуэрыІуатэмрэ автор усыгъэмрэ. Агънокъуэ Л. и усэхэр адрей усакІуэхэм я усыгъэхэм къазэрыщхьэщыкІыр. УсакІуэм и образ къэгъэщІыкІэр, и усэ гъэпсыкІэр, и бзэр.
14. Мэсей Исуп. ДжэгуакІуэм теухуа псалъэ. Гъыбзэмрэ цІыхубэ уэрэдымрэ: «Къущхьэ Жамботрэ Екъубрэ я тхьэусыхэр» зыхыхьэ жанрыр. Гъыбзэр зытеухуа ІуэхугъуэхэР къыщыхъуа лъэхъэнэр. Лей зезыхьэм къызэрыщІэмыкІуэнур абы и гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар уи фІэщ зыщІ образхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ.
15. Мыжей Сэхьид и уэрэдхэмрэ («Уэдобнэ джабэ», «Нысашэ уэрэд») и усэхэмрэ («Ди анэжь», «Ди Іэнэжь», «Гъурагужь», «Къурмэн», «Сэхьид и къеблагъэ жыІэкІэ»,

«Дыщэхъан», «Анэшхуэр мэбзэрабзэ», «Молэм и уаз», «Лашын», «Аргъуей», «Сэхьид и гушыІэ»). Мыжейм С. и усэ гъэпсыкІэр: ІуэрыІуатэм и Іэмалхэр авторым къызэригъэсэбэпыр щІыкІэр. УсакІуэм и усэбзэр, авторыгъэ зыхэлъ усыгъэм ар зэрыпэгъунэгъур.

16. Сыжажэ Къылъшыкъуэ. ДжэгуакІуэм теухуа псалъэ. Сыжажэм и уэрэдхэр («ЦІыкІуэ къуий и уэрэд», «Куп Сурэт и тхьэусыхэ», «Астемырыкъуэм и уэрэд»). Усэхэр («Хуэмгъуэт и хъуэн», «Ашэбейм я хъуэн», «Нэф къэзыгъэщІри нэфщ», «ІэщІагъэ дахэ», «Тхьэусыхафэ», «Пхъум и хъуэхъу», «Ажэм игъэщтахэм я хъуэн», «Джэдым и хъуэхъу», «Къылъшыкъуэ хьэжрэтым зэрелъэІуар», «Гыбзэ»).
17. Иужьрей лъэпкъ усакІуэ-джэгуакІуэхэмрэ профессионал гъуазджэмрэ. Адыгэ усэ гъэпсыкІэмрэ Сыжажэм и усэ ухуэкІэмрэ: И гъащІэм щыщ теплъэгъуэхэр усакІуэм и усэхэм къыщигъэлъэгъуэжу зэрыщытар.
18. Уэкъуо. «Уэкъуо и усэ» усэр зытеухуар, и гъэпсыкІэр.
19. Выкхъэ Шухьиб. «КІэтІырэ», «ПащІэрывэ», «Ещрокъуэ и хъуэн» уэрэдхэр, жанркІэ ахэр зыщыщыр.
20. ПащІэ Бэчмырзэрэ лъэпкъ ІуэрыІуатэмрэ. Адыгэ литературэр зэфІэувэнымкІэ усакІуэм и творчествэм иІа мыхьэнэр. УсакІуэмрэ жылагъуэмрэ, усакІуэмрэ динымрэ, усакІуэмрэ щІыуэпсымрэ. ПащІэ Б. лъэпкъ литературэм и тхыдэм зэрыхэувэр.
21. ХьэхъупащІэ Амырхъан и усэхэр. Ахэр зытеухуамрэ къаІуатэ гупсысэхэмрэ. ХьэхъупащІэ А. и усэкІэм хэлъ гъэщІэгъуэнагъхэр. «Адыгэ усакІуэ-джэгуакІуэхэм я лІэужьщ» жыуигъэІэу, ХьэхъупащІэ А. и творчествэм хэлъ нэщэнэхэр, ауэ япэ итахэм къащхьэщыкІыу лъэпкъ прозэми абы хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІар.

Коллоквиум №2

1. Адыгэ узэщІыныгъэ лэжьыгъэр: абы и лъэхъэнэхэмрэ узэщІакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэмрэ.
2. Лъэпкъ узэщІакІуэхэм я ІуэхущІафэхэм теухуауэ щыІэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ ахэр зи ІэдакъэщІэкІхэжмрэ.
3. Нэгумэ Шорэ тхыдэ щІэныгъэм, бзэщІэныгъэм, литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр.
4. «Хъуэхъу» усэр, абы и тхыдэр, зытеухуар. Усэм и гъэпсыкІэм хэлъ ІуэрыІуатэ щэнхэр, цезурэм абы щигъэзащІэ къалэныр.
5. Берсей Умар. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
6. Япэ дыдэу адыгэбзэкІэ дунейм къытехьа тхылъым «Шэрджэс алыфбейм» (1855) ит тхыдэжьхэр (таурыхъхэр). Адыгэ ІуэрыІуатэмрэ къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я литературэмрэ къахихауэ тхылъым ихуахэр.
7. Берсей У. зэдзэкІакІуэ ІэкІуэлъакІуэу зэрыщытыр. Лъэпкъ литературэм щыяпэу абы зэридзэкІа къэжэр (перс) хъыбархэр.
8. ХьэтІохъущокъуэ Къазий. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ХьэтІохъущокъуэ Къ. зэдзэкІакІуэу зэрыщытыр.
9. Романтизмэм и жыпхъэм ит «Хъарзынэ» рассказыр: зытеухуар, къыщиІуатэ гупсысэр.
10. ХьэтІохъущокъуэ Къ. и «Хъарзынэ» рассказымрэ Къаз-Джэрий и «Къэжэр гушыІэ» рассказымрэ зэщхьыныгъэу яхэлъхэр, къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я ІуэрыІуатэм зэрыпыщІар.
11. «Къэбэрдей алыфбей» (1965) тхылъым ит псысэхэм узэщІыныгъэ къару яхэлъыр. ІуэрыІуатэм къыхиха хъыбархэмрэ езы узэщІакІуэм итхыжахэмрэ.
12. Тамбий Пагуэ. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Къэбэрдей азбукэ» (1906) тхылъым ит таурыхъхэр, лъэпкъ литературэм и тхыдэм дежкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэр.
13. Куп Исмэхьил-хьэжы. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. «Адыгэ жьыуэ» усэр. Лъэпкъыр узэщІынымкІэ, щІэныгъэм къыхэшэнымкІэ абы иІэ мыхьэнэр.
14. ШэкІыхьэщІэ Пщыкъан. И гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ЛэжьакІуэ цІыхур гъэлъэпІэныр, абы и щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр ШэкІыхьэщІэ П. и тхыгъэхэм я гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.
15. «Къуажэ молэжьхэм я уэрэд» усэр зытеухуар, езыр диным зэрыхущытыр абы къызэрыхэщыр. «Бэджрэ бадзэрэ» усэр. Басням и щэну усэм хэплъагъуэр.

ШэкIыхьэщIэм и усэхэм къыщигъэсэбэп тропхэр, абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэр. Силлабо-тоникэ усэ гъэпсыкIэм и Iэмалхэр япэу къэзыгъэсэбэпа адыгэ усакIуэхэм ар зэращыщыр.

16. Къаз-Джэрий СулътIан. И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
17. «ХьэжытIэгъуей ауз» гъуэгуанэ очеркыр.
18. Хъан-Джэрий СулътIан. И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. Романтизмэм и хабзэхэр лъэпкъ литературэм зэрыщызэфIэувар, абы и щэнхэмрэ и лъэпкъ плъыфэхэмрэ.
19. «Шэрджэс хъыбархэр» повестыр. IуэрыIуатэм къыхиха хъыбарым и фабулэр повестым лъабжьэ зэрыхуэхъуар. ТхакIуэм къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр.
20. КIашэ Адэлджэрий. И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
21. Реализмэм и гъуэгум япэу техьа адыгэ тхакIуэм и художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэр: «Абрэджхэр» повестыр, «Жиным и гъэсэн», «Пыпхэ», «МазитIкIэ къуажэм» рассказхэр, нэгъуэщIхэри.
22. КIашэ А.Ку. и публицистикэр. «Iуащхьэ щыгум» очеркыр. КIашэм и публицистикэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр.
23. Ахъмэтыкъуэ Къазбэч (Хьэжылъашэ Мухьэмэд-Бэч). И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ. ТхакIуэм и рассказхэр («Азэн джапIэм и щэху», «Жэнэт пщащэ», «ЩIыхьым папщIэ», «Гъуэгу зэхэкIыпIэ», «Пэжым и лъыхъуакIуэ», «Патриоткэ», нэгъуэщIхэри) зытеухуахэмрэ къаIуатэ гупсысэхэмрэ.
24. «Къалэн хьэлъэ» драмэр. Бгырысхэм къадекIуэкIыу щыта лъыщIэж хабзэмрэ драмэм и сюжетымрэ. Пьесэм и ухуэкIэр, зы Iуэхугъуэ шэщIам нэхъ пасэу къэхъуа Iуэхугъуэ зыбжанэ тхакIуэм зэрыхиухуанэр. Хьэжмырзэрэ Уэсмэнрэ я образхэр, абыхэм ягъуэт зыужьыныгъэр. Реализмэм и хабзэхэм тету адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я псэукIар пьесэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, абы и щапхъэхэр.
25. Ахъмэтыкъуэ Къ. и гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ очеркхэмрэ («Континент фIыщIэм», «Тыркум теухуа очеркхэр», «Иджырей Тыркур», «Зэман хьэлъэхэр», «Бгыхэм я хъуэпсапIэр», нэгъуэщIхэри).
26. XIX лIэщIыгъуэм – XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм адыгэ литературэм иIа щытыкIэр. Ар къэунэхуныр зэрекIуэкIар, лъэпкъ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм я тхыгъэхэр дунейм къызэрытехьа, хъума зэрыхъуа щIыкIэхэр.
27. Алыфбей зэхуэмыдэхэмкIэ тхауэ щыIэ художественнэ текстхэр зэхуэхьэсыжыным, джыжыным, иджырей адыгэ алыфбеймкIэ къыдэгъэкIыжыным елэжьа щIэныгъэлIхэр, абыхэм я фIыщIэр.
28. Лъэпкъ щэнхабзэм, абы щыщу литературэм и тхыдэм усакIуэ-джэгуакIуэхэмрэ узэщIакIуэхэмрэ щаубыд увыпIэр. Хэкурыс адыгэ щIэныгъэлIхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр.
29. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм Къэбэрдейм, Тыркум, Сирием адыгэбзэкIэ къыщыдэкIыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ. Литературэм зиужьынымкIэ абыхэм ягъэзэщIа къалэнхэр.

Коллоквиум №3

1. XX лIэщIыгъэуэм и япэ илъэсипщIитIым Урысей империемрэ Къэбэрдеймрэ къыщыхъуа тхыдэ, цIыхубэ-политикэ зэхъуэкIыныгъэхэр. цIыхухэр егъэджэным, пэщIэдзэ еджапIэхэр къызэIухыным теухуауэ лъахэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэр.
2. Капитализмэм и хабзэхэр, абы къигъэщI зэхущытыкIэщIэхэр адыгэхэм я дежи къызэрысар: Урыс-япон зауэр, Япэ дунейпсо зауэр, Дзэлыкъуэ зыкъыIэтыныгъэр, нэгъуэщIхэри.
3. Лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэр а тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм зэрахущытар.
4. Хэхэс адыгэхэм я макъ («Гъуазэ» газетымкIэ) хэкурыс адыгэхэм я деж къэIус зэрыхъуар.

5. Я лъэпкъэгъухэр щIэныгъэм и гъуэгум трашэн мурадкIэ Тыркум щыIэ адыгэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Хэкужьым къагъэкIуэжу зэрыхуежьар (Цагъуэ Н., НэгъущI С., нэгъуэщIхэри).
6. Бытырбыху, Москва, Киев, Истамбыл, Каир, Краков, нэгъуэщI къалэшхуэхэм щеджауэ къэзыгъэзэжа адыгэ интеллигенцэр. Лъэпкъыр зэрыкIуэну гъуэгур къыхэхыным ехьэлIауэ абыхэм яIа Iуэху еплъыкIэхэр, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.
7. Лъэпкъ щIэныгъэм и къежьапIэ, и купсэ Бахъсэн зэрыхъуар, абы и щхьэусыгъуэхэр. «Цагъуэ Нурий и университетыр», лъэпкъ еджакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.
8. «Адыгэ макъ» газетыр адыгэбзэкIэ къыдэкIыу зэрыщIидзар. Литературэмрэ тхылъеджэмрэ зэлъэIэсу, зэрыубыду зэрыхуежьар, лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ зиужьынымкIэ абы иIа мыхьэнэр. Газетымрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ, абы япэу къытрадза хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ.
9. Адыгэхэм я зэхэщIыкIым зиужьыным «Гъуазэ» (Истамбыл), «Адыгэ макъ» (Бахъсэн) газетхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр. Бахъсэн щIэныгъэ купсэм (центрым) и къызэгъэпэщакIуэхэр.
10. Дым Iэдэм. и гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ.
11. Дым I. и «Псалъэ пэжхэр», усэхэу «ЩэныфIэ цIыкIум жиIар», «Нажьмэ». Прозэу тха тхыгъэхэр. «Щэнгъасэ» тхылъыр (1918). Тхыгъэр зыхуэгъэзар, ар зэрызэхэт эссе, рассказ кIэщIхэм я сюжетым лъабжьэ хуэхъуар. Дин щIэныгъэмрэ Дым I. и Iуэху еплъыкIэхэмрэ. ЩIэблэр гъэсэным, щIэныгъэм и IэфIыр зыхегъэщIэным теухуауэ «Щэнгъасэ» тхылъым иIэ мыхьэнэр.
12. Цагъуэ Нурий. И гъащIэмрэ и щIэныгъэ, литературэ лэжьыгъэхэмрэ.
13. Цагъуэ Н. и публицистикэр, лъэпкъ тхыдэм теухуа и тхыгъэхэр, итхыжа таурыхъхэр. Цагъуэмрэ «Гъуазэ» газетымрэ. Хэкур зыбгынэу Тыркум Iэпхъуэ адыгэхэм яхуэгъэзауэ 1911–1914 гъэхэм публицистым итха тхыгъэхэр. «Хьэишэт гуащэм и щытхъу» (1917), «Муслъымэн тхыдэ» (1918), «Адыгэ тхыдэ» (1918) тхылъхэр. Дин щIэныгъэмрэ Цагъуэм и дуней еплъыкIэхэмрэ.
14. Лъэпкъыр зэреджэну тхылъхэр гъэхьэзырым («Тхыбзэ» букварыр), IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжым, къытедзэным я IуэхукIэ Цагъуэ Н. зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр. Иджырей адыгэ литературэм (языныкъуэхэм зэрыжаIэу «адыгэ литературэщIэм») и къежьапIэу Бахъсэн щэнхабзэ купсэр къыщIалъытэр, абы и щхьэусыгъуэхэр.
15. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм лъэпкъ щэнхабзэр щытыкIэ гугъум зэритар.
16. Гуанэ Зулкъарнен и «Хъуэхъу» усэр;
17. КIурашын Мухьэмэд и «Ущие усэ», «Уэ си къуэшу муслъымэнхэ» усэхэр;
18. ЩэрэлIокъуэ Талъостэн. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ. ЩэрэлIокъуэ Т. итхыжа таурыхъхэр, и усэхэр («Гъатхэпэ», «ЦIыхур», «Шэрэдж ауз», «Мазэ», «Гугъэ», «Кавказ дахэ»).
19. ЩэрэлIокъуэм и драмэ лэжьыгъэхэр: «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Кушыкурэ абы и къэшэнымрэ». Пьесэхэр зытеухуар, лъэпкъ драматургием и япэ лъэбакъуэу ахэр зэрыщытыр. Пьесэхэм яхэлъ фIагъымрэ драматургым къемыхъулIахэмрэ.
20. Лъэпкъ усыгъэр зэрыкIуэну гъуэгур зыубзыхуахэр: Къылышбий Исмэхьил; ЩоджэнцIыкIу Алий.
21. Къылышбий И. и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ.
22. «IуэдыщэI» усэр. Лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ я сурэту усэр зэрыщытыр, усакIуэр адыгэм и тхыдэм зэрыхущытыр, къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр (зэгъэпщэныгъэр, антитезэр, н.).
23. «IуэдыщэI» усэм и тхыдэр, ар лъэпкъ поэзием и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу зэрыщытыр.
24. ЩоджэнцIыкIу А. и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ.
25. УсакIуэ ныбжьыщIэм и япэ усэхэр: «Тырку хадэм», «Жынгызмэ я нып фIыцIэжьыр», «Нанэ». Лъэпкъым и нобэрей махуэм усакIуэр зэригъэпIейтейр, абы и къэкIуэнум

зэрыщыгугъыр. Адыгэм гъуазэу иІэпхъэу усакІуэм къилъытэхэр. Романтизмэм и жьауэм щІэту тха усэхэм тхылъеджэр зыхураджэр, зыщІагъэхъуэпсыр.

26. Анэмрэ лъахэмрэ усакІуэм яхуиІэ гурыщІэр, ар къызэриІуатэ литературэ Іэмалхэр. ЩІагъыбзэр усакІуэ ныбжьыщІэм къызэригъэсэбэпыр, ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм а Іэмалым тырку, хьэрып усакІуэхэр хуекІуэу зэрыщытар. ЩоджэнцІыкІум и япэ усэхэр лъэпкъ лирикэм и къежьапІэу къызэрылъытапхъэр, абыкІэ тегъэщІапІэ щІыпхъэхэр.
27. Адыгэ литературэр къэунэхуным, псыпэ Іумахуэу ежьэным сэбэп хуэхъуа тхыдэщэнхабзэ Іуэхугъуэхэр. И гуащІэр къызэхих къигъэхъуапІэ нэхъыщхьэу лъэпкъ ІуэрыІуатэр щытми, адыгэ литературэр зэфІэувэным нэхъ зызыужьа лъэпкъхэм я щэнхабзэр зэрыхэлІыфІыхьар.

3-й семестр

Коллоквиум №1

1. ХХ лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыщыхъуа Іуэхугъуэхэр. Лъэпкъхэм тхыбзэрэ литературэрэ къахузэгъэпэщыным теухуауэ къэралым щекІуэкІа лэжьыгъэхэр.
2. ХХ лІэщІыгъуэм и 20-30 гъэхэм адыгэбзэкІэ къыдэкІыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ. Лъэпкъ литературэм зиужьынымкІэ абыхэм яІа мыхьэнэр.
3. Адыгэ лирикэм и япэ лъэбакъуэхэр, абы и зыужьыныгъэр зи фІыщІэ усакІуэхэр.
4. ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
5. Хьэхъупащ Іэ Амырхъан и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
6. Нало Жансэхъу и гъащІэмрэ и литературэ, щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.
7. Япэ адыгэ лъэпкъ повестхэр. Жанрым зезыгъэужьа тхакІуэхэр.
8. ЩоджэнцІыкІу Алий и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
9. ЩоджэнцІыкІу Алий и рассказхэр. Лъэпкъ прозэм абыхэм щаубыд увыпІэр.
10. ЩоджэнцІыкІу Алий и публицистикэ тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуамрэ къызыхураджэмрэ.
11. ЩоджэнцІыкІу Алий и «Мадинэ» поэмэм хэт персонажхэр, абыхэм я гурыщІэхэр усакІуэм къызэригъэлъагъуэ щІыкІэр.
12. ЩоджэнцІыкІу Алий и поэмэхэр, художественнэ и лъэныкъуэкІэ абыхэм усакІуэм къыщехъулІахэмрэ хэлъ ныкъусаныгъэхэмрэ.
13. ЩоджэнцІыкІу Алий «Къамботрэ Лацэрэ» романым щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ и художественнэ гъэпсыкІэмрэ.
14. ЦІыхубэ уэрэдхэмрэ автор зиІэ уэрэдхэмрэ (ЩоджэнцІыкІу А., Къэжэр И., нэгъуэщІхэри) 30 гъэхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.
15. Адыгэ литературэр 30 гъэхэм. Соцреализмэм и хабзэхэмрэ методхэмрэ убзыхуа зэрыхъуар. Абы и жыпхъэм ит япэ адыгэ художественнэ тхыгъэхэр.
16. Лъэпкъ драматургиер 30 гъэхэм: пьесэхэм я сюжетхэр, художественнэ конфликтыр, зыхуэлажьэ мурадыр.
17. Политикэ залымыгъэм и илъэсхэмрэ адыгэ литературэмрэ.

Коллоквиум №2

1. Хэку зауэшхуэмрэ лъэпкъ публицистикэмрэ.
2. Теунэ Хьэчим и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
3. Теунэ Хьэчим «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакІуэхэмрэ» литературэ щІэныгъэ лэжьыгъэр.
4. Тхыдэ-революцэ тематикэр зи лъабжьэ япэ лъэпкъ прозэр: лъэхъэнэм и лІыхъужьыщІэхэм я шыфэлІыфэхэмрэ я хъуэпсапІэхэмрэ.
5. Лъэпкъ драматургиер 1945-1950 гъэхэм.
6. Лъэпкъ усыгъэр зауэ нэужь илъэсхэм.
7. КІуащ БетІал и поэмэхэр: тематикэмрэ гъэпсыкІэмрэ хэлъ къыщхьэщыкІыныгъэхэр.
8. КІуащ БетІал лъэпкъым, лъахэм теухуа и усэхэр.
9. «Къэбэрдей» альманахыр, адыгэ литературэм зиужьынымкІэ абы иІа мыхьэнэр.

Коллоквиум №3

1. Акъсырэ Залымхъан и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
2. Акъсырэ Залымхъан и тхыдэ драмэхэр. Тхыдэм и пэжыр тхакIуэм къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр.
3. Къущхьэ СулътIан и рассказхэмкIэ лъэпкъ прозэм къыхилъхьа унэтIынытъэщIэхэр.
4. Къущхьэ СулътIан и «Анэ» рассказыр зытеухуамрэ хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.
5. Шортэн А. и пьесэхэр, абыхэм лъэпкъ драматургием щаубыд увыпIэр.
6. Лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ: Сокъур М. и «ЛIыпIэ иувэныгъэ» лэжьыгъэр.
7. Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» романыр: тхыдэ къэхъугъэхэм абы щаубыд увыпIэр, персонажхэр.
8. Къашыргъэ ХьэпащIэ «Насыпым и хэкIыпIэ» и романым къыщыгъэлъэгъуа лъэхъэнэр; тхыгъэм и образ системэр.
9. КIыщокъуэ Алим «Шум и гъуэгу» и усэ тхылъыр: зауэ, граждан лирикэр.
10. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Софят и гъатхэ» повестыр: лъэхъэнэр, лIыхъужьхэр, гупсысэ нэхъыщхьэр.
11. Щомахуэ Амырхъан. УсакIуэм и сабий усэхэр. Лъэпкъ сабий литературэм зиужьынымкIэ абыхэм яIа мыхьэнэр.
12. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
13. Уэхъутэ Абдулыхь и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
14. 50 гъэхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа тхакIуэхэр: «IувыкIыжыгъуэ» («оттепель») лъэхъэнэм и нэщэнэхэр зыхэплъэгъуэ тхыгъэхэр.

4-й семестр

Коллоквиум №1

1. Совет къэралым 50-60 гъэхэм къыщыхъуа политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ зэхъуэкIыныгъэхэр.
2. Адыгэ прозэр 60 - 80 гъэхэм. Абы къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.
3. Теунэ Хь. и романхэр.
4. Анзор Мухьэмэд и «Атэлыкъым и лъэужьыр» повестыр.
5. 60 - 80 гъэхэм лъэпкъ поэзием игъуэта зыужьыныгъэр.
6. Къэрмокъуэ М. «Щихухэр иджыри мэкI» и повестыр.
7. Лъэхъэнэмрэ къуажэ интеллигенцэмрэ.
8. КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр.
9. 60 гъэхэм я япэ илъэсипщIым лъэпкъ литературэм къыхыхьа тхакIуэхэмрэ абыхэм я тхыгъэхэмрэ.

Коллоквиум №2

1. КIэрашэ Т. и тхыдэ повестхэр.
2. КIэрашэ Т. и «Шу закъуэ» романыр.
3. Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» тхыдэ романыр.
4. Мэлбахъуэ Елберд и «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур» романыр.
5. УрысыбзэкIэ тхэ адыгэ тхакIуэхэр, абыхэм я художественнэ тхыгъэхэр.

Коллоквиум №3

1. КIыщокъуэ Алим и творческэ гъуэгуанэм и лъэхъэнэхэр.
2. КIыщокъуэ Алим и «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» роман-трилогиер.
3. КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр.
4. КIыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэр.
5. КIыщокъуэ А. гъуэгуанэ очеркхэр.
6. КIыщокъуэ А. и рассказхэмрэ новеллэхэмрэ.

5-й семестр

Коллоквиум №1

1. КIыщокъуэ А. и граждан лирикэр.
2. КIыщокъуэ Алим и лъагъунытъэ лирикэмрэ уэрэдхэмрэ.

3. КІыщокъуэ А. Хэкум, лъахэм теуху и лирикэр.
4. КІыщокъуэ А. и драмэ лэжьыгъэхэмрэ гъуэгуанэ очеркхэмрэ.
5. КІыщокъуэ А. и поэмэхэр.
6. Лирическэ повестхэр. Жанрым и лІэужьыгъуэхэр.
7. Журт Б. и «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр.

Коллоквиум №2

1. ЩоджэнцІыкІу І. и усэхэр.
2. ЩоджэнцІыкІу І. и «Уи цІэр фІэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху» повестхэр.
3. ЩоджэнцІыкІу І. и сонетхэр.
4. Дыгъужь Къу. ТхакІуэм и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
5. Адыгэ усыгъэр ХХ лІэщІыгъуэм и 60-80 гъэхэм.
6. Автобиографие тхыгъэхэр. Журт Б. и сабий повестхэр.
7. Бещтокъуэ Хь. и лирэ-эпикэ тхыгъэхэр. УсэбзэкІэ тха «Мывэ лъэхъэнэ» романыр.
8. Бещтокъуэ Хь. и усэ циклхэр.
9. Тхьэгъэзит З. и усэхэр.

Коллоквиум №3

1. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ лъэпкъ литературэм и жанр кІэщІхэмрэ.
2. Экзистенциализмэм и щэнхэр зыхэплъагъуэ лъэпкъ прозэр.
3. Лъэпкъ литературэ щІэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ.
4. ІутІыж Б. и драмэ лэжьыгъэхэр.
5. Лъэпкъ комедиографием ІутІыж Б. хуищІа хэлъхьэныгъэр.

6-й семестр

Коллоквиум №1

1. ЦІыхубэм, лъэпкъым къыдекІуэкІ лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр адыгэ прозэм тепщэ щыхъуныр: цІыхумрэ тхыдэмрэ, цІыхумрэ щІыуэпсымрэ.
2. Тхыдэ Іуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар.
3. Кавказ зауэмрэ ИстамбылакІуэмрэ, «залымыгъэ илъэсхэмрэ» Хэку зауэшхуэмрэ, адыгэм и блэкІа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр.
4. Этнографиер, тхыдэ къэхъукъащІэхэр зи лъабжьэ прозэр.
5. МафІэдз Сэрэбий и тхыдэ прозэр: «ЩІакІуэ фІыцІэ», «ХьэщІэ махуэ», «Шыдыгъу» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр.
6. ШэджыхьэщІэ Хьэмыщэ и прозэ тхыгъэхэр, абыхэм я къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэхэр.
7. Иджырей лъэхъэнэмрэ цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэмрэ «Гум псори къонэ» романым зэфІэха зэрыщыхъур, тхакІуэм и Іуэху еплъыкІэхэр.
8. ЛъэпкъІуэрыІуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ.
9. Тыуаршы А. и прозэ тхыгъэхэр: «Сэтэнейр къэгъагъэмэ», «Нобэ е зэи» романхэр, «Дыщэ бгырыпх» повестыр, рассказхэр.
10. Тхыдэ къэхъукъащІэхэмрэ гурыщІэ щабэхэмрэ щызэхэухуэна тхыгъэхэр. «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр.

Коллоквиум №2

1. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и документальнэ, лирическэ повестхэр: «ЛІыхъужьым и гъуэгу», «Щихухэр иджыри мэкІ», «ЦІыхухъу нэпс», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ», нэгъуэщІхэри.
2. 80-90 гъэхэм «къалэ» литературэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр: купщІэншэ гъащІэмрэ купщІэншэ тхыдэмрэ ехьэлІауэ щыІэ Іуэху еплъыкІэхэр.
3. ЦІыхухэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэм, я псэукІэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр.

4. Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр, напэм и тезыр зытелъ, зи гъащIэ гурыгъыр ижа цIыхум и дунейр.
5. Елгъэрым и повестхэу: «Жэщ дыгъэ», «Мэз бгъуэщIым», «Лъагъунытъэм и бзэ», «ШейтIан къафэ» зытеухуамрэ абыхэм къыщигъэщI образхэмрэ.
6. Елгъэр К. и «Щыуагъэ» романыр.
7. «ГъащIэм и гъуазэр» зыфIэкIуэда цIыхухэм я образхэр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр. Къанкъул Заур «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр.
8. IуэхуеплъыкIэ зэхьэлIэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлIэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщIыныр. Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КIэрэф М., ШэджыхьэщIэ Хь., КхъуэIуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэIупщы М., Мыз А. сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.
9. ЦIыхум и хъуэпсапIэмрэ ар зыхэпсэукI дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр.
10. ГурыщIэ хэIэтыкIахэмкIэ гъэнщIа тхыгъэхэр, апхуэдэ лIэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкIыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, н.).
11. 80-90 гъэхэм адыгэ усыгъэр зытета литературэ унэтIынытъэхэр, нэхъыбэу къиIэта тематикэр, къиIуэта гупсысэхэр.
12. Идеологие зэхуэмыдэхэм Iэнкун ящIа усыгъэр (ЩоджэнцIыкIу I., Нало З., Къагъырмэс Б., КIэмыргуей Т., н.).
13. «УсыгъэIущкIэ (интеллектуальнэкIэ)» зэджэ, философие гупсысэ куухэм тещIыхьа поэзием и гъунапкъэхэм совет нэужь лъэхъэнэм зэрызахъуэжар.
14. Бицу Анатолэ и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, абыхэм яIэ ущиныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр.
15. Адыгэ литературэбзэм зэрызиужьам и щапхъэхэр щынэралъагъу усыгъэр. Уэрэзей Афлик («ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «IуащхьэжЬ», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр).
16. Социальнэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу зэрыхъур, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр абы зэрихъуэжым теухуа лъэпкъ усыгъэр.
17. Лъэпкъым хуэпэжыным, хуэлэжьэным, абы и бзэр, и хабзэр хъумэным къыхуезыджэ (патриотыгъэ зыхэлъ) адыгэ усыгъэр.
18. Лъэпкъ тхыдэм, абы и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуа усыгъэр.
19. УсакIуэ щIалэхэр нэхъ зыхуэусэ, ягъэлъапIэ темэхэр.

Коллоквиум №3

1. Сабий литературэм игъэзащIэ къалэнхэр.
2. Лъэпкъ сабий литературэр зэрызэфIэувар, абы къикIуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм сабийхэм псэемыблэжу хуэлэжьа тхакIуэ пажэхэр.
3. Дахагъэр, анэдэлъхубзэм и IэфIыр ныбжьыщIэм зыхегъэщIэным хуэгъэпсауэ иужь илъэсхэм къыдэкIа сабий тхылъхэр.
4. Адыгэ сабий литературэм и нобэрей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр.
5. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургием къыхэхъуа лэжьыгъэщIэхэр, ахэр нэхъыбэу зытеухуар, жанрхэм я зэхущытыкIэр.
6. Лъэпкъ комедиографием зыужьыныгъэ нэхъ щIигъуэтам и щхьэусыгъуэхэр.
7. ДызыхэпсэукI гъащIэм и теплъэгъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа драмэ лэжьыгъэхэр.
8. Лъэпкъ литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIынымкIэ, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэрыщIэнымкIэ зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм иIэ мыхьэнэр.
9. ХамэбзэхэмкIэ хэхэс адыгэхэм къагъэщIа художественнэ хъугъуэфIыгъуэр хэкурыс адыгэхэм я щэнхабзэм къыхэлъхьэжыныр совет нэужь лъэхъэнэм къалэн хэха зэрыхъуар, абыкIэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зыщIа зэдзэкIакIуэхэр.
10. ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр, ахэр зэфIэха хъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр.

11. Лъэпкъ литературэдж-щIэныгъэлIхэмрэ критикхэмрэ я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.
12. ХамэбзэкIэ художественнэ тхыгъэхэр къэгъэщIыным и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр.
13. Зыщыщ лъэпкъкIэ адыгэу, ауэ урысыбзэкIэ тхэ тхакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр.
14. XX лIэщIыгъуэм и кIэхэм литературэр лIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкI зэрыхъуар, абы и плъыфэхэр.
15. Беллетристикэмрэ иджырей литературэ щIэныгъэмрэ.
16. Иджырей зэманым лъэпкъ литературэм и пащхьэ къиувэ къалэн нэхъыщхьэхэр.

Методические рекомендации по подготовке к сдаче коллоквиума

Подготовка к коллоквиуму начинается с установочной консультации преподавателя, на которой он разъясняет развернутую тематику проблемы, рекомендует литературу для изучения и объясняет процедуру проведения коллоквиума. Как правило, на самостоятельную подготовку к коллоквиуму студенту отводится 3-4 недели. Методические указания состоят из рекомендаций по изучению источников и литературы, вопросов для самопроверки и кратких конспектов ответа с перечислением основных фактов и событий, относящихся к пунктам плана каждой темы. Это должно помочь студентам целенаправленно организовать работу по овладению материалом и его запоминанию. При подготовке к коллоквиуму следует, прежде всего, просмотреть конспекты лекций и практических занятий и отметить в них имеющиеся вопросы коллоквиума. Если какие-то вопросы вынесены преподавателем на самостоятельное изучение, следует обратиться к учебной литературе, рекомендованной преподавателем в качестве источника сведений.

Коллоквиум проводится в форме индивидуальной беседы преподавателя с каждым студентом или беседы в небольших группах (2-3 человека). Обычно преподаватель задает несколько кратких конкретных вопросов, позволяющих выяснить степень добросовестности работы с литературой, проверяет конспект. Далее более подробно обсуждается какая-либо сторона проблемы, что позволяет оценить уровень понимания. По итогам коллоквиума выставляются баллы.

По результатам сдачи обучающимися коллоквиума выносятся следующие оценки (от нуля до 6 баллов; за семестр – 18 баллов):

Критерии оценивания:

«6 б.» ставится, если:

обучающийся демонстрирует полные и глубокие знания теоретического материала курса, умеет логично и последовательно разъяснить смысл своего ответа, доказать необходимость использования тех или иных теоретических положений, аргументированно и корректно отстаивает свою позицию, во всех случаях способен предложить альтернативные варианты решения проблемы.

«5 б.» ставится, если:

обучающийся дает исчерпывающие ответы на вопросы, приводит свои примеры к языковым явлениям, владеет в полной мере метаязыком дисциплины, в предложенном разборе не допускает ошибок.

«3 б.» ставится, если:

обучающийся демонстрирует знание теоретического материала, но применение теоретических положений на практике вызывает некоторые затруднения, связанные с аргументацией своей позиции. Основные требования к заданию выполнены. В принципе способен предложить альтернативные варианты решения проблемы.

«2 б» ставится, если:

обучающийся обладает знанием необходимого минимума теоретического материала, способен дать ответ не менее, чем на 50% поставленных заданий, но не способен аргументированно излагать свою позицию, не может последовательно изложить суть решения.

«1б.» ставится, если:

обучающийся не обладает в достаточном объёме знанием теоретического материала и не может решить практические задания.

